# МасихIихъе нух ЦIалдолиде ХитIаб

Инсаниятальул рухIияб рахъ борчIизабиялъе ва борхизабиялъе хIа-къикъаталдаги квербакъи гьабулел киналго тIахьазда гьоркьор гIемер ратуларо «МасихIихъе нух» тIехьгIан чIахIиял тиражаздалъун ва батIи-батIиял мацIазда къватIире риччарал тIахьал. Гьелъ асар гьабуна, дунялалъул бищунго рикIкIадал бакIазда ругелгицин киналгоязде гIунтIун улкабаздаса, жидер гIакълу-пикру камилал гIемерал гIадамазе. {МЦ 3.1}

Гьаб тIехьалъул автор Елена Г. Уайт (1827-1915 сс.) жиндир заманалда диниял гIадамазда гьоркьой машгьурлъун йикIана лъабго континенталда жинца рухIияб хъулухъ гьабурай хъвадарухъан ва вагIзачIужу гIадин. Гьей гьаюна ва гьелъул гIолохъанлъи ана СШАялъул севериябгун бакъбаккул бутIаялда бугеб Мэн штаталда. Хадусел соназда гьей гIемер хьвадизе ккана цогидал штатаздеги. 1885-1887 соназда гьелъ яшав гьабуна ва хIалтIана БакътIерхьул Европаялъул чанго улкаялда. Гьений хъвадарухъаналъулаб хIаракатчилъиялда гIей гьабун чIечIого, цIакъго цIикIкIун гIадамал ракIарарал бакIазда гьей гIемер цее яхъунаан намус-яхIалъул, рухIияб ра-хъалъул ва бацIцIадаб гIумруялъул бицине. Гьелдаса хадуб гьелъ ичIго сон бана Австралиялда ва ЦIияб Зеландиялда. Гьелъ хъвана диналъул, лъай кьеялъул, сахлъиялъул, хъизаналъулаб гIумруялъул ва практикияб христианлъиялъул суалаздасан гIемерал тIахьал ва макъалаби. Гьелъул гIемерисел тIахьал гIурус мацIалде руссинарун руго. Гьезда гьоркьоса бищунго тIибитIараб ккола «МасихIихъе нух». {МЦ 3.2}

ТIехьалъул магIнаялъул бицунеб буго гьелъул цIаралъги. Жакъа эркенлъи цIикIкIун щун бугелъул, нилъер улкаялдаги цIакъго гIемерал гIадамазе рес ккун буго Хвасар Гьарулес инжилалда: «Дихъе рачIа», - ян гьабураб ахIи рагIизе. Фомада (МасихIил тIоцересел чапарзабазул цояв) цадахъ гIемерисел хIадур руго: «Нижеда нух кин лъалеб?», - ан гьикъизе. Гьаб тIехьалъул гьурмазда гIадатго ва баянго бихьизабун буго Аллагьасухъе рачунеб нух. ЦIалдолесул бер буссун буго ГIиса МасихIидехун. ЦохIо гьесда кIола балагьулеб бугесул киналго тIалабал тIуразаризе. Авторас гьира-шавкъалда кумек гьабулеб буго божун гьечIесе ва щакдарулев вугесе, гьесда жив ракълиде ва Аллагьасулгун цадахъаб гIумруялде вачунеб нух бихьизе. Гьанир кьун ругел гIакълабиги гIадахъ росун ани, хIакъикъат балагьизе ва гIамал-хасият камиллъизе бокьаравщинав чиясда кIола христиан диналда рекъараб гIумруялъул нухдасан, цоялда хадуб цоги гали чIун, бергьенлъиялде щвезе. Гьеб ккола нилъ рижарав ва нилъер мунагь чурарав ТIадегIанасул кверщел жинда тIад букIиналъе тIубанго мукIурлъиялъул хIасил. {МЦ 3.3}

Гьаниб бихьизабизе ккола гьаб тІехь тІоцебе 1892 соналда къватІибе биччан букІанилан. Гьелъул тІоцересел цІалдолеллъун рукІана христианазул улкаби абулел бакІазда яшав гьабурал гІадамал. Гьел нилъедаса гІемерго талихІал рукІана, гьезул гІакълу-пикруялда гьанже гІадин цІикІкІун щакдариялъул кьаву чІван букІинчІелъул. Аллагьасул рахъалъ бицунебщинабги Библиялъул щибго тІад калам гьечІеб къадру-къиматги гъорлъе бачун, гІемерисеб жо гьезие лъугьун букІана унго-унгояб хІакъикъатлъун. Долдаса хадуб гІемераб жо хисана диналдехун гІадамазул гьоркьоблъиялъул. ГІемерисезул божи хвана, диналдехун гуребгицин. Амма гьеб, гьайгьай, христиан диналъул, гІасрабаз щулалъарал кьучІал, цо лъидаялиго щущазаризе кІвеялдалъун ккечІо. Гьедин ккечІо. Гьеб лъугьана инсанасе хасиятаб къагІидаялъ цІидасан пикраби гьариялъул, гъалатІазул ва щакдарабазул хІасилалда. МасихІил дин ва Гьесул иш нилъер къоязда жеги къуватаблъун ва тІаде ракІ цІалеблъун лъугьана. Гьелъ хІехьана ахирал анцІ-анцІ соназул захІматал хІалбихьиял. {МЦ 4.1}

Издателал

# Инсанасдехун Аллагьасул рокьи

ТIабигIаталъ ва балъголъи рагьиялъ бащадаб къадаралда нугIлъи гьабула Аллагьасул рокьуе. Нилъер Зобалазул Эмен ккола гIумруялъул, гIакъиллъиялъул ва рохелалъул иццлъун. Нуж балагье тIабигIаталъул гIажаибал ва гьайбатал суратазухъ. Ургъун пикру гьабе, гIицIго инсанасе гуребги, киналго рухIчIаголъабазеги пайдаялъе ва талихIалъе хIикматаб къагIидаялъ кинабго цебеккунго рекъе-решезабун бугеб куцалъул. Ракь бохизабулеб ва гвангъизабулеб бакъул канлъи ва цIад, мугIрул, ралъадал ва гIатIидал авлахъал - гьеб киналъго бицуна нилъеда Жинца Рижарасул рокьул хIакьалъулъ. Гьеслъидалха тIуразарулал Жинца рижаралщиназул киналго хIажалъабиги тIалабалги. Туркаби хъварас гьелъул хIакъалъулъ цIакъ берцинго бицун буго: {МЦ 5.1}

> «Киназулго берал Дудехун руссун руго, ва Дуца жиндир заманалда гьезие кьола гьезул квен; Дуца квер рагьула ва Дур лъикIлъиялдалъун гIорцIизабула кинабго рухI бугебщинаб» {МЦ 5.2}

Аллагьас инсан вижана тIубанго вацIцIадавлъун ва талихIавлъун, ва Жинца Рижарасул квердасан бижараб ракь букIана гьайбатаб; гьелда тIад загьирлъун букIинчIо я туриялъул лъалкI, я нагIанаялъул рагIад. Аллагьасул къанун - рокьул къанун хвезабиялъ босун бачIана ракьалде къварилъи-гIазабги хвелги. Амма мунагь сабаблъун бижараб къварилъи -гIазабалъулъгицин загьирлъулеб буго Аллагьасул рокьи. Хъван буго, Аллагьас ракьалъе нагIана кьунила инсанасе лъикIлъиялъе гIоло. (Быт 3:17) Заз-хъархъилги, хIалтIулги, тIалаб-агъазалъулги цIураб гIумруялде инсан ккезаврал захIмалъабиги къварилъабиги рукIана гьесие лъикIлъиялъе би-хьизабураб, мунагьалъул хIасилалдаса - тIубанго тIагIиналдаса ва паналъиялдаса инсаният хвасар гьабиялъе Аллагьас ургъаралъулъ букIараб тарбия кьеялъул ишалъул цо бутIалъун. Мунагьазул цIураб дунялалдагицин гIицIго пашманлъиялъ ва гIазаб-гIакъубаялъ гурелъулха ханлъи гьабулеб бугеб. Жибго тIабигIаталъулъ буго хьулалъул ва ракI гIодобе биччазабиялъул ру-гьел. Зазида тIадги рижула тIугьдул, зазил цIурал гIаркьалабазда тIад бижула роза тIегь. ГъотIол щибаб гIекIалда, харил щибаб сумалда тIад хъван буго: «Аллагь ккола рокьи», - абун. Дунялалъе аваданал бакънал рачунел хIикматал хIанчIаз, кьеразул рахъалъ чIурканал ва гьайбатаб рахъалъ камилал, берцинал махIазул тIугьдуз, рохьор рижарал, гIурччинал тIанхал тIад гьарзаял, цIакъго чIахIиял гъутIбуз - гьеб киналъго нугIлъи гьабула нилъер Аллагьасул хIеренлъиялъе, инсулаб тIалабалъе ва Жиндирго лъимал талихIаллъун лъугьинаризе гьесие бокьун букIиналъе. {МЦ 5.3}

Аллагьасул РагIулъ загьирлъула гьесул хасият. ГIорхъи гьечIеб Гьесул рокьуе ва Гьесул гурхIелалъе нугIлъи гьабула ТIадегIанас абурал рагIабаз. «Дурго

машгьурлъи дида бихьизабе», -ян Мусаца гьаридал, Гьес абуна: «Дица дуда цебе бачина Дир тIолабго лъикIлъи», - ян (Исх 33:18-19). {МЦ 6.1}

Гьеле гьелъулъ буго Гьесул машгьурлъи. Мусада цевесан ун, ТIадегIанас ахIана: «ТIадегIанав, ТIадегIанав, гIадамал рокьулев ва рекIелъ рахIму бугев, цIикIкIараб сабру бугев ва цIакъго гурхIулев ва хIакъав, аза-азар наслуялъеги жиндир цIоб цIунулев, гIайибалдасаги, тIакъсиралдасаги, мунагьалдасаги тIаса лъугьунев Аллагь» (Исх 34:6-7). Гьев «цIикIкIараб сабру бугев ва цIакъго гурхIулев» вуго, «гурхIизе Гьесие бокьулелъул» (Иоанн 4:2; Мих 7:18). {МЦ 6.2}

Аллагьас нилъ жиндехунго руссинаруна зобалаздаги ракьалдаги рихьизарулал цIакъго гIемерал гIаламатаздалъун. Гьес хIаракат бахъана тIабигIаталъул лъугьа-бахъиназулъ Живго нилъеда вихьизавизе, гьединго ракьалда гIадамал цоцаздехун рухьине кIолел бищунго щулиял ва хIеренал гарцIцIаздалъун живго загьир гьавизе. Амма гьелдасанги тIубанго загьир-лъуларо Гьесул рокьи. НугIлъи гьабулел гьел киналго жал ругониги, «битIарабщиналъул тушманалъ» гIадамазул гIакълу мукъсанлъизабула, Гьев хъачIав ва гьари-дугIаялъухъ гIенеккуларев вугилан рикIкIун, Аллагьасухъ гьел хIинкъун ралагьулеб даражаялда. Илбисалъ гIадамазул рекIелъе лъугьинабун буго Аллагьасул аслияб иш бугин кьварараб ва ритIухъаб диван къотIи абураб пикру, ва гьезие Гьев лъугьана ццидалав диванчилъун ва тIадчIун гьездаса щибгоги тIалаб гьабулевлъун. Илбисалъ гIадамал божизарулел руго Жинца Рижарасул аслияб иш бугин ургъунго ва тIадчIун гIадамазда хадуб халги ккун, гьезул киналго гIунгутIабиги гъалатIалги ралагьизе лъугьин ва цинги гьезухъ жаза гьабиги. Гьеб бецIлъи лъугIизабизе ва Аллагьасул гIорхъи гьечIеб рокьи гIаламалда бихьизабизе вачIана гьаб дунялалде ГIиса ва гьес гIадамазда гьоркьоб гIумру гьабуна. {МЦ 6.3}

Аллагьасул Вас зобалаздаса вачIана, нилъее Эмен загьир гьавизе. «Аллагь киданиги лъиданиги вихьичIо, амма кидаго Инсудаса ватIалъуларев цохIо вугев Васасдалъун вихьизавуна Гьес живго» (Ин.1:18). «Васасда ва Эмен жидее загьир гьавизе Васасе бокьарал гIадамазда гурони, лъиданиги лъаларо Эмен» (Мф. 11:27). Нижеда Эмен вихьизавейилан цо чапарас гьарараб мехалда, ГIисаца жаваб кьуна: «Гьабгощинаб мехалъ нужеда цадахъ вукIарав дун лъаларевищха, Филипп, дуда? Дун вихьарав чиясда Дир Эменги вихьана. Дир Эмен вихьизавейилан щай дуца абулеб?» (Ин. 14:8,9). {МЦ 7.1}

Дунялалде жив щай вачIун вугевали гьадин бицана ГIисаца: «Дилъ БетIергьанасул РухI буго, Гьес Дие ихтияр кьуна мискиназда Рохалил Хабар бицине. Гьес Дун витIана ракI бекарал сах гьаризе, асирлъуда ругезда нуж тархъанлъанилан лъазабизе, беццазе канлъи кьезе, зулмуялда гъоркь ругелалги хвасар гьаризе» (Лк. 4:18). Гьеб букIана Гьесул иш. Гьев кисакивго хьвадана лъикIлъи гьабулаго ва шайтIабаз ккурал киналго сахпъизарулаго. РукIана росаби, цониги рокъосан унтаразул зигарди рагIуларел. АскIосан унаго, Гьес киналго унтарал сах гьарулел рукIиндалха. Гьесул ишаз бихьизабулеб букIана Гьев Аллагьас витIун вачIарав

вукӀин. Гьесул гӀумруялъул киналго ишазулъ букӀана рокьиги, гурхӀелги, рахӀмуги. Гьес унго-унголъун рекӀелъе биччалеб букӀана гӀадамазул гӀазаб-гӀакъуба. Гьев инсанлъун лъугьана, гӀадамазул тӀалаб-агъаз гьабизе гӀоло. Бищунго мискинал ва гӀадатиял гӀадамал хӀинкъулароан Гьесда аскӀоре рачӀине. ГӀисинал лъималазе бокьулаан гьесда хурхун чӀезе, накабазда гӀодор чӀун, Гьесул гӀакъилал ва рокьи жанисан бурулел беразухъ балагьизе. {МЦ 7.2}

ГӀисаца киданиги бахчулароан хӀакъабщиналъул цониги рагӀи, кидаго Гьес гьеб бицунаан кӀудияб рокьигун. ГӀадамаздехун ГӀисал букӀунаан тӀадегӀанаб, гьезул къадру цӀунараб, гьезде цӀикӀкӀараб кӀвар кьураб гьор-кьоблъи. Гьев киданиги хъачӀго кӀалъалароан, хӀажат гьечӀелъуб кьвара-гъари бихьизабулароан, ва гӀадамазул загӀипал рахъазда гӀайиб чӀваларoан. Гьес хӀакъабщинаб бицунаан, амма кидаго гьеб бицунаан рокьигун. Гьес гӀайиб чӀвалаан хӀел-хӀелдиялда, божунгутӀиялда, ва къанун хвезабиялда; амма Гьесул гьаркьилъ магӀу букӀунаан, гӀайиб чӀван кьогӀал рагӀаби абулеб мехалъ. Гьев гӀодана Гьесул хирияб шагьар Иерусалималъухъ: Гьелъ инкар гьабуна Гьев - «нух, хӀакъабщинаб ва гӀумру» - къабул гьавизе. Гьез Гьев, жал Хвасар Гьарулев нахъе чӀвана, амма гьездехун Гьесул гьоркьоблъи букӀана хӀеренаб ва рахӀмуяб. Гьесул гӀумру букӀана жиндирго тӀалаб гьечӀолъиялъул ва цогидазул тӀалаб-агъаз гьабиялъул гьунарлъун. Щибаб рухӀ гьесие къиматаб букӀана. Илагьияб къадруги кидаго жиндилъго цӀунун, цӀакъго цӀикӀкӀараб хӀеренлъигун балагьулаан гьев Аллагьасул хъизаналъул щивав чиясухъ. Щивав чиясулъ Гьесда бихьулаан хвасар гьабизе жив вачӀараб мунагьаб рухӀ. {МЦ 7.3}

Гьединаб букӀана МасихӀил гӀамал-хасият, дунялалда тӀамураб гӀумруялъулъ Гьес загьир гьабураб. Гьеб ккола Аллагьасул гӀамал-хасият. МасихӀил гӀумруялъулъ рукӀарал рахӀмуялъул иххал гӀадамил лъималазде чвахулел руго Зобалазул Инсул рекӀелъан. ГӀиса вукӀана хӀеренав, рахӀмуяв Хвасар Гьарулевлъун, «инсанасул чорхолъ загьирлъарав» Аллагьлъун. (1 Тим. 3:26). {МЦ 8.1}

ГӀисаца гӀумру гьабуна, гӀазаб чӀамуна ва хвана нилъ хвасар гьаризе гӀоло. Гьев «Къварилъабазул» чилъун» лъугьана абадияб рохалилъ нилъ гӀахьаллъизаризе гӀоло. Аллагь разилъана Жиндие хирияв, баркаталъулги, хӀакъабщиналъулги цӀурав Вас, бицун хӀалкӀолареб машгьурлъиялъул бакӀалдаса вачун, мунагьалъ хвезабураб ва загьруяблъун лъугьинабураб, хвалил ва нагӀанаялъул рагӀадалъ бецӀлъизабураб дунялалде витӀизе. Инсул рокьиялъул гъварилъуда вугев Гьесие изну кьуна, Живги, малаикзабазул суждабиги рехун тун, инжит-хӀакъир гьавиги, тӀад релъанхъиги, рокьукълъиги, хвелги хӀехьезе. «Гьесда тӀад букӀана нилъер гӀаламалъулго тамихӀ, ва Гьесул ругъназдалъун нилъ сахлъана (Ис. 53-5). Нуж балагье гӀицӀаб авлахъалда, Гефсиманиялда, хъанчида тӀад Гьес хӀехьараб гӀазабалъухъ! ГӀайиб гьечӀев Аллагьасул Васас жиндего тӀаде босана мунагьалъул бакӀлъи. Сундулго рахъалъ Аллагьгун цолъарав Гьесул рекӀелъе лъугьана, мунагьалъ Аллагьасдаги инсанасдаги гьоркьоб ккезабураб рикьиялъулъ бугеб кӀудияб хӀинкъи. Гьединлъидалин Гьесул кӀалдисан ахӀун рачӀарал гӀазабалъул

цӀурал рагьаби: «Дир Аллагь! Дир Аллагь! Щай дуца дун рехун тарав?» (Мф. 27:46). Мунагьалъул бакӀлъиялъ, ва инсанасдаги Аллагьасдаги гьоркьоб бугеб рикьи гьелъ ккезабулеб букӀиналъул гӀасияб хӀакъикъат бичӀчӀиялъ - гьеле гьелъ щущазабулеб букӀана Аллагьасул Васасул ракӀ. {МЦ 8.2}

Амма Инсул рекӀелъ инсанасдехун рокьи бижизабиялъе, яги инсан Хвасар гьавизе Гьев гьесизавиялъе гӀоло гьабураб букӀинчӀо гьеб кӀудияб къурбан. Йохъ, йохъ! «Гьаб дуниял Аллагьасе гьедигӀанги цӀакъ бокьулеб буго: Гьес ЦохӀо Вугев Вас гьаниве витӀана» (Ин. 3:16). Мунагь чуриялъе бугеб Къурбаналдалъун гуро Инсуе нилъ рокьулел. Гьелъул гӀаксалда, мунагьаз хвезабураб гӀаламалдехун гӀорхъи гьечӀеб жиндир рокьи чвахизабизе Гьес витӀарав Гьоркьохъанлъун вукӀана МасихӀ. «Аллагьас МасихӀидалъун Живгун рекъезабуна тӀолабго гӀалам» (2 Кор. 5:19). Жиндирго Васасеялда цадахъ Аллагьасеги букӀана гӀазабгӀакъуба. Гефсиманалъул ахикь букӀараб къеркьей, Голгофаялда хъанчида ван хвей-гьеле нилъер мунагьал чуризеялъе гӀоло гӀорхъи гьечӀеб рокьиялдалъун кьураб рецӀел. {МЦ 8.3}

ГӀисаца абуна: «ЦӀидасан нахъе щвезелъун Дица Дирго рухӀ кьолеб бугелъулин Инсуе Дун вокьулев» (Ин. 10:17). Цогидал рагӀабаздалъун абуни: «Дир Инсуе нуж цӀакъ рокьана, гьединлъидал Гьесие Дун жеги цӀикӀкӀун вокьана, нужер мунагьал чуриялъе гӀоло Дица рухӀ кьолеб бугелъул. Нужер Кумекчилъун ва Вакиллъун лъугьун, Дирго гӀумруги кьун, нужер налъаби, нужер такъсирал Дидаго тӀаде росидал, Дирго Инсуе Дун жеги хиралъулев вуго, Дир къурбан сабаблъун Дида божулесе Аллагь лъугьунев вугелъул РитӀухъавлъун ва ритӀухъ Гьарулевлъун». {МЦ 9.1}

Аллагьасул Васасда гурони, лъиданиги кӀвечӀо нилъер мунагьал чуризе. ГӀицӀго Инсулъ вукӀарасда кӀведал нилъее Аллагь загьир гьавизе. ГӀицӀго Гьесда, Аллагьасул рокьиялъул борхалъиги гъварилъиги лъалесда кӀвана нилъее гьеб рокьи загьир гьабизе. МунагьчиясеГӀоло гӀицӀго МасихӀил гӀорхъи гьечӀебгӀан кӀудияб къурбаналда гурони, цоги сунданиги кӀвечӀо къосун ругел гӀадамаздехун Инсул бугеб рокьи загьир гьабизе. {МЦ 9.2}

«Гьаб дуниял Аллагьасе гьедигӀанги цӀакъ бокьулеб буго: Гьес ЦохӀо Вугев Вас гьаниве витӀана». Гьес Гьев кьуна гӀадамазда гьоркьоб гӀумру гьабизе гурев, гьезул мунагьал жиндего тӀаде росизе ва гьезие гӀоло къурбан-лъун хвезе. Гьес Гьев «кьуна» мунагьазукь бугеб гӀаламалъе. МасихӀица гӀумру гьабизе кколаан гьезие хӀажалъулебги, гьез тӀалаб гьабулебги тӀубазабулаго. Аллагьгун цолъун вугев Гьес, тӀезе кӀоларел гарцӀцӀаздалъун Живго вухьана гӀадамил лъималгун. ГӀиса «намуслъулароан гьезда вацалин абизе» (Евр. 2:11); Гьев вуго инсанасул сипаталда Инсул тахида цеве чӀолев ва Жинца мунагьаздаса бацӀцӀад гьабураб инсаниятгун абадул абадиялъего цолъарав нилъер Къурбан, нилъ ЦӀунулев чи, нилъер Вац. Гьев вуго ГӀамадил Лъимер. Гьеб кинабго ккана мунагьалъул гӀасияб кӀкӀалахъа къватӀиве инсан вахъизе, гьес Аллагьасул рокьиялъе жаваб кьезе ва бацӀцӀадаб гӀумруялъул рохел гӀахьал гьабизе гӀоло. {МЦ 9.3}

Нилъ мунагъаздаса рацIцIалъиялъул багъаялъ-нилъее гIоло Жиндирго Вас хвезе къурав нилъер Зобалазул Инсул рорцен гьечIебгIан кIудияб къур-баналъ нилъелъ лъугьинабизе ккола МасихI сабаблъун нилъее щвараб тIадегIанаб даражаялъул асар. ХIасратав чапар Иоаннида бихьана пасалъулеб бугеб инсаниятaлдехун Инсул рокьиялъул борхалъи, гъварилъи, гIатIилъи. Гьелъ бижизабураб шавкъалъги разилъиялъги керен цIурав гьес, гьеб ро-кьиялъул кIодолъиги хIеренлъиги загьир гьабизе дандекколел рагIаби ратичIого, гIаламалде ахIана: «Нилъ Аллагьасул лъимал ругилан абизе ва хIакъикъаталдаги гьеллъун рукIинеги Инсуца нилъее кьун бугеб рокьиялъухъ балагье нуж», - ан. КигIан тIадегIанаб къимат инсанасе кьун бугеб! Мунагьги гьабун, гIадамил лъимал илбисалъул асирлъуде ккун рукIана. Мунагь чуриялъе МасихIил къурбаналда божиялдалъун Адамил лъималазда кIола цIидасан Аллагьасул лъималлъун лъугьине. Инсанасул тIабигIатги босун, МасихIица инсаният тIадегIанлъизабуна. Пасалъун ругел гIадамазда гьанже кIола МасихIилгун бухьеналдалъун «Аллагьасул лъимал» абураб хIакъикъаталдаги тIадегIанаб цIаралъе мустахIикълъизе . {МЦ 9.4}

Гьединаб рокьи сунданиги данде ккводе бажаруларо! Зобалазул ПарччахIасул лъимал! КигIан къиматаб къотIиха гьеб бугеб! Гьеб гьечIищ гъваридго пикру гьабизе ккараб жо! Жиндаса инкар гьабураб гIаламалдехун сунданиги релъльунареб рокьи! Гьеб пикруялъ рекIее кутакаб асар гьабизе ккола ва Аллагьасухъ «гIенеккиялъе гIакълуги асир гьабизе» ккола. Хъанчил кунчIиялъулъ бугеб илагьияб хасият цIикIкIун нилъеца лъазабурабгIан цIикIкIун нилъедаги бичIчIула гурхIел, рокьи ва тIаса лъугьин ритIухълъиялдеги ритIухъаб диваналдеги дандекколеб бугеблъи, ва жеги цIикIкIун баянлъула Аллагьасул гIорхъи гьечIеб рокьиялъе ва Гьесул хIеренаб гурхIелалъе нугIлъи гьабулел, рикIкIун бажаруларел гIемерал жал. Жиндирго билараб лъимадехун эбелалъул букIунелдаса цIикIкIараб буго гьеб гурхIел. {МЦ 10.1}

# Мунагьчиясе Хвасар гьарулев хIажалъула

Жив вижарав мехалда инсанасул букIана лъикIаб гIамал-хасият ва сабруяб гIакълу-ас. Гьев вукIана камилав чи ва гIумру гьабулеб букIана Аллагьасулгун рагIи дандеккун. Гьесул пикраби рацIцIадал рукIана къасдалги му-къадасал рукIана. Амма мутIигIлъичIолъиялъ рекIел асарал пасалъана, живго вокьиялъ рокьи рекIелъа бачахъана. Мунагьалъ инсан цIакъ загIиплъизавуна: гьесда кIолеб букIинчIо живго лъугьун квешлъиялде данде чIезе. Гьев лъу-гьана илбисалъул асирлъун, ва абадиялъего асирлъуда хутIилаан, цо хасаб къагIидаялъ Аллагь гьеб ишалде гьоркьове лъугьинчIевани. Илбисалъе бо-кьун букIана, инсан вижулеб мехалъ Аллагьасул ракIалда букIараб жо гьу-къизе ва гьаб дуниял гIазаб-гIакъубаялъулги къварилъи-пашманлъиялъулги цIезабизе. Гьелдалъун гьелъие рес ккелаан гьеб кинабго квешлъи бихьизабизе ва гьелъие гIайибиявлъун инсан вижарав Аллагь вугилан чIезабизе. Мунагь-хIакъ тIад гьечIеб заманалда инсан воха-хинлъун кIалъалаан жив Вижарасдехун - «гIакълулъаялъул кинабго хазина Жиндилъ бахчун бугевгун» (Кол. 2:3). Амма мунагь гьабун хадуб илагьияб гIумруялъул рохел гьесие букIинчIо, ва гьес хIаракат бахъулеб букIана Аллагьасдаса вахчизе. Гьединабго хIалалда руго гьанжеги жидее цIилъи ккечIел гIадамал. Гьезулъ гьечIо Аллагьасулгун дандеккей, гьезие гьечIо Гьесулгун хурхенрухьеналъул рохел. Мунагьчиясда кIолеб букIинчIо Аллагь вугелъув талихIавлъун лъугьине; гьев лъутулев вукIана илагьиял жалазулгун гьоркьоблъи гьабиялдаса. Гьев зодове виччан вукIаравани, гьелдалъунги гьесул рекIелъе рохел лъугьинароан. Доба жал Рижарасул гIорхъи гьечIеб рокьи щивасул рекIелъ кIутIулеб бакIалда, ракI бацIцIадаб рокьиялъ ханлъи гьабулеб ахIвал-хIалалда, жавабалъе рокьи гьесул рекIелъе лъугьинароан. Жидеда мунагь-хIакъ гьечIел зобалазул агьлуялъул мурадги, къасдги, пикрабиги гьесие тIубанго чияраллъун рукIана. Зобалазда бугеб бакъан рекъей хвезабилаан гьес. Зобалазда гIумру гьесие букIинаан гIазаб-гIакъубаялъул цIураблъун; гьесие гIицIго бокьилаан зобалазул агьлуялъе нурлъун ва рохеллъун вугесдаса вахчизе. Жиндиего бокьун гьабураб хIукмуялда рекъон гуро Аллагьас мунагьчагIи зобалазде риччалел гьечIел, гьел риччалел гьечIо жал пасалъун рукIиналдалъун гьениб гIумру гьабизе гьезухъа божарунгутIи лъан. Аллагьасул машгьурлъи гьезие букIинаан жал «кваналеб цIалъун». Гьезие хвезе бокьилан жал хвасар гьаризе гIоло Хварасул гьурмахъ балагьун, гьенир чIезегIан. {МЦ 11.1}

Нилъ ккун ругеб мунагьазул кIкIалахъа къватIире кумек гьечIого рорчIизе кIоларо нилъеда. Нилъелъ квешлъи буго, нилъеда кIоларо нилъго хисизаризе. «Мунагьаб гIакълу Аллагьасда дандечIола. Гьеб Аллагьасул къануналъе мутIигIлъуларо, мутIигIлъизеги кIоларо гьелда» (Иов 14:4; Рим 8:7). Культура, лъай, рухI-жан цIикIкIинаби, инсанасул хIаракат рекъон ккола жинди-жиндир цо-цо хассаб бакIалда, амма гьаниб гьезул къуват гIоларо. Гьезул кумекалдалъун кIола

тIадбалагьун бихьулеб, божизе бегьулебин ккараб хьвада-чIвади лъугьинабизе, амма кIоларо рекIелъ бугеб хисизабизе яги гIумруялъул иццал рацIцIалъизаризе. Мунагь-хIакъ тIад бугев чи вацIцIалъизе ккани къваригIуна ургьиб жанисан асар гьабулеб къуват ва тIасан зобалаздасан бачIулеб цIияб гIумру. Гьеб ккола МасихIил къуват. ГIицго гьесул баркаталдалъун кIола рухIалъул хварал рахъазда гIумру цIилъизабизе ва гьеб Аллагьасде, рацIцIалъиялде бачине. {МЦ 12.1}

Хвасар Гьарулес абуна: «Инсан цIидасан вижичIони», ай гьесие цIияб гIумруялде гьев вачунеб цIияб ракI, цIиял къасдал, цIияб мурад ва гьира щвечIони, гьеса «Аллагьасул ПарччахIлъи бихьизе гьечIо» (Ин. 3:13). ТIабигIаталъ инсанасулъ лъураб лъикIлъи гьесулъ цIикIкIинабуни гIолин абураб пикруялда чIарал гIадамал гIемерго мекъи руго. «ГIадатияв (по ин. переводу«рухIияв гурев») чияс къабул гьабуларо Аллагьасул РухIалдасан бачIунеб, гьес гьеб гIантлъилъун рикIкIунелъул: ва гьеса гьеб бичIчIуларо, гьелъие къимат рухIияб къагIидаялъ кьезе ккол елъул: «Нуж цIидасан рижизе кколилан дица абиялда хIикмалъуге» (1 Кор. 2:14; 3:7). МасихIил хIакъалъулъ хъван буго: «Гьесулъ букIана гIумру, ва гьеб гIумру букIана гIадамазе нурлъун»; «гьалъаб зобалда гъоркь гIадамазе кьурал цIаразда гьоркьоб цоги батIияб цIар гьечо, жиндалъун нилъ хвасарлъулеб» (Ин. 1:4; Деян. 4:12). {МЦ 12.2}

ЛъикIаб жо буго Аллагьасул гурхIел, Гьесул лъикIлъи ва инсулаб хIеренлъи инсанасда лъалеб букIин, Гьесул къануналъул гIакъиллъиги ритIухълъиги бихьулеб букIин, ва гьеб кинабго абадияб рокьул кьучIалда тIад гIуцIун бугеблъи бичIчIулеб букIин. Амма гьеб гIоларо. Чапар Павелида гьеб кинабго лъалеб букIана, гьес гьадин ахIараб мехалъ «Дун тIадрекъола къанун лъикIаб букIиналда». «Къанунги бацIцIадаб буго, Аллагьасул амруги бацIцIадаб, ритIухъаб ва лъикIаб буго». Амма гьес цIакъ къваридго, рекIелъе унти лъугьун ва хьул къотIун вугеб гIадин тIадеги жубана: «Дун холев-унев чи вуго, мунагьалъе лагълъун ккунги вуго», - ян (7:16,12.14). Гьев гIащикълъун вукIана жинда кинго букIинабизе кIолареб бацIцIалъиялъухъ, валилъиялъухъ, ва гурхIиледухъ абулеб букIана: «Унго дир талихI къоси! Дун хвалде вачунеб чорхол хасияталдаса лъица дун хвасар гьавилев?» (7:24) Мунагьазул цIурал ракIазулъан гьеб угьди рагIулеб букIана кинабго дунялалда ва кинабго заманалда. Гьеб киналъего цохIо жаваб буго: «Гьале Дов - гьаб гIаламалъул мунагь тIаде босун къурбанлъун лъугьине вугев Аллагьасул КьегIер» (Ин 1:29). {МЦ 12.3}

Илагьияб РухIалъ гIемерал сипатаздасан ва суратаздасан бихьизабула ритIухълъи, гIайибалъул гьирикьа рорчIизе гIащикълъун ругел гIадамазда гьеб хIакъикъат якъинго бичIчIизабизе. ГIисавги гуккун, Якъубица мунагь гьабураб ва гьев инсул рокъоса лъутун араб мехалда, жиндаго ккараб гIайиб бичIчIун, гIазабалда вукIана гьев. Янгъизав, вуссине рукъ гьечIев, жиндие хириябщиналдаса тIезавурав гьесие бищунго цIикIкIун гIазаб кьолеб букIана жинца гьабураб мунагьалъ жив Аллагьасдаса тIезавунин, Зобалъ жив рехун танин абураб пикруялъ.Тату хварав, пашманав гьев гIицIаб ракьалда вегана. Гьесда сверухъ рукIана гIицIго гIадан-чи

гьечIел гохIал, тIаде къулун букIана гвангъарал цIвабзаз цIураб зоб. Макьилъ гьесда бихьана цо хIикматаб кунчIи ва бецIлъукь гIадин бихьулеб букIана гIатIидаб мали. Гьесда кколеб букIана гьеб мали жив вегун вугеб ракьалдаса тIаде, битIахъе зобалазул кавудухъе лъун бугилан. Болъодухъан эхедеги гIодореги хьвадулел рукIана Аллагьасул малаикзаби. Доба тIарада бугеб нуралда гьоркьосан рагIулеб букIана Аллагьасул гьаракь - ракI гIодобе биччазабулел ва хьул лъезабулел рагIаби. Гьедин Якъубида лъана гьесул тIалабал тIуразарулев ва къечараб рухIалъе рохел босун вачIунев - Жинца Хвасар Гьарулев. Воха-хинлъун ва рекIел баркалагун балагьана гьев мунагь гьабурав жинда Аллагьасдехун хурхен лъугьинабизе кIолеб нухде. Макьилъ гьесда бихьараб хIикматаб мали букIана ГIиса МасихIил - Аллагьасулги инсанасулги хурхен гьабизе Жинда гурони кIоларев Гьоркьохъанасул гIаламат. {МЦ 13.1}

Гьединабго гIаламаталде ишара гьабуна Нафанаилилгун букIараб гара-чIвариялда МасихIицаги. Гьес абуна: «Дуда зобал кIирикьулел рихьила ва гьенисан ГIадамил Лъимадухъе рачIунел-унел Аллагьасул малаикзабиги рихьила», - ян. Мунагь гьабун хадув инсан Аллагьасдаса ватIалъана; зобалаздаги ракьалдаги гьоркьоб букIараб бухьен къотIана. Гьоркьоб ккараб кIкIал-хъиталъ тIубан рес къотана гьоркьоблъи гьабизе. Амма МасихIидалъун ракь цIидасан зобалгун цолъана. Жиндирго гьунаралдалъун МасихIица мунагьалъул кIкIалалда тIасан кьо лъуна, ва гьанже малаикзабазе рес ккана гIадамалгун кIалъазе ва гьезие хъулухъ гьабизе. МасихIица гIорхъи гьечIеб къуваталъул Иццгун цолъизавуна жиндирго загIиплъиялда ва къобухIиялда вукIарав пасатав инсан. {МЦ 13.2}

ЦебетIеялъул хIакъалъулъ инсаниялъул киналго анищал, рухIияб рахъалъ тIадегIанлъизе бахъулеб тIолабго хIаракат гIадада ккола, пасалъарал тIолалго гIадамазе хьул ва гьезие кумекалъе цохIо бугеб Ицц гьез къабул гьабичIони. «Кинабго кьолеб лъикIабщинабги кинабго камилаб сайгъатги тIасан, Инсудасан бачIараб буго. (Иак. 1:17). Гьесдасан гурони букIине рес гьечIо гIамал-хасияталъул хIакъаб камиллъи. Амма Аллагьасухъе гIицIго МасихIидалъун гурони ун бажаруларо. Гьес абуна: «Дун вуго нух. Дун вуго хIакъикъат. Дун вуго гIумру; Дидалъун гурони цониги инсан Дир Инсухъе вачIине гьечIо», - ян (Ин. 14:6). {МЦ 14.1}

Ракьалда Жиндирго лъималгун Аллагь вухьун вуго хвалдасаги къуватаб рокьудалъун. Жиндирго васги кьун, гьеб цо сайгъаталъулъ Гьес нилъее кьуна зобалазул тIолабго хазина. ГIумру, хвел, ва Хвасар Гьарулесул шапагIат, малаикзабазул хъулухъ, РухIалъул ахIи, киназдехунго ва киназдалъунго бугеб Инсул тIалаб, зобалазул агьлуялъул загIиплъулареб мурад - гьеб кинабго буго инсаният хвасар гьабизеялъе гIоло. {МЦ 14.2}

РачIа нилъеца гIемер пикру гьабилин нилъее гIоло бугеб хIикматаб Къурбаналъул ва хIаракат бахъилин нух къосун ккарал хвасар гьариялъе ва Инсул рокъоре гьел тIадруссинариялъе Зобалъ кIвахI гьечIого гьабулеб бугебщиналъе къимат кьезе.

Пайда босилин киналго бищунго къуватал къасдаздаса ва ресаздаса. РацIцIадал ишазухъ чIахIиял шапакъатал, зобалазда рохел, Эменги Гьесул Васги вокьулел малаикзабазулгун хурхен, ахирго гьечIеб абадиялъулъ нилъер кинабго бажари-махщелалъе тIадегIанлъи ва цебетIей - гьеб киналъго гурищ нилъ киналго ахIулел ругел ракI-ракIалъ ва тIолабго рокьигун, нилъ Рижарасе ва Хвасар Гьарулесе хъулухъ гьабизе. {МЦ 14.3}

Цоги рахъалъ босани, мунагьалъе Аллагьас къотIараб диван, чара гьечIого рецIел босизе букIин, рухIияб рахъ лъугIи, ва тIубараб паналъи - гьеб киналъулго бицун буго Аллагьасул РагIулъ, илбисалъе хъулухъ гьабиялдаса нилъ цIунизе. {МЦ 14.4}

Аллагьасул рахIмуяб ахIиялъе гIинкъаллъунищха нилъ рукIинел? Цоги щиб Гьес нилъее гьабизе кколеб букIараб? Гьединаб хIикматаб рокьиялда-лъун нилъ Рокьулевгун, ритIухъаб гьоркьоблъи гьабилин! Гьесда релълъине, Инсулгун, Васасулгун ва гIадамазе хъулухъалъе ритIулел рацIцIадал малаикзабазулгун рагIи дандеккеялде ва хурхен-рухьеналде тIадруссине ругел ресаздаса пайда босилин. {МЦ 15.1}

# КантIи

Аллагьасулгун божараб гьоркъоблъи гьабизе инсанасда кин кIолеб? Мунагьчи кин вацIцIадав муъминчилъун лъугьунев? ГIицIго МасихIидалъун, Гьесул вацIцIалъиялдалъун рачуна нилъ Аллагьгун рекъеялде, амма МасихIихъе нилъ кин рачIинел? ГIемераз кьола гьединаб суал. Гьеб суалалъ рахIат хвезабун букIана гIадамазул КIикъоялдаанцIгоялъул къоялъ: жидер мунагь бугеблъи бичIчIун, гьез гьикъана, жидеца щиб гьабилебилан. Петрица гьесие кьураб жавабалъулъ тIоцебесеб рагIи букIана: «КантIе» (Деян. 2:37). Гьелдаса гIемер мех иналдего цоги нухалъ гьес абуна: «КантIе ва Аллагьасде русса, Гьес нужер мунагьал чуризе» (Деян. 3:19). {МЦ 16.1}

КантIиялъул магIна ккола гьабураб мунагьалдаса рекIекълъи ва гьеб рехун тей. Нилъеца мунагьалдаса инкар гьабуларо, гьелъул бугеб гIасияб зарал нилъеда бичIчIичIони, гьеб нилъеца ракI-ракIалъ рехун тезегIан, нилъер гIумруялъул унго-унгояб хиси кколаро. {МЦ 16.2}

ГIемерисезда бичIчIуларо кантIиялъул унго-унгояб хIакъикъат. ГIадамазул ракIбухIула мунагь гьабиялдаса, жидерго хьвадачIвадицин хисизабула гьез, балагьаразе загьирлъуледухъ. Гьел хIинкъун рукIунелъулха жидер мунагьал сабаблъун гIазаб-гIакъуба хIехьезе ккеладайилан. Гьеб жо инжилалъул магIнаялда кантIи кколаро. Гьел гIодула, мунагь сабаблъун гурел, мунагьалъул хIасил сабаблъун. Гьединаб букIана ГIисавил пашманлъи, тIоцеве гьавурав васасул ихтияраздаса жив тIубанго махIрумлъун вукIин бичIчIараб мехалда. Бахъун хвалченги хъатикь ккун жинда цеве нухда чIун ватарав малаикасукьа хIинкъун, Валаам мукIурлъана жиндирго гIайибалъе; гIумруялдаса ватIалъизе бокьичIо гьесие. Амма гьесул рекIелъе лъугьинчIо унго-унголъун мунагьалдаса кантIиялъул, квешлъиялде рокьукълъиялъул асар. Гьес жиндирго къасдалги ниятги хисизабичIо. Жиндирго ТIадегIанасеги хилиплъун, Ягьуда Искариотица ахIана: «ГIайибго гьечIеб бидул хIакъги мунагьги ккана диде», - ян (Мф 27:4). {МЦ 16.3}

Чара къосиналъул гIасияб асаралъ ва кватIичIого букIине бугеб диваналдаса хIинкъиялъ тIамуна гьев гьедин мукIурлъизе. Гьев хIинкъун вукIана жинца гьабураб ишалъул хIасилалдаса, амма гьесул рекIел тIиналде тIинкIичIо тIубараб пашманлъи ва гьев рекIекълъичIо щибго гIайиб гьечIев Аллагьасул Вас вичиялдаса ва «Израилалъул бищунго вацIцIадасе» хилиплъиялдаса. Аллагьасул диваналъ гIазабал жинда хъатIулел ругеб мехалда мутIигIлъана Мисриялъул пиргIавн жинца мунагь гьабиялъе; жеги цIикIкIараб гIазаб-гIакъубаялдаса хадубккун живго ворчIизе бокьун. Амма ругънал тIаса аралго, Аллагьасде данде чIчIарал ишал гьаризе лъугьана. Гьел киналго пашманлъана, мунагьалдаса гурел, мунагьалъул хIасилаздаса. {МЦ 17.1}

РакI, Илагьияб РухIалъул асаралде гъоркье ккараб мехалда, макьидаса борчIула мунагьчиясул намус, ва гьесда бичIчIула зобалаздаги ракьалдаги Илагьияб кверщелалъул аслулъун кколеб Аллагьасул Къануналъул гъварилъиги бацIцIалъиги. «Дунялалде вачIарав щивав чи гвангъизавулеб» нуралъ (Ин 1:9) къалъ-къалъизарула рекIел балъгоял бакIал ва бецIлъуда бахчун бугебги къватIибе загьирлъула. Мунагьчиясул гIакълу гIола жиндирго гIайиб ракI-ракIалъ бичIчIизе. Гьев мукIурлъула ТIадегIанав вацIцIадав вукIиналъе, гьев хIинкъизавула жиндирго квешлъигун ва хъублъигун жив, инсанасул рекIелъ бугеб кинабго балъгоябщинаб Лъалесда аскIов чIун вугин абураб пикруялъ. Гьесда бихьула Аллагьасул рокьи, мукъадаслъиялъул берцинлъи, бацIцIалъиялъул рохел. Гьев гIащикълъула Зобалазулгун хурхен лъугьиналъе гIоло живго вацIцIалъиялъухъ, жиндилъ хис-бас ккеялъухъ. {МЦ 17.2}

Жинда гIайиб ккаралдаса хадуб Давудица гьабураб гьаридугIа букIана унго-унголъун мунагьалдаса пашманлъиялъул мисаллъун. Гьесул кантIи букIана рекIел гъварилъудасан бачIараб. Гьес хIаракат бахъулеб букIинчIо жиндир гIайиб гьитIинаб бугилан чIезабизе, гьев Аллагьасде гьардана, жинде тIаде бачIине бугеб тамихIалдаса хвасарлъизе гIоло. Давудида лъалеб букIана жинца гIасияб такъсир гьабурабльи ва жиндир рекIелъе хъублъи лъугьараблъи, гьесулъ бижана жиндирго мунагьалдехун рокьукълъи. Гьев гIащикълъун вукIана бацIцIадаб гIумруялъул рохелалъухъ, Аллагьасулгун рагIи дандеккеялъухъ ва хурхеналъухъ. Хал гьабе рекIел тIиналдасан рачIарал кинал рагIабаздалъун гьес гьеб хIехьезе ккарабщинаб загьир гьабулеб бугебали: {МЦ 17.3}

«Гьардарав гурищ къануналде дандекколаребщиналда
тIаса лъугьарав ва жиндир мунагьал чурарав чи! Гьардарав гурищ ТIадегIанас
мунагь бугевлъун вихьизавуларев
ва жиндир рекIелъ рекIкI гьечIев чи»

(Пс.31:1,2) {МЦ 17.4}

«ГурхIа дида, Аллагь, Дур кIудияб гурхIелалдалъун,
Ва Дур цIобалъул гIатIилъиялдалъун битIизабе къануналда
дандекколареб хIалалъ дица гьабунщинаб...
Къануналде дандекколаредухъ дица гьабунщиналдаса
дун рекIекълъана, ва дир мунагьги кидаго дида цебе буго.
Иссоп щвай диде тIаде, - дун вацIцIалъила, дун чуре, -
гIазуялдасаги хъахIлъила...
Дир каранда бацIцIадаб ракI бижизабе, Аллагь,
Ва ритIухъаб цIияб рухI лъе дир чорхолъ.
Дур гьурмада цевеса дун нахъе витIуге.
Дур Илагьияб РухIги дихъа нахъе бахъуге.
Дие нахъ буссинабе Дуца хвасар гьавиялъул рохел,

Дур къудратаб РухIалъ дун къвакIизе гьаве...
Дуца дун бияздаса вацIцIад гьаве, Аллагь,
Дун хвасар гьавулев Аллагь,
Ва дир мацIалца рецц гьабила Дур ритIухълъиялъе»

(Пс. 50:3-16) {МЦ 18.1}

Жиндирго къуваталдалъун гьединаб кантIи лъугьине рес гьечIо; гьеб щола гIицIго «борхалъуде вахарав ва гIадамазе сайгъатал кьурав» МасихIидасан. {МЦ 18.2}

Гьеле гьеб суалалъулъ гIемерисезул щакдараби ккола ва гьединлъидал гьезие щоларо жидее гьабизе МасихIие бокьараб кумек. Гьезда ракIалде ккола, цереккунго кантIичIони, МасихIихъе рачIине жидеда кIоларебилан, кантIиялъ рагьулин жидер мунагьал чуриялде нух. ХIакъикъаталдаги муна-гьал чурула кантIун хадур. Гьедин букIинеги ккола, гIицIго пашманлъараб ва кантIараб рекIелъе лъугьунелъулха Хвасар Гьарулев къваригIун вугин абураб асар. Амма мунагьчи цин кантIизегIан чIезе кколевищ, хадув ГIисахъе ине? КантIи лъугьине кколебищ мунагьчиясдаги Хвасар Гьарулесдаги гьоркьоб сангарлъун? {МЦ 18.3}

Библиялъ малъуларо, МасихIил ахIи къабул гьабилелде мунагьчи кантIизе кколилан. «ХIалтIул захIмалъи баччаралги гьир бакIлъаралги, Дихъе рачIа нуж, Дица хIалхьи кьела нужее» (Мф. II:28). МасихIидасан бачIунеб къуваталъ рачунелъулха унго-унгояб кантIиялде. Петрица гьеб бичIчIизабуна Исраилил халкъалде гьабураб хитIабалда. Гьес абуна: «Исраилил халкъ кантIизе ва гьезул мунагьал чуризе, Жиндирго тахида аскIове зобалазде восана Аллагьас нилъ хвасар гьаризелъун Жинцаго ПарччахIлъун гьавурав Гьев» (Деян. 5:31). МасихIидалъун гурони тIаса лъугьин нилъее щолареб гIадин, нилъер намус макьидаса борчIизабулеб МасихIил РухIалдалъун гурони кантIунги бажаруларо нилъехъа. {МЦ 18.4}

МасихI ккола киналго лъикIал къасдазул Ицц. ГIицIго Гьесда кIола мунагьалдехун рокьукълъи нилъелъ бижизабизе. РитIухълъиялде ва рацIцIалъиялде рачIине бахъулебщинаб хIаракаталъги, гьединго нилъеда тIад мунагьал рукIин бичIчIиялъги нугIлъи гьабула Гьесул РухIалдалъун нилъер ракIазе асар лъугьиналъе. {МЦ 19.1}

ГIисаца абуна: «Цинги Дун, ракьалдаса тIаде ворхизавун, борхатаб бакIалде вахинавидал, Дица киналго Дидаго хадур цIазе руго» (Ин. 12:32). Мунагьчиясе МасихI загьирлъизе ккола гIаламалъул мунагьазе гIоло хварав Хвасар Гьарулев гIадин; Голгофаялда хъанчида тIад хвараб Аллагьасул КьегIералъухъ балагьун, нилъеда лъикIго бичIчIула мунагь чуриялъул балъголъи, ва Аллагьасул цIобалъ нилъ кантIиялде рачуна. Мунагьал гьарурал хвасарлъиялъе гIоло Живго хвеялдалъун МасихIица бихьизабуна бицун хIалкIоларебгIан кIудияб рокьи. Мунагьчиясда бичIчIараб гьеб рокьиялъ Гьесул ракI хIеккинабула, гIакълуялъе асар гьабула ва рекIелъе кантIи тIинкIула. {МЦ 19.2}

БитIараб буго, цо-цо мехалда гIадамал намуслъула мунагьаб гIумруялдаса, ва гьез цо-цо квешал гIамалал рехун тола МасихIихъе иналдего. Амма лъикIлъизе гьез бахъулеб щибаб хIаракат, битIараб хьвада-чIвадиялде бугеб унго-унгояб хIасрат - гьебги ккола МасихIица гьел жиндехунго цIалеб къуваталъул хIасил. Гьезда жеги бичIчIичIеб гьеб асар гьезул рекIелъе лъугьиналъ намус борчIизабула, ва гьезул гIумруялъулъ лъикIаланго хиси ккола. МасихIица гьел тIамула Жиндир хъанчихъ балагьизе, гьезул мунагьазе гIоло хъанчида ван Вугев вихьизе. Цинги гьезие загьирлъула Гьесул амру, гьезда бичIчIула жидер цебесеб гIумру пасатаб букIараблъи; гьезда бихьула мунагьалъ жидер рекIелъе гьваридго кьалбал риччан рукIин. Гьезда цо къадаралъ бичIчIизе лъугьуна МасихI, вацIцIадав вукIин. Гьез ахIула: «Мунагь щиб жоха кколеб, гьелъул лагълъиялде ккарал хвасар гьаризе гIоло гьедигIан кIудияб рецIел жинца тIалаб гьабураб? Ниж паналъунгутIизе, нижее абадияб гIумру насиблъизе гIоло хIажалъун бугебщинаб рокьи, гIазаб-гIакъуба ва инжитлъихIакъирлъи! Унго гьедигIан цIакъищха Аллагьасе ниж рокьулел?» {МЦ 19.3}

Мунагьчи данде чIезе бегьула гьеб рокьиялде, МасихIица гьев жиндехунго цIалеб къуваталде; амма данде чIечIони, хIакълъунго гьев МасихIихъе вачуна; жив кин хвасарлъулевали лъан, Аллагьасе вокьулев Васасе гIемераб гIазаб кьурал жиндир мунагьаздаса кантIун, гьев вачIуна хъанчида гъоркье. {МЦ 19.4}

ТIабигIаталда кинабго гьадин гIакъилго гIуцIараб Илагьияб ГIакълуялъ гIадамазе асар гьабула ва гьезул ракIазулъе лъугьуна бицун хIал кIоларебгIан кIудияб къеч. Гьаб дуниялалда сунданиги кIоларо гьеб къеч буссинабизе. Илагьияб РухIалъ гьел ахIула ракълилги рахIат-хIалхьиялъулги иццлъун Вугев МасихIил баркат жидеего балагьизе. ТIатарабги балъгоябги асаралда-лъун, Жинца Хвасар Гьарулес гьоркьоса къотIичIого хIаракат бахъула, гIадамазул рухIалъе кинго гIорцIи-хIалхьи лъугьинабуларел ва мунагь-хIакъалъул цIурал лазатаздаса гIадамал рикIкIалъизаризе, Жиндилъ ругел, рикIкIун хIал кIоларел лъикIлъабаздехун, тIокIлъабаздехун гьезул пикру буссинабизе. Гьаб дунялалъул чIунтарал иццазухъа лъим гьекъезе гIадада хIаракат бахъулел ругел, гьел киналго рухIаздехун гьадинаб хитIаб гьабулеб буго Аллагьасул ругьелалъ: «Гьекъезе бокьарав вачIайилан абе, ва бокьанщинас маулхIаяталъул лъим чIобого босейилан абе» (Откр. 22:17). {МЦ 20.1}

Гьаб дунялалда нужее щолеб гьечIеб цо лъикIаб жоялде ине нужеца ракI-ракIалъ хIаракат бахъулеб бугони, нужеда бичIчIа гьеб букIин нужеде хитIаб гьабун Аллагьас ахIулеб бугелде щвезе бахъулеб хIаракат. Гьесда гьаре нуж кантIизарейилан, Гьесул гIорхъи гьечIеб рокьигун ва Гьесул камилаб рацIцIалъигун нужее МасихI загьир гьавейилан. Илагьияб Къануналъул къучI ккола Аллагьасде ва инсанасде рокьи, гьеб камилго загьирлъана Жинца Хвасар Гьарулесул гIумруялъулъ. {МЦ 20.2}

РакIбацIцIадаб рокьул ва лъикIал ишазул цIун букIана Гьесул гIумру. Нилъ Гьесухъ балагьараб мехалда, нилъ Хвасар гьарулесдасан бачIараб нуралъ нилъ гвангъизавураб мехалда гурони нилъеда бихьуларо нилъго мунагьазул цIун рукIинги, пасалъун рукIинги. {МЦ 20.3}

Никодимица гIадин, нилъееги гIей гьабулеб батизе бегьула нилъер хьвада-чIвади битIараб бугин, намус-яхIалъул гIорхъи бахарал ишал гьарулел гьечIин, цогидал киналго мунагьчагIазе гIадин, нилъее хIажат гьечIин Аллагьасда цере ракI хIеккун рукIинеян абураб пикруялъ. МасихIидасан бачIунеб нуралдалъун гурони кIоларо нилъеда нилъерго ракIазулъ бугеб тIолабго пасалъи бихьизе ва нилъер щибаб иш Аллагьасе тушманал, къабихIал къасдаздалъун хъублъун букIин бичIчIизе. Нилъеда бичIчIизе байбихьула нилъер рацIцIалъи хIакъикъаталда релълъун бугеблъи чороклъараб ратIлида ва гIицIго МасихIил Биялда кIолеблъи мунагьалъул хъублъиялдаса нилъ рацIцIалъизаризе ва Гьесда релълъун нилъер ракIал цIилъизаризе. {МЦ 20.4}

Илагьияб нуралъул цо чIоралда, рекIелъе лъугьараб МасихIил рацIцIалъиялъул цо кIунчIиялда кIолеб букIун буго нилъер гIамал-хасияталъул щибаб чIегIераб тIанкI гIазаб кьоледухъ загьир гьабизе, нилъерго гIунгутIабиги квешлъабиги рихьизе. Мунагьчиясе загьирлъула гьесул къасдазул хъублъи, рекIел хIилла-рекIкI, кIалзул чороклъи. Гьесда бихьула жиндир квешал ишал Аллагьасул къануналде данде чIарал рукIин; гьесул ракI данде къан уна Илагьияб РухIалъул асар жиндие лъугьиндал. МасихIил бацIцIадаб, гIайиб ккечIеб гIамал-хасият бихьидал, жиндехунго рокьукълъи бижула гьесулъ. {МЦ 21.1}

Жиндихъе витIун вачIарав зобалазул чапарасда сверухъ бугеб нур бихьараб мехалда, Даниял авараг къварилъана жиндирго загIиплъиги гьитIинлъиги бихьун. Гьеб хIикмалъи бихьидал, жиндие лъугьараб асаралъул бицунаго, гьес абуна: «Дир чорхолъа-рекIелъа къвакIи лъугIана, дир гьурмал кьер тIубанго хисана, дилъ чIинкьа-кIитIи хутIичIо», - ян (Дан. 10:8). Гьединаб асаралъ асир гьавурав инсанасе рихуна живго жиндиего хиралъи, жиндирго гурони пикру гьабунгутIи, ва гьес хIаракат бахъула, МасихIил рацIцIалъиялда божун, Илагьияб Къануналде ва МасихIил гIамал-хасияталде дандекколедухъ жаниса вацIцIалъизе. {МЦ 21.2}

Павел чапарас жиндирго хIакъалъулъ абулеб буго, къануналъул тIалабал тIуразариялъул рахъалъ жив «вацIцIадав» вукIанилан (Флп. 3:6); (гьел тIалабазулъ рукIана гIицIго тIадбалагьун рихьулел ишал). Цинги къануналъул илагьияб рахъ бичIчIараб мехалда, гьесда бихьана жинца мунагьал гьарураблъи. Къануналъул хIарпазулъ хIакъикъат цогидазда гIадин, гьесдаги тIасан бихьуледулъ бугилан ккедал, гьевги мунагь-хIакъалдаса рикIкIад чIолаан; амма илагьиял амруязул гъварилъуде ваккидал ва, Аллагьасда жив вихьараб хIалалда, живго жиндаго вихьидал, гьев мукIурлъана ва жиндирго гIайибазул бицине лъугьана. Чапарас абулеб буго: «Къанун гьечIеб заманги букIана дир гIумруялъулъ, амма къануналъул амру рещтIараб мехалъ, мунагь чIаголъана, дун хвана» (Рим. 7:9,10).

Мукъадасаб Къануналъул илагьияб тIабигIат бичIчIараб мехалда, мунагь гьесда цебе чIана жиндирго хIакъикъатаб хIакъирлъигун ва жиндирго рахъалъ гьесул букIараб пикруялъул лъалкIцин хутIичIо. {МЦ 21.3}

Аллагьас киналго мунагьал цого къагIидаялъ чIахIияллъун рикIкIунаро; Гьес, гIадамазго гIадин, батIа-батIаго борцуна гIайиб-хатIаялъул даража. Амма цониги мунагь Аллагьасда цебе гьитIинаб гьечIо. Гьеб рахъалъ инсанасул пикру-хIукму ритIухъаб ва камилаб букIунаро, амма Аллагьас киналъего хIукму къотIила хIакъикъаталда гьеб кинабго бугеб хIалалъ. Гьекъолдухъан хIакъир гьавула; гьесда абула, дур мунагьалъ дуе алжаналде нух къан бугилан. Гьебго заманалда чIухIи, живго жиндиего хиралъи ва къарумлъи гIемериселъ хутIула гIайиб чIвачIого. Гьеле гьел мунагьал Аллагьасда цере цIикIкIун къабихIаллъун руго. Щайин абуни, Гьесул лъикIлъиялъе ва инсан хиралъиялъе, пасалъичIеб Дунялалда ханлъи гьабун бугеб бацIцIадаб рокьиялъе гIаксаллъун кколелъул гьел гIамалал. КIудияв мунагь гьабурав чи гьелдаса нечон лъугьине бегьула, гьесда бичIчIизе бегьула жиндирго пакъирлъи ва МасихIил цIобалде жив хIажатавлъун вукIин; амма чIухIарав чи сундениги хIажалъуларо, гьединлъидал Гьесул рекIелъе нух къан букIуна МасихIие ва Гьесул бицун хIал кIолареб баркаталъеги. {МЦ 21.4}

ТалихI къарав магъало бакIарулев чи Аллагьасде гьардана: «Я, дир Аллагь! Мунагьазул цIурав дида гурхIайилан» (Лк. 18:13). Гьес живго рикIкIана цIакъго хIакъирав чилъун. Гьединаб букIана сверухъ ругезулги пикру. ГIайибалъулги намус цIуничIолъиялъулги гьир бакIлъарав гьев Аллагьасда цеве чIана жинда Мун гурхIайилан гьаризе. Гьесул рекIелъе нух рагьун букIана мунагьалъул кверщелалдаса гьев хвасар гьавулеб Илагьияб РухIалъул баркатаб асаралъе. Жив вацIцIадав муъминчи вугилан рикIкIун, фарисеясул(динияв гIалимчи) кIалдисан бачIараб, жиндиего рецц-бакъалъул цIураб гьари-дугIаялъ нугIлъи гьабула гьесул рекIелъе Илагьияб РухIалъул асаралъе нух къан букIиналъе. Гьев Аллагьасдаса рикIкIад вукIана, гьединлъидал гьесда бичIчIичIо жиндир мунагь-хатIаялъулъ Иллагьияб рацIцIалъиялдехун гIахьалаб жо щибниги гьечIеблъи. Гьесие щибниги хIажат букIинчIо, гьединлъидал щибниги щвечIо. {МЦ 22.1}

Нужеда бичIчIани нужеда тIад мунагь-хIакъ бугеблъи, нужго лъикIаллъун лъугьинегIан чIоге. ЦIакъго гIемераз рикIкIуна МасихIихъе ине гIураб даражаялда лъикIал гьечIин жалилан. Нужерго къуватадалъун лъикIаллъун лъугьиналде хьулищ нужер бугеб? «Эфиопиялъуласда кIолебищ жиндирго тIомол кьер хисизабизе, цIиркъалда кIолебищ жинда тIад ругел тIанкIал лъугIизаризе. Гьедин, квешаб гьабизе ругьунлъун хадуб, нужедаги кIолебищ лъикIаб гьабизе?» (Иер. 13: 23). Нилъее кумек гIицIго Аллагьасдасан буго. Нилъ балагьун чIезе бегьуларо, нилъее

цIикIарал гIилаби щвезегIан, цIикIунго бацIцIадаб гIамал нилъелъ лъугьинегIан, нилъее цIикIун дандекколеб рес щвезегIан. Нилъго лъикIал лъугьун нилъеда

щибниги гьабизе кIоларо. Нилъ кинаб хIалалда ратаниги, гьединаб хIалалда рачIине ккола МасихIихъе. {МЦ 23.2}

Амма лъицаниги ракI гIодобе биччазабизе бегьуларо, Аллагьас Жиндирго кIудияб рокьиялдалъун ва рахIмуялдалъун хвасар гьарулин Жиндир баркаталдехун мугъ рехарал гIадамалгиян абураб пикруялдалъун. Мунагьалъул бищунго цIикIкIараб хIакъирлъи загьирлъула гIицIго Голгофаялда букIараб хъанчил нуралдалъун. Аллагь цIакъго лъикIав вугин, Гьес мунагьчи нахъчIваларин божун вугев чи Голгофаялъухъ валагьеян абе. МасихIица Жиндего тIаде босана мунагьал гьарурал гIадамазул гIайиб ва гьезие гIоло гIазаб-гIакъуба хIехьана. Инсан хвасарлъизавиялъе тIокIаб батIияб нух букIинчIо ва гьеб къурбан букIинчIебани инсаният тархъанлъилароан мунагьалъул къабихIаб къуваталдаса ва мукъадасал жалазулгун (малаикзаби) хурхен-рухьен цIидасан лъугьинароан. ГIадамаз цIидасан рухIияб чIаголъиялдалъун гIумру гьабизе гIоло, МасихIица Жиндего тIаде босана гьел гIенеккичIолъиялъул гIайиб, гьезул мунагьал сабаблъун гIазаб-гIакъубаги хIехьана. Аллагьасул Васасул рокьиялъ, Гьес хIехьараб гIазаб-гьакъубаялъ ва хвелалъ нугIлъи гьабула кигIан гIасияб мунагь гьеб букIарабали. Ва гьелъ, мунагьалъул кверщелалдаса тархъанлъизе ва цIикIкIун тIадегIанаб гIумру гьабизе гIицIго МасихIие мукIурлъиялдалъун гурони кIолеб гьечIолъиялъеги нугIлъи гьабула. {МЦ 23.1}

КантIизе бокьичIез цо-цо мехалда рихьизарула жал христианал ругилан рикIкIунел гIадамал, ва абула: «Дун гьездаса къадаравищ вугев? Гьезулъ гьечIо дилъ бугелдаса цIикIкIараб таваккал, гIакъиллъи ва лъикIлъи. Дица гIадин, гьезги гIумру гьабулеб буго дунялалъул лазат-кеп босун ва жидерго рахIат-хIалхьи цIунун». Гьедин гьез гIадамазул гIунгутIабаздаса пайда босула жидерго тасамахIлъи ритIухъ гьабизе. Цогидал гIадамазул мунагьги гIунгутIабиги гIиллалъун кколаро Аллагь нилъеда тIаса лъугьиналъе; холев-унев ва гъалатI-хатIа ккезе рес бугев инсан гурелъулха нилъее мисаллъун ТIадегIанас вихьизавун вугев, квешлъиялъул тIанкI тIад гьечIев Аллагьасул Васлъидал. Христианазул рекъечIеб гIамал-хасияталъул гIарз бахъулел гIадамаз, жидерго гIумруялдалъун бихьизабизе ккола лъикIаб мисал. Гьезда гьедигIан лъикI бичIчIулеб бугеб батани христианав кинав вукIине кколевали, гьелъ цIикIкIинабулеб гьечIищ гьесул гIайиб? Гьезда лъалеб буго букIине кколеб битIараб рукIа-рахъин, амма гьез жидецаго гьеб тIубазабулеб гьечIо. {МЦ 23.2}

КватIун ккаразе кIудияб хIинкъи буго. Нужерго мунагьазул бицин нахътIамун тоге! Аза-азар гIадамаз гьеб гъалатI гьабула ва абадиялъего паналъула. МасихIгун цолъиялдалъун балагье рекIел бацIцIалъи! Гьаниб бицине ккеларо гIумру къокъаб букIиналъул, метер щиб ккелебали лъангутIиялъул. Амма руцIцIун чIезе бегьуларо хIинкъиялъул - гIемерисезда тIубанго бичIчIулареб хIинкъиялъул хIакъалъулъ. Гьеб хIинкъи буго мунагь рехун тейилан Илагьияб РухIалъ балеб бугеб ахIиялъухъ нахъбахъичIого гIенеккизе гIадамазе бокьулеб гьечIолъиялъулъ. Мунагь кигIан гьитIинаб бугилан кканиги, гьелъие квербакъулев чиясе буго абадиялъего

паналъиялъул хIинкъи. Нилъеда къезабизе кIвечIелъ ахир-къадги нилъ къезарула ва паналъизарула. {МЦ 24.1}

Адамицаги ХIавацаги цоцазул ракIчIезабулеб букIана гьукъараб пихъ кванай, бицинегIан кIудияб хатIа гурилан ва Аллагьас жидеда цереккунго лъазарун ругел гIасиял хIасилал гьеб сабаблъун ккеларилан. Амма гьеб гьитIинаб хатIа букIана Аллагьасул хиси гьечIеб, мукъадасаб Къанун хвезабилъун. Гьелъ инсан Аллагьасдаса ватIа гьавуна ва нилъер ракьалде чвахана хвалил ва балагьазул иххал. ГIасрабаздаса гIасрабазде ракьалдасан гьоркьоса КъотIичIого рагIулеб буго гIазабалда гъоркь ругезул гIасияб угьди-зигарди. Кинабго рухIчIаголъиги зигардилеб буго, инсан Аллагъасухъ гIенеккичIолъиялъ бачараб балагь сабаблъун. Зодоргицин хутIун руго Аллагьасде дандечIеялъул лъалкIал. Илагьияб къанун хвезабурал рацIцIалъизариялъе, чара гьечIого хIажалъараб хIикматаб къурбаналъе памятниклъун бахъун чIун буго Голгофаялъул хъанч. Гьединлъидал нилъеца мунагьалдехун кIвар гьечIеб бербалагьи гьабизе бегьуларо! {МЦ 24.2}

Илагьияб Къанун хвезабиялъул, МасихIил баркат рикIкIунгутIиялъул щибаб хIужаялъ, нилъее квешаб асар гьабула: ракI согIлъула, къуват загIиплъула, бичIчIи мукъсанлъула. МукIурлъиялде загIипго гурони гьесулареллъун лъугьиналдаго цадахъ загIиплъула Аллагьасул Мукъадасаб РухIалъул хIеренаб ахIиялъухъ гIенеккизе бажариги. {МЦ 24.3}

Жидер рахIат хвезабулеб бугеб намус, гIемерисез гIодобе биччазабула, жидее бокьараб мехалда квешлъиялъул нух рехун тезе кIолин жидедайилан абураб пикруялдалъун. Гьезда ракIалде ккола Аллагьасул рахIмуяб ахIиялъухъ гIенеккизе кколарин ва хаду-хадубги жидеда гьеб рагIизе бугин. Гьезда ракIалде ккола жидер гIумруялъулъ баркат-цIобалъул РухIги къварид гьабун, илбисалъул рахъалде аниги, ахирисеб хIинкъи бугеб лахIзаталда жидерго нух хисизабизе кIолин. Амма гьеб гьабизе гьедигIан бигьалъуларо. Мунагь-хIакъ тIад букIаго тIамураб гIумруялъул лъалкI хутIула гIамал-хасияталъулъ. Гьелдаса хадуб гIемеразе гуро бокьулеб МасихIида релълъине. {МЦ 24.4}

ХIатта, цо квешаб гIамалалъ, цо мунагьаб къасдалъ, кидаго гьеб рекIелъ бугони, ахир-къадги хвезабула Рохалилаб хабаралъул къуват. Бокьараб мунагьалъе мутIигIлъиялъ рухI Аллагьасдаса рикIкIалъизабула. Илагьияб хIакъикъаталда, тIирун чIун, божунгутIиялъ ва кин кканиги ургъел гьечIилан лъугьиналъги ахир-къадги рачуна жинцаго бекьараб жинцаго лъилъизе ккеялде. ТIолабго Библиялда гьечIо квешлъиялдехун гьединаб тIадагьаб бербалагьи гьабизе бегьуларилан, кIвар кьун кантIизариялъул мурадалда, гIакъилав Сулайманица абурал гIадинал рагIаби. Гьес абуна мунагьчи «жиндирго мунагьалъул туснахъалъув вугилан». (Притч. 5:22). {МЦ 25.1}

МасихI хIадур вуго нилъ мунагьалдаса хвасар гьаризе, амма нилъ гьелде хIалица тIамуларо гьес. Мунагьалъулъ гьетIун ккун, нилъ тIубанго квешлъиялъул рахъалда ругони, гьелдаса хвасарлъизеги ва нилъ хвасар гьарулеб Аллагьасул цIоб къабул

гьабизеги бокьун гьечIони, нилъее щиб гьабизе Гьесда кIвелеб? Нилъеца Гьесул рокьи тIадчIун нахъчIваялдалъун нилъецаго нилъго паналъизарулел руго. «Гьале гьанже бачIун буго доб божизе щвараб заман, бачIун буго нилъ хвасарлъизе хъван букIараб къо» (2 Кор. 6:2). «Жакъа нужее Аллагьасул калам цIалулеб бугони, нужерго ракIал рицалъизе риччаге» (Евр. 3:7,8). {МЦ 25.2}

«Инсан гьурмахъ валагьула, ТIадегIанав рекIехъ валагьула (1 Цар. 16:7) - инсанасул хис-хисулеб, тIубанго цоцазде дандекколарел рохалилги пашманлъиялъулги асарал жиндилъ ругеб, жиндилъ хъублъиги хIилла-рекIги гIемераб рекIехъ валагьула. Аллагьасе загьирал руго нужер къасдал, ният ва мурад. Нужер ракI кигIан хъубго бугониги, Гьесухъе а! Кинабго бихьулесул беразда цебе лъелин рекIел тIиналда бахчарабги, туркаби ахIулес гIадин: «Дир хIал бихье, Аллагь, дир ракI кинаб бугебали лъазабе; дир хIал бихье ва дир къасдал лъазаре; Мун валагье дун хIинкъараб нухда вугищали, ва дун абадияб нухде ккезаве» (Пс. 138:23,24). {МЦ 25.3}

ГIемерисез гIей гьабула гIицIго гIакълияб диналда, тIадбалагьун бихьулеб муъминлъиялда, амма гьезул ракIал рацIцIалъун рукIунаро. Нужеца гьаре: «Дир каранда бацIцIадаб ракI бижизабе, Аллагь, ва ритIухъаб цIияб рухI лъе дир чорхолъ» (Пс. 50:12). Нужго нужелъго рацIцIадаллъун рукIа! Гьира бугеллъун ва тIадчIараллъун рукIа, нужер гIумруялъе хIинкъи бугеб мехалъ щиб гьабизе букIараб батаниги, гьеб гьабе! Гьеб суал тIубазе ккола Аллагьасул ва нужер рекIел гьоркьоблъиялдалъун - тIубазе ккола абадиялъего. Нужее кIудияб зарал ккезе буго гIададисеб жоялде хьул лъун нужеца бахъулеб хIаракаталъ. {МЦ 25.4}

Гьари-дугIагун лъазабе Аллагьасул РагIи! Гьеб РагIуца нужее Аллагьасул Къануналъулъ ва ГIиса МасихIил гIумруялъулъ рагьула бацIцIалъиялъул цIакъго чIахIиял, жал гьечIого «лъиданиги ТIадегIанав вихьуларел» (Евр. 12:14) къагIидаби. Гьелъ нужер ракIчIезабула нужелъ мунагьал рукIиналда ва мухIканго бихьизабула хвасарлъиялде нух. Гьелъухъ нуж чара гьечIого гIенеккизе ккола нужер рухIалдехун Аллагьасул ахIиялъухъ гIадин. {МЦ 26.1}

Мунагьалъул гIасилъи ва унго-унголъун нилъер рекIел бугеб хIал бихьаниги, хьул къотIун рукIинарин! МасихI вачIун вугелъулха мунагьчагIи хвасар гьаризе. Нилъеца Аллагь нилъедехунго цIазе кколаро, щайгурелъул - Вай, хIикматаб рокьи! - Аллагьас «МасихIидалъун тIолабго гIалам Живгун рекъезабидал» (2 Кор. 5:19). Жиндирго хIеренаб рокьудалъун Гьес Жиндехунго цIала къосун ккарал Жиндирго лъималазул ракIал. Ракьалда ругел цониги эбел-инсуда кIоларо жидерго гъалатIазул цIурал лъималаздехун, Дунялалъул лъималаздехун Аллагьас гьабулелда релълъун, сабураб бербалагьи гьабизе. Гьесул гIадаб кIудияб тIалаб-агъазалдалъун ва кIудияб рокьиялдалъун лъиданиги кIоларо къосун ккарав жиндихъего ахIизе. Кинабго Гьес кьураб рагIиги нужго цIунейилан малъиги, цоги щибниги гуро, Гьесул бицун хIал кIолареб рокьи гурони. {МЦ 26.2}

Нуж кIудиял мунагьчагIи ругилан илбисалъ нужеда ракIалде ккезабураб мехалда, нуж ралагье Нужер Мунагьал Чурарасухъ ва бице Гьесул гьунаразул. ХIакълъунго нужее кумек гьабулеб жо ккола Гьесдасан бачIунеб нуралъухъ балагьи. Нужелъ мунагь букIиналъе мукIурлъе, амма илбисалда абе, «ГIиса МасихI дунялалде вачIанин мунагьчагIи хвасар гьаризе» (1 Тим, 1:15) ва Гьесул гIорхъи гьечIеб рокьиялдалъун нижги хвасарлъулилан. Цо нухалда ГIисаца Симонида бицана кIиго налъуласул хIакъалъулъ. Гьезул цояс жиндирго бетIергьанасе кьезе кколеб букIун буго дагьабго гIарац, цогидас - цIакъго гIемераб. БетIергьанас кIиязулго налъи тIаса хъвагIан буго. МасихIица Симонида гьикъана, «гьев кIиявго налъулазул кинасейин жиндирго бетIергьан цIикIкIун вокьилевилан». Симоница жаваб кьуна: «ЦIикIкIун гIарац тIаса хъвагIарасе цIикIкIун вокьила», - абун (Лк. 7:43). {МЦ 26.3}

Нилъ рукIана кIудиял мунагьчагIи, амма МасихI хвана нилъее тIаса лъугьин сайгъат гьабизе гIоло. Гьесул къурбан буго нилъ хвасар гьарейилан Инсуда гьаризе гIурабгIан кIодолъиялъул. Жидер цIикIкIарал мунагьаздаса тIаса лъугьаразе Гьев цIикIкIун вокьила. Гьесул тахида цере гIагардегIан рахъун чIела гьел ва Гьесул цIакъго кIудияб рокьиялъеги гIорхъи гьечIеб къурбаналъеги рецц гьабила. Аллагьасул рокьи нилъеда цIикIкIун бичIчIанагIан цIикIкIун загьирлъула нилъее мунагьалъул бугеб кIудияб зарал. Нилъедехун Аллагьасул бугеб гурхIелалъул кIодолъи бихьараб мехалъ ва нилъее гIоло МасихIица гьабураб гIорхъи гьечIеб къурбаналъул кIодолъи нилъеда бичIчIизе байбихьараб мехалда цо хиса-баси лъугьуна нилъер рекIелъ. Гьеб билъун уна рокьиялъулги кантIиялъулги асаразул чвахукь. {МЦ 26.4}

# ГІайибалъе мукІурлъи

Жиндирго такъсирал рахчулев чи бергьине гьечІо, гьезие мукІурлъарав ва рехун тарав чиясе тамихІ гьабиларо» (Притч. 28:13). {МЦ 28.1}

«Аллагьасул гурхІел! Кинал гІадатиял, гІакъилал ва ритІухъал шартІаздаха гьеб нилъеде щолеб! ТІадегІанас тІалаб гьабуларо нилъер мунагьазда тІаса лъугьиналъе гІоло нилъ гІазаб-гІакъуба хІехьон рукІин. ТІадегІанав Аллагь разилъизе ва нилъеца къанун хвезабиялдаса гьев тІаса лъугьине гІоло, хириял бакІазде халатал ва захІматал сапарал гьаризе яги нилъерго черхалъе гІакъуба кьезе кколаро. ТІадегІанав Аллагь тІаса лъугьуна жиндирго мунагьазде мукІурлъарав ва гьел рехун тарав чиясдаса. {МЦ 28.2}

Чапарас абулеб буго: «Нужерго мунагьал цоцазе рице, цоцаца дугІадулъги рехсе, нужго сахлъизе», -ян (Иак. 5:16). Аллагьасда цере нужерго мунагьазе мукІурлъе, гІицІго Гьесда кІолелъул нужеда тІаса лъугьине, амма нужер квешал ишазул рахъалъ цоцазеги мукІурлъе. Нужеца нужерго гьудул яги мадугьал къварид гьавуни, мукІурлъизе ккола нуж мекъи рукІанилан, гьесда тІадаб буго бокьун нужеда тІаса лъугьине. Цинги нужеца Аллагьасдаги гьаризе ккола тІаса лъугьайилан, нужеца къварид гьавурав чи Аллагьасул лъимер кколелъул, гьесул ракІ лъукъиялдалъун нуж Рижарасда ва нужер Мунагьал Чурарасда цере хІакъикье ккедал. Киналъулго хІакъалъулъ бице цохІо вугев ва хІакъав Гьоркьохъанасда, нилъер Бищунго КІудияв Кашишасда, «Гьесда бичІчІулелъул нилъер загІиплъи» (Евр. 4:15) ва гІайибалдаса Гьес нилъ рацІцІад гьарула. {МЦ 28.3}

Аллагьасде мутІигІлъичІел ва жал гІайибиял рукІиналъе мукІурлъичІел гІадамаз тІубазабуларо Аллагьас гьел къабул гьариялъе бугеб аслияб шартІ! Хадуб ккун нилъер ракІ бухІулареб хІалалъ нилъ кантІичІони, рекІелъ унго-унгояб мутІигІлъигун ва рухІалъул хІалхьи хвараб куцалда нилъеца нилъерго мунагьазулги бицинчІони ва къанун хвезабиги нилъее рихинчІони, гьелъул магІна ккола мунагьазда тІаса лъугьин щвеялъе нилъеца унгоунголъун хІаракат бахъулеб гьечІин абураб. Гьеб гьабичІони нилъее Аллагьасул дуниял насиблъуларо. Нилъер цересел мунагьал чуричІого хутІиялъе буго цо гІилла: нилъее бокьулеб гьечІо нилъерго ракІ мукІур гьабизе ва Аллагьасул РагІулъ ругел шартІалги тІуразаризе. Гьелда хурхун кьун руго мухІканал ва хасал насихІатал. Жиндирго мунагьалъе кин мукІурлъаниги - гІадамазда цебе яги Аллагьасда цебе - гьеб гьабизе ккола ракІ-ракІалъго, рекІел тІиналдасан лъугьуледухъ. ХІал-зулму гьениб бегьуларо, гьединго бегьуларо дун витІарав вукІинчІилан тохлъукьего ва тІаса-масаго абиги. Гьесул мунагьалъул хІакъирлъи инсанасда бичІчІизегІан, гьесда абизе бегьуларо гьелъул бицейилан. РекІел тІиналдасан бачІун, мукІурлъун бицин къабул гьабула гІемерго лъикІав ва къварилъи бичІчІулев Аллагьас. Туркаби ахІулес абулеб буго: «ТІадегІанав вуго ракІ къварилъун ругезда гІагарлъухъ ва жидер рухІал мутІигІлъарал Гьес хвасар гьарула» (Пс. 33:19). {МЦ 28.4}

Унго-унголъун мукIурлъи кидаго букIуна чIванкъотIараб ва мухIканаб. Цо-цо мунагьал рукIуна гIицIго Аллагьасда цере загьир гьаризе кколел; цогидал рукIуна гьел сабаблъун жидее зарал карал гIадамазда рицине кколел; лъабабилел рукIуна жамагIаталъе зарал ккарал, гьединлъидал гьезул бицине ккола киназдаго цебе. Амма кинабгоги мукIурлъи букIине ккола мухIканаб ва къучIаб. Нуж мукIурлъизе ккола гIицIго нужеда гIайиб бугел мунагьазе. {МЦ 29.1}

Самуилил заманалда Исраилил халкъ Аллагьасдаса тIуна, ва гьеб сабаблъун гьезие къварилъи ккана. Гьезулъ Аллагьасда божи хвана, гьединго лъугIана Гьесул кIудияб гIакъиллъи ва гьезие нухмалъизе бугеб къудрат бичIчIиги. Гьезулъ хвана Жиндирго ишалъе жаваб кьезе ва гьеб цIунизе Гьесул бугеб бажариялда божи. Гьел кьурун руссана ГIаламалъулго КIудияв Кверщелчиясдаса ва гьезие бокьана мадугьалихъ ругел халкъазулго гIадинаб пачалихъияб гIуцIи жидерги букIине. Рекъел ккелелде гьезда мухIканго ва якъинго бичIчIанна ва мукIурлъана жидерго гIайибалъе: «Нижер киналго мунагьазде тIаде нижеца жубана нижее парччахI кьейилан гьариялъул мунагьги» (1 Цар. 12:19). Гьел мукIурлъизе кколел рукIана гьезул намусалъе рахIат толеб букIинчIеб мунагьалъе. Баркала гьечIолъиялъул асаралъ гIазаб кьолеб букIана гьезул ракIазе ва гьел Аллагьасдаса ратIалъизарулел рукIана. {МЦ 29.2}

РакI-ракIалъ кантIичIони ва хисичIони, жиндир мунагьалъе мукIурлъи, гьеб Аллагьас къабул гьабуларо. ГIумруялъулъ лъугьине ккола таваккалал хиса-басиял; Аллагьасе хIакъирабщинаб нахъе бачахъизе ккола. Гьединаб букIуна мунагьалдаса унго-унголъун кантIиялъул хIасил. Нилъее якъинго бицун буго щиб гьабизе колебали: «Чуре, рацIцIалъизаре; Дир берازда цереса квешал ишал рикIкIалъизаре; квешлъи гьаби рехун те; лъикIлъи гьабизе ругьунлъе; ритIухълъи балагье; зулму тIад бугев тархъан гьаве; бесдал лъимер цIуне;къоролалъе хIалае вахъа» (Ис. 1:16). «Гьев къанун хвезабурав чияс аманат нахъе кьуни, бикъараб-хъамурабги бецIани, щибго квешлъи гьабичIого, гIумруялъул къанунazда рекъон хьвадани, гьев хвеларо, чIаго вукIина» (Иез. 33:15). Унго-унгояб кантIиялъул хIасилазул гьадин хъвалеб буго Павел чапарас: «Хал гьабеха гьеб Аллагьасдасан бачIараб пашманлъиялъ нужелъ гьира-шавкъ бижизабураб куцалъухъ! Нужго рацIцIалъизе бахъараб хIаракаталъ, мунагь гьабурасдехун ццидал кутакалъ, гьелда хурхун рекIелъе лугьараб Аллагьасухъа хинкъиялъ, гIайиб ккарасе гьабураб тамихIалъ, - гьеб киналдалъунго нужеца бихьизабуна нуж гьеб ишалъулъ рацIцIадал рукIин» (2 Кор. 7:11). {МЦ 29.3}

Мунагьалъ хвезабула намус-яхIалъул къуват, гьединлъидал мунагьчиясда рихьуларо жиндирго гIамал-хасияталъулъ ругел гIунгутIаби ва бичIчIуларо жинца гьабураб квешлъиялъул гIасилъи. Гьев мукIурлъизавулеб Илагьияб РухIалъул къуваталъе мутIигIлъичIони, гьесда рагIа-ракьанде щун бичIчIуларо жиндирго мунагь. Гьесул мукIурлъиги ракIбацIцIадаблъун ва кIвар бугеблъун лъугьунаро. ГIайибалъе мукIурлъулевщинахъе жив къватIив чIвалевилан хIинкъун, гьес

хIаракат бахъула, ахIвал-хIалалда мугъчIвай гьабун, живго витIарав вукIин чIезабизе. {МЦ 30.1}

Гьукъараб пихъ кванараб мехалда, Адамги ХIаваги хIинкъана ва намуслъана, Цин гьезда ракIалде ккана, жидеца мунагь гьабичIолъи чIезабун, хвалдаса хвасарлъизе. Гьез гьабураб мунагьалъул хIакъалъулъ тIадегIанас гьикъидал, гIайибалъул цо бутIа Аллагьасде ва ХIаваде рехун, гьадин жаваб кьуна Адамица: «Дуца дие кьурай чIужуялъ кьуна дие гъотIодаса гьеб, ва дица кванана». ЧIужуялъ, жиндирго иргаялда, борхьиде гIайиб рехун, абуна: «Борхьица дун гуккана, ва дицаги кванана», - ян (Быт. 3:12, 13). Щай Дуца борохь бижараб? Щай Дуца Гьеб Едемалъул ахикье биччараб? Гьел суалал загьирлъулел рукIана гьелъул жавабалъулъ ва жидер мунагьалъе жавабиявлъун Аллагь вихьизавулев вукIана. Живго ритIухъ гьавиялъул рухI инсанасулъ лъуна гьерсил инсуца, ва гьеб щвана Адамил тIолалго васазе ва ясазе. Гьединаб мутIигIлъи Илагьияб РухIалъе дандекколаро ва Аллагьас къабул гьабуларо. Унго-унгояб кантIиялъул асар рекIелъе лъугьарав чияс мунагьалъул тIолабго жавабчилъи жиндедаго тIаде босула ва, щибго хIилла ва хIадари гьечIого, жиндирго гIайибалъе мукIурлъула. Зобалазде берал руссинаризе намуслъарав, талихI къосарав дов магъало бакIарулев чияс гIадин, гьес гьарула: «Аллагь! Дида, мунагьчиясда гурхIа», - ян. Жидер гIайибалъе мукIурлъарал гIадамал ритIухълъизарула, ГIисал биялдалъун ва Гьесул шапагIаталдалъун гьеб гьабизе бажарулелъул. {МЦ 30.2}

Аллагьасул РагIулъ рехсон руго унго-унгояб кантIиялъул ва мутIигIлъиялъул мисалал. Библиялда бицун буго, тIаса лъугьин ва живго витIарав вукIин тIалаб гьабичIого, жидерго мунагьазул бицарал гIадамазул хIакъалъулъ. Павел чапарас бахчулеб гьечIо жиндирго мунагь. Жиндир гIайиб дагьаб букIин чIезабизе лъугьинчIого, гьес гьеб къватIибе кьолеб буго бищунго хIакъираб хIалалда. Гьес абулеб буго: «ЧIахIиял кашишзабаз ихтиярги кьун, иман лъуразул гIемерал гIадамал туснахъалде рехана дица. Гьел чIвалеб мехалъги, разияв вугилан квер борхана дица. Киналго синагогабазде ун, чанги тамихI гьабуна дица гьезие, ГIиса какизе тIамуна, ва гьездехун букIараб ццидал кутакалъ дун тIамуна, цогидал шагьаразде унги, гьезие гIазаб-гIакъуба кьезе» (Деян. 26:10, 11). Чапарас битIухъего абулеб буго: «МасихI ГIиса дунялалде вачIана мунагьчагIи хвасар гьаризе, гьезда гьоркьов дунги вуго тIоцевесев» (1 Тим. 1:15). {МЦ 31.1}

ХIакъаб кантIиялъ асир гьабураб, мукIурлъараб ва пашманлъараб рекIеда кIола Аллагьасул рокьи ва Голгофаялда букIараб къурбан цо къадаралъгIаги бичIчIизе. Вокьулев инсуда цеве вас жиндирго гъалатI-хатIаялъе мукIурлъулев гIадин, унго-унголъун кантIарав мунагьчиясги Аллагьасе рагьула къанун хвезабиялъулъ жинца гьарурал киналго ишал: «Нилъеца нилъерго мунагьал рехсани, - ян абулеб буго Библиялда, - рагIи кьучIав ва ритIухъав Гьев нилъер мунагьазда тIаса лъугьуна ва нилъ кинабго квешлъиялдаса рацIцIад гьарула» (1 Ин. 1:9). {МЦ 31.2}

# Назру гьави

Аллагьас рагІи кьолеб буго: «Ва Дун валагье, ракІракІалъ нужеца валагьани, Дун нужеда ватила», - ян. (Иер. 29:13). Нилъедаса тІалаб гьабулеб буго тІубанго Аллагьасе мутІигІлъи, гьелдалъун нилъер чорхолъ лъугьунеб буго Гьесулгун релълъенлъи ва нилъ цІилъулеб хиса-баси. Нилъер тІабигІаталдалъун нилъ Аллагьасдаса ратІа тІун руго. Гьединаб хІалалъул хІакъалъулъ гьадин бицунеб буго Илагьияб РухІалъ: «такъсирги мунагьги сабаблъун хварал чагІийин нуж рукІарал», «тІолабго бетІер чанхъаз бацун букІана», «ракІ гьодорлъун букІана», «сахаб бакІ хутІун букІинчІо». Илбисалъ нилъ щулаго ккезарун рукІана жиндирго къорикье, гьелъ «жиндирго кверщаликь чІезарун рукІана» (Еф. 2:1; Ис. 1:5,6; 2 Тим. 2:26). Аллагьасе бокьана нилъ сахлъизаризе ва тархъанлъизаризе. Амма гьелъие хІажалъулелъул кьучІдасанго хисизари ва нилъер тІолабго тІабигІат цІилъизаби, гьединлъидал нилъ тІубанго Гьесие мутІигІлъизе ккола. {МЦ 32.1}

Жидерго нафсгун къеркьей - гьеб буго гІадамаз кидагоги гьабизе ккараб бищунго кІудияб рагъ. Жидерго нафс къезабизе, Аллагьасул къудраталъе тІубанго мутІигІлъизе хІаракат бахъизе ккола. Живго Аллагьасе назру гьавичІони, инсанасе щоларо бацІцІадаб цІияб гІумру. {МЦ 32.2}

Аллагьасул кверщел «беццаб» мутІигІлъиялъулъ, гІакълу гьечІеб мутІигІлъиялъулъ гуро бугеб, амма илбисалъе бокьула гьеб гьедин букІине. Жинца рижаралщиназул гІакълуялде ва намусалде ахІи бала Аллагьас. Гьес гІадамазда абула: «РачІа, хІукму гьабилин» (Ис. 1:18). Гьес нилъер рухІалъе хІал-зулму гьабуларо ва къабул гьабула бокьун, разилъун лъугьунеб, гІакъилаб мутІигІлъи. Зулмуялдалъун гІинтІамизе ахІиялъ хвезабилаан тІолабго рахъалъулаб гІакълуяб ва намус-яхІалъулаб цебетІеялъе рес. Гьелъ инсан роботалде свериизавилаан. Гьеб данде кколаро Нилъ Рижарасул кверщелалде. Гьесие бокьула жинца бижанщиналъул тІогьлъун, тІокІлъилъун лъугьарав инсанасе бищунго тІадегІанаб цебетІей щвезе. Аллагьас нилъее бихьизабулеб буго бищунго цІикІкІараб лазат бугеб бакІ ва Гьесие бокьун буго Жиндирго цІобалдалъун нилъ гьенире рачине. Гьеб Жинца ургъараб иш тІубазе гІоло, Жинде руссайилан ахІулеб буго Гьес нилъеде. Нилъеца тІаса бищизе ккола, Аллагьасул лъималазул эркенлъиялде гъорлъе лъугьине гІоло, мунагьалъул ханлъиялдаса тархъанлъизе нилъее бокьун букІин. {МЦ 32.3}

Нилъго Аллагьасе назру гьабиялдалъун, нилъеца чара гьечІого инкар гьабизе ккола Гьесдаса нилъ ратІа гьабулебщиналдаса. Гьединлъидалин Хвасар гьарулес абулеб бугеб: «Нужеда гьоркьов вугев щивав чияс жиндирго бугебщиналдаса инкар гьабичІони, гьесда кІоларо Дир чапарлъун вукІине» (Лк. 14:33). Бечелъиялъ жиндехунго цІала гІемерисел гІадамал. ГІарцуде рокьи, бечелъиялде гІащикълъи - гьеб ккола гьел илбисалдехун рухьунеб меседил рахас. Цогидаз бищунго цІикІкІун тІалаб гьабула цІар-рецц ва хІурмат-къадру. ТІалаб-агъаз ва жавабчилъи гьечІеб

гIумру бокьулелги руго. Амма гьел лагълъиялъул рахсал тIу-тIун разе ккола. Нилъеда кIвезе рес гьечIо бащдалъ ТIадегIанасе, бащдалъ дунялалъе мутIигIаллъун рукIине. Нилъ Аллагьасул лъималлъун рукIунаро, тIубанго гьесуллъун лъугьинчIони. {МЦ 33.1}

Цо-цояз чIезабула жидеца Аллагьасе хъулухъ гьабулеб бугилан, амма Гьесул къанун тIубазабиялда, бацIцIадаб гIамалхасият куцаялда ва хвасарлъиялда хурхун жидерго къуваталде мугъчIвай гьабула. Гьединал гIадамазул ракIазе МасихIил рокьиялъ жеги тIубанго асар гьабун гьечIо. Гьез хIаракат бахъула христианазда тIадал жал Аллагьасул фарз гIадин кьуричIого тIуразаризе, гьелдалъун жидее абадияб гIумру насиблъулеб гIадин. Гьединаб диналъул щибниги пайда гьечIо. МасихI рекIелъ вугони, нилъелъе Гьесул рокьи ва Гьесулгун гьоркьоблъиялъул рохел лъугьуна, гьелдаса хадуб нилъеда Гьев гьечIого чIезе кIолареб хIалалъ. Гьесул пикру гьабулаго, нилъеда кIочон тола нилъер нафс, нилъер киналго ишазда кверщел гьабула МасихIиде рокьиялъ. Нилъ жиндехунго цIалеб Аллагьасул рокьиялъул асар рекIелъе лъугьарал гIадамаз пикру гьабуларо Аллагьасул тIалабал кIванагIан жидее бигьаяб къагIидаялъ киндай тIуразарилел абун. Гьез хIаракат бахъула Жидер Мунагьал Чурарасе тIубанго дандекколеб къагIидаялъ гIумру гьабизе, хIадурго рукIуна рохуца холаго кинабго рехун тезе ва жидеца тIаса бищараб мурадалде щвеялъе гIоло тIубанго жал назру гьаризе. Христианасул рекIелъ гьеб гъваридаб рокьи гьечони, гьесул дин ккола гьодорал рагIаби, гьереси ва баччизе бакIаб гьир. {МЦ 33.2}

Нужеда кколеб батила МасихIие назру гьари нужее цIакъго цIикIкIараб къурбанлъун лъугьанилан. Гьедин батани, нужеего суал кье: «Дие МасихIица щиб кьураб?» - абун. Нилъ хвасар гьаризе гIоло Аллагьасул Васас кинабго кьуна: жиндирго икъбал, рахIат-хIалхьи, гIумру. Гьес нилъее назру гьабуна Жиндир тIолабго РакI, Жиндир тIолабго рокьи. Гьединаб рокьиялъе мустахIикъал гьечIел гIадамаз, нилъеца, Гьев нилъерго ракIазулъе виччачIогойищха телев? Щибаб лахIзаталда нилъеца пайда босула гьесул баркат лъеялдаса ва цохIо гьеб сабаблъун нилъеда бичIчIула жагьиллъиялъул кинаб кIкIалахъа къватIире рахъаралали ва кинаб гIазаб-гIакъубаялдаса рорчIаралали. Нилъ бегьилищ нилъер мунагьал сабаблъун Ворлъарасухъ балагьун, Гьесул рокьиялъулъги къурбаналъулъги гIахьаллъичIого рукIине. ТIадегIанас Живгун нилъ рекъезари бихьун хадуб, нилъ бегьилищ гIумруялде нилъер нух захIматаб къеркьеялдалъун ва нилъго къабихI гьариялдалъун бугилан зигардизе. {МЦ 34.1}

ГIемерисел чIухIарал гIадамаз гьикъула: «Щай нилъ рекIекълъизе ва сабруялда чIезе кколел? Унго, дун ракIчIун вукIине бегьуларищ, гьедин гьабичIониги, Аллагьас дун къабул гьавилилан». Нуж МасихIихъ ралагье. Гьесда мунагь букIинчIо. ТIадежоялъеги, Гьев вукIана Зобалазул ПарччахI. Амма гIадамазул тIолабго наслу хвасар гьабизелъун, мунагьалъухъ Къурбанлъун лъугьана гьев. Гьес «Жиндирго рухI хвезе кьуна ва хъачагълъунги рикIкIана, гIемеразул мунагь

Гьес Жиндего тIаде босараб ва такъсирчагIазул шапагIатчилъун лъугьараб мехалъ» (Ис. 53:12) {МЦ 34.2}

МасихIие кинабго кьолеб мехалъ, сундасаха нилъеца инкар гьабулеб? ГIисаца Жиндирго Биялдалъун нилъ рацIцIад гьаризе, ва жинда релълъараб тIокIаб гьечIеб Гьесул рокьиялдалъун нилъ хвасар гьаризе гIоло, инкар гьабула мунагьалъул хъублъиялдаса. Амма цо-цо гIадамазда кколеб буго кинабго рехун тезе кутакалда захIмалъулилан. Гьединал пикрабаздасаги рагIабаздасаги нилъ нечезе ккола. {МЦ 34.3}

Аллагьас нилъедаса тIалаб гьабулеб гьечIо нилъее лъикIаб жоялдаса нилъеца инкар гьабейилан. Гьес кидаго тIубазабула Жиндирго лъималазул мурад. Жеги жидеца МасихI тIаса вищичIезда бичIчIизе ккола Аллагьас нилъее бихьизабулеб букIин дунялалда нилъеца нилъеего балагьулеб бугелдаса гIемерго лъикIаб жо. Инсанас жиндиего цIакъго кIудияб зарал гьабулеб буго Аллагьасул амруялде данде чIараб пикруги ишги гьабиялдалъун. Аллагьас гьукъараб нухдасан арав чи унго-унголъун талихIав вукIине рес гьечIо. ЦохIо Гьесда лъала нилъее щиб лъикIаб бугебали, ва кинабго гьабула нилъее лъикIлъиялъе. Мунагьалъул нух-гьеб буго гIазаб-гIакъубаялъул ва паналъиялъул нух. {МЦ 34.4}

Жиндирго лъималазе бугеб гIазаб-гIакъубаялъухъ балагьун Аллагьас кеп босулин абун ракIалде кколел гIадамал мекъи руго. ТIолалго зобалазул мурад буго инсан талихIав вукIин. Зобалазда Вугев Нилъер Инсуца инсан рохелалдаса махIрум гьавуларо. Аллагьас нилъ ахIулел руго хадубккун нилъее гIазаб-гIакъуба букIунелдаса ва гьабичIебанищан нилъеда ракIалде кколелдаса, талихIалде ва абадияб гIумруялде нилъее нух къалебщиналдаса инкар гьабизе. ГIалам Хвасар гьабурас гIадамал къабул гьарула гьел ругеб хIалалда: гьезул киналго гIунгутIабигун загIиплъабигун ва камиллъи гьечIолъигун. Гьес гьел мунагьаздаса рацIцIад гьарула, Жиндирго Биялдалъун гьел хвасар гьарула ва Жиндир «гьир» баччизе разилъаралщиназул рекIел ругел балъгоял мурадалги тIуразарула. Гьесие бокьун буго гIумруялъул чадида хадур Жиндихъе рачIарал киназего рекъел ва рекIее хIалхьи кьезе. Лазат-рахIаталъул тIогьире нилъ рачунел тIадал ишал тIуразаризейин ГIисаца нилъ ахIулел ругел. Гьесул амруялде данде чIаразе гьеб хIал киданиги насиблъизе гьечIо. МасихI жиндир рекIелъ вугев (чапарас абухъе Гьесул «мащгьурлъиялъулъ лъедолев вугев») чиясул гIумруялъулъ гурони букIине гьечIо тIубараб рохел. {МЦ 35.1}

ГIемераз гьикъула: «Дир гIумру бачине кверщел Аллагьасухъе кин кьелеб?» - ан. Нужее гьедин гьабизе бокьун буго, амма нужелъ гьечIо рухIияб къуват, нуж лъугьун руго щакдарабазул лагъзаллъун, нуж ккун руго мунагьазул кверщаликье. Нужер рагIи кьейги хIукмабиги щущан унел руго, кагътил гьабураб рукъ гIадин. Нужеда кIолеб гьечIо нужер пикрабазда, къасдазда, нафсалъул лазатазда тIад кверщел гьабизе. ТIубаларел рагIабазги тIадеросиязги нуж тIамулел руго ракI-ракIалъго гьабулеб бугодай нижеца гьабилан щакдаризе. Нужеда ракIалде кколеб

буго Аллагьас нуж къабул гьаруларин, амма хьул къотІизе биччазе бегьуларо. БичІчІизе ккола унго-унгояб рухІияб къуват щиб жояли. Инсанасул хасияталъулъ гьеб ккола цо ишалда хурхун хІукму гьабизе гьев тІамулеб къуват. Кинабго бараб буго гьеб къуват битІун хІалтІиялда. Аллагьас инсанасе кьун буго тІаса бищизе бажари. Гьелдаса пайда босизе ккола. Нужеда кІвани нужерго къуват Гьесухъе кьезе, Гьес нужелъ «жиндиего бокьухъе лъугьинабизе буго бокьиги ишги». Гьеб мехалда нуж рукІина тІубанго МасихІил РухІалъул нухмалъиялда гъоркъ, нужер нияткъасдги Гьесулалде данде ккела. {МЦ 35.2}

Беццараб буго мукъадасабщиналде ва лъикІлъиялде бахъулеб хІаракат. Амма цохІо нужее бокьаралда гІей гьабун чІани, гьелдаса кинабгІаги пайда букІине гьечІо. Христианаллъун рукІине бокьаниги ва христианаллъун жалго рикІкІунел ругониги гІемерисел гІадамал паналъизе руго. Гьез жидерго къуват Аллагьасе мутІигІ гьабичІолъиялъ ва гьеб тІаса бищизе жакъаги гьезул таваккал гІолеб гІечІолъиялъ. {МЦ 36.1}

Нужеца битІараб рахънибе ккезабун бачани, нужер гІумру тІубанго хисизе буго. МасихІие мутІигІлъиялдалъун нужее щвезе буго Дуниялалда бищунго Къудратасул кверчІвайги кумекги. Кидаго Аллагьасе нужго мутІигІ гьариялдалъун нужее рагьула къуваталъул къин гьечІеб ицц ва нужеца чІаголъи гьабизе буго цІияб гІумруялда - божи жиндилъ гьарзаяб гІумруялда. {МЦ 36.2}

# Божи ва къабул гьави

Илагьияб РухIалъ намус борчIизабураб мехалда, нужеда бихьула мунагьалъул бугеб кIудияб зарал ва кинабго щущазабизе бугеб къуват, нужеда бичIчIула нужер тIолабго гIайиб. Мунагь сабаблъун бачIунеб балагь бихьидал, нуж рокьукълъигун ралагьула гьелъухъ, бичIчIула гьелъ нуж Аллагьасдаса батIа гьарун ва лагълъиялде ккезарун рукIин. КигIан цIикIкIун нуж гьелде данде къеркьаниги, гьедин цикIкIун бичIчIула нужеда нужерго загIиплъи, нужер гIамалалъул квешлъи ва хъублъи. БичIчIула нужер рекIелъ мунагьалъ ва нужго рокьиялъ гъваридго кьалбал риччан рукIин. ГIащикълъун рукIуна тIаса лъугьиналъухъ, рацIцIалъиялъухъ, тархъан-лъиялъухъ. Кинха нуж Аллагьасулгун рагIи дандеккеялде рачIинел, Гьесда релълъараллъун лъугьинел? {МЦ 37.1}

Жанисеб дунял-гьеле нужее хIажатаб жо. Гьеб ккола Аллагь тIаса лъугьин ва рекIелъ рокьи. Я гIарцуда, я пагьму-гьунаралда, кинаб букIаниги инсанасулаб гIакълу-лъаялда кIоларо нуж гьеб дунялалъул бетIергьабилъун рахъинаризе. Нужерго хIаракаталдалъун гьеб балагьизе лъугьиналъул щибго пайда гьечIо. Аллагьас гьеб нужее чIобого, «гIарац ва мухь босичIого» (Ис. 55:1) кьолеб буго. Гьеб нужее кьунго буго. Нужеца гIицIго квер битIун босизе хутIун буго. ТIадегIанас абулеб буго: «Нужер мунагьал билбагIарал ругони, - гIазу гIадин хъахIлъизарила, бецIбагIарал ругони, - карачел гIадин хъахIлъизарила» (Ис. 1:18), «ва нужее цIияб ракI кьела, ва нужее цIияб рухI кьела» (Иез. 36:26). {МЦ 37.2}

Нужеца нужерго мунагьазул бицана ва гьел рехут тана. Нужго Аллагьасе кьезе хIукму гьабуна. Гьанже гьесухъе а, ва Гьесда гьаре нуж мунагьаздаса рацIцIалъизарейин, цIияб ракI кьейин. Гьедин ккезе букIиналда божа, Гьес рагIи кьун бугелъулха. Ракьалда гIумру гьабун вукIаго, МасихIица гьадин малъулаан: Аллагьас рагIи кьураб сайгъат нужее щвезе букIиналда нуж божизе ккола, ва гьеб нужее щвезе буго. Гьесул къудраталда гIадамал тIубанго божараб мехалда, ГIисаца гьел сахлъизарулел рукIана. Хвасар Гьарулес гьезие бихьулеб кумек гьабулеб букIана, цо бихьуларебаб гьабизе-мунагьаздаса тIаса лъугьине Жинда кIолеблъи бихьизабизе. Гьелъул хIакъалъулъ якъинго бицана гьес цо щокъав чи сахлъизавулаго. «Нужеда лъан букIа: ГIадамил Лъимадул ихтияр буго гьаб ракьалда гIадамазул мунагьал тIаса лъугьун тезе...тIаде вахъа ва дурго турутги босун рокъове а» (Матф 9:6). МасихIил мугIжизатазул бицунаго, Иоанн чапарас гьеб пикру гьадин тасдикъ гьабулеб буго: «Гьаб хъвана гьев ГIиса Аллагьасул Вас МасихI вукIиналда нуж божизе бокьун ва гьелдалъун нужее абадияб гIумру насиблъизеги бокьун» (Ин. 20:31) {МЦ 37.3}

ГIисаца унтарал сахлъизарулел рукIараб куцалъул хIакъалъулъ инжилалда гIадатияб къагIидаялъ бицун бугелъул нилъеда лъала, Гьесда божани, нилъер мунагьазда тIаса лъугьине ВукIин. ТIадруссинин Вифездаялдаса щокъав чи сахлъизавиялъул бициналде. Гьев пакъир вукIана цIакъ загIипго, гIазабалда

гъоркь, лъебералда микьго сон ун букIана гъесда вилълъанхъизе кIвечIелдаса. Амма ГIисаца гъесие амру гъабуна: «ТIаде вахъа, дурго турут кодобе босе ва вилълъанхъе». - ян. Унтарас абизе бегьулаан: «ТIадегIанав, Дуца дун сахлъизавуни, дица Дур амру тIубазабила», - ян. Амма гъев божана МасихIил рагIабазда, божана жив сахлъун вукIиналда, ва гъебсагIатго вахъун чIезе къасд гъабуна; вилълъанхъизе хIадурго вукIин загьир гъабуна ва тIамун галабигун ана. Гъес гъеб гъабуна МасихIил рагIухъ гIенеккун, ва Аллагьас гъесие къуват кьуна. Унтарав сахлъана. {МЦ 38.1}

Дур мунагьаз мун вачун вуго гъединабго хIалалде. Дуда кIоларо дурго цересел мунагьаздаса вацIцIалъизе, дурго ракI хисизе ва валилъун вахъине. Амма Аллагьас рагIи кьолеб буго МасихIидалъун гъеб кинабго дуе гъабизе. Гъес кьураб рагIуда божа. Дурго мунагьазул бице ва мунго Аллагьасухъе кье. Гъесие хъулухъалъе чIезе хIукму гъабе. Дуца гъедин гъабурабго Аллагьас Жиндир кьураб рагIи тIубазабичIого толаро. Жив сахлъун вугилан божун хадув, гъебсагIатго вилълъанхъизе бажари ГIисадасан щварав дов щокъав чи гIадин мунги сахлъила. Божулесда щибго гъабизе кIола. {МЦ 38.2}

Мунго сахлъун вукIиналъул асар лъугьинегIан чIечIого, дуца абе: «Дун гъелда божула, сахлъун вукIин лъаялдалъун гурев, Аллагьас рагIи кьун букIиналдалъун». {МЦ 38.3}

ГIисаца абулеб буго: «ДугIадулъ Аллагьасда нужеца щиб гьарулеб бугониги, - нуж божа, Гъес нужер гьари тIубан бугилан (Мк. 11-24) . Гъеб рагIи Гъес кьолеб буго цо шартIгун: нилъеца гьаризе ккола Аллагьасе бокьулеб жо. Гьайгьай, Аллагьасе бокьун буго нилъ мунагьалдаса рацIцIалъизаризе, Жиндиралльунго гьаризе, мукъадасаб гIумруялдалъун яшав гьабиялъе нилъее къуват кьезе. Гъединлъидал нилъеца гьаризе бегьула гъединаб баркат-цIоб, божизе ккола гъеб щвезе букIиналда ва щваралъухъ Аллагьасе баркалаги кьезе ккола. КигIан цIикIкIараб тIокIлъиха бугеб ГIисахъе рачIиналъулъ, мунагьалдаса рацIцIалъиялъулъ ва Аллагьасул Къануналда цере намуслъичIого ва ничалъ гIазаб кьечIого чIеялъулъ! «Гъедин, черхалдалъун гуреб, амма рухIалдалъун ГIиса МасихIиде цолъун гIумру гьабулезе кинабгIаги тамихI гьечIо гьанже» (Рим. 8:1). {МЦ 38.4}

Гъединлъидал нуж нужерго ихтияралда гьечIо ва нуж ричун росун руго хирияб багьаялде. «ЧIобогояб гIумруялдаса нуж биунтIагIун унеб гIарац-месед кьун гурелъулха тархъан гьарурал... гIайибги мунагьги гьечIеб КьегIер гIадинав МасихIил къиматаб биялдалъунлъидал» (1 Петр. 1:18,19). Мун гIицIго Алагьасда божизе ккола, ва Илагьияб РухIалъ дулъ цIияб гIумру лъола. Мун гьанже Гъесул хъизаналъул чи ккола. Гъесие мун вокьула Жиндирго Вас гIадин. {МЦ 39.1}

Гьанже дуца мунго ГIисахъе кьуна, дуца нахъехун гали босуге, Гъесдаса рикIкIалъуге, амма щибаб къоялъ абе: «Дун МасихIил вуго, дица дунго Гъесие кьуна», - ян. Гьаре дуе Гъес Илагьияб РухI кьезе ва Жиндирго цIобалдалъун мун цIунизе . Нужеца нужго Алагьасе кьеялдалъун ва Гъесда божиялдалъун, Гъесул

васаллъун лъугьиндал, Гьесулъ гӀумру гьабе! Павел чапарас абулеб буго: «МасихӀ ГӀиса нужерго ТӀадегӀанавлъун рикӀкӀун вугелъул, сундульго Гьесде цолъун хьваде» (Кол. 2:6). {МЦ 39.2}

Цо-цоязда ракӀалде ккола Гьесул баркаталде жидер хьул лъелелде, цин цебе цо хасал захӀмалъаби хӀехьезе кколин ва жал хисун рукӀиналда ТӀадегӀанав божизавизе кколин. Амма гьанжего ихтияр буго Алагьасул баркат щвезе. ГӀадамазулъ гьечӀони гьезие къуват кьолеб баркатги МасихӀил РухӀги, гьезда кӀоларо квешлъиялде данде чӀезе. ГӀисае бокьун буго гьанже ругеб хӀалалда-нилъер киналго мунагьалгун ва загӀипал рахъалгун нилъ Жиндихъе рачӀине. Гьесие бокьун буго нилъеца гьесда мугъчӀвазе. Нилъ Гьесухъе рачӀине бегьула нилъер киналго загӀипал рахъалгун, пасатал ишалгун, жагьиллъигун, ва рекӀекълъун Гьесул хӀатӀазда цере гӀодор накаби чӀвазе ккола. Жиндирго кӀудияб гурхӀелалдалъун Гьес нилъеда Жиндирго рокьул къвал бала, нилъер ругъназда катан къала, кинабго чороклъиялдаса нилъ рацӀцӀалъизарула. {МЦ 39.3}

Гьеле гьенир гӀемерисел мекъи ккола. Гьел божуларо хасго жидедаса ГӀиса тӀаса лъугьунев вукӀиналда. Гьел божуларо Аллагьас кьураб рагӀуда. ГӀайиб гурищха. Аллагьас цере лъурал шартӀал тӀуразарулезул тӀокӀлъи буго - жидерго хӀалбихьиялдалъун гьезда лъала Аллагьас жидее тӀасалъугьин сайгъат гьабун букӀин. Гьев тӀаса лъугьуна гьезул киналго мунагьаздаса! Нужеца аскӀоса бачахъе Аллагьас кьураб рагӀи нужеда хъатӀуларин абураб пикру. Гьеб рагӀи кьун буго мунагьаздаса рекӀекълъаравщинав чиясе. МасихӀица малаикзаби ритӀула щибаб божулеб рухӀалъе баркатги къуватги босун. Мунагьчи кинав вукӀаниги, киналго мунагьчагӀазе гӀоло хварав МасихӀилъ гьесие щола къуват, рацӀцӀалъи ва муъминлъи. МасихӀ хӀадур вуго щивасда тӀаса мунагьалъул тӀанкӀал ругеб ва чороклъараб ретӀел бахъизе, ва гьесда тӀад муъминлъиялъул хъахӀаб ретӀел ретӀине. Щивав мунагьчиясе Гьес бихьизабулеб буго, хвалил бакӀалда, гӀумру. {МЦ 39.4}

Хвезе рижарал нилъеда(гӀадамазда) гьоркьоб бугеб гӀадинаб къагӀидаялъ гьабуларо Алагьас нилъедехун гьоркьоблъи. Гьесул нилъедехун букӀуна гурхӀел, рокьи ва нилъер хӀал хӀеренго бичӀчӀиялъул асар: «Биччанте рехун тезе намус гьечӀес жиндирго нух; къанун рикӀкӀунарес - жиндирго къасдалги, ва ТӀадегӀанасде вуссине, Гьев гьесда гурхӀила, ва нилъер Алагьасде вуссина, гьев цӀакъ цӀоб гӀатӀидав вуго»; «къануналъулгун дур дандеккунгутӀаби Дица гӀодоб накӀкӀ гӀадин бикьа-биххизабила ва дур мунагьалги накӀкӀул парча гӀадин рачахъила» (Ис. 55:7; 44:22). {МЦ 40.1}

Библиялда руго гьадинал рагӀаби: «ТӀадегӀанав Аллагьас абулеб буго, холесул хвел дие бокьун гьечӀелъулха; амма диде руссани - чӀаго рукӀина!» (Иез. 18:32). Илбисалъ нахъаса къотӀичӀого хӀаракат бахъула баркатлъун Аллагьас кьураб рагӀи нилъедаса бахчизе. Гьелъие бокьун буго хьулалъул гьитӀинабгӀаги кунчӀиялдаса, канлъул гьитӀинабгӀаги чӀоралдаса нилъ махӀрумлъизаризе. Гьеб нилъеца биччазе

бегьуларо. Гьеб тушманалъухъ гІенеккуге, дуца абе: «ГІиса хвана дие гІумру кьезе гІоло. Гьесие дун вокьула ва Гьесие дун паналъизе бокьун гьечІо. Дир вуго дида гурхІулев Зобалазул Эмен; Гьесул рокьи дица цебе гІадахъ босичІониги, ва Гьес дие кьураб баркат гІадада хвезабулев вукІун ватаниги, вахъун ина дирго Инсухъе ва абила: «Дица мунагь гьабуна зобалазде данде ва Дуда цебе ва гьанже мустахІикъав гьечІо Дур вас вугин абизе; дун къабул гьаве дуца мухьдахъ ккурал лагъзазда гьоркьове». Гьебго мисалалда бицунеб буго: «РикІкІадасанго вихьун вуго инсуда гьев вачІунев, гьесда гурхІун вуго эмен. Векерун данде ун, горбода къвал бан, къочарун вуго» (Лк, 15:18-20). {МЦ 40.2}

РекІее асар гьабулеб гьеб мисалалдацин тІубанго нилъеде загьир гьабизе кІоларо, мунагьчагІазде Зобалазул Инсул бугеб гІорхъи гьечІеб гурхІел. Жиндирго авараг витІун,ТІадегІанас абуна: «Абадияб рокьудалъун вокьана Дие мун ва гьединлъидал Дица дур хІурмат гьабуна» (Иер, 31:3). Гьев мунагьчи инсул рукъалдаса рикІкІад, чияр улкаялда вугеб ва жиндирго бечелъи пасат гьабулев вугеб заманалда, Эмен гьесухъ чІалгІун ва гьев тІад вуссиналъухъ валагьун вукІана. Аллагьасде вуссун лъикІилан мунагьчиясул рекІелъ бижулеб щибаб къасд ккола Илагьияб РухІалъ гьесдехун гьабулеб хІеренаб ахІиялъе жаваблъун. ГІадада холев вукІарав гьев гьедин ахІула Илагьияб РухІалъ, гьев вокьулев Зобалазул Инсухъе. {МЦ 40.3}

Библиялда гьедин ракІчІун бицунеб бугеб мехалда, гьелда щаклъизе бегьилищ? Жиндирго мунагьалги рехун тун, тІадвуссине гІащикълъарав, гьабуралдаса ракІ бухІун, Гьесул хІатІазда цебе накаби чІвазе хІадурав, пакъирав мунагьчиясухъ ТІадегІанав хъачІго балагьулин абураб пикру рекІелъе лъугьине бегьилищ? Гьединал пикраби рикІкІаде рачахъе! Нилъер Зобалазул Инсул хІакъалъулъ гьединал пикрабаз гІадинаб зарал нилъер рухІалъе сунцаниги гьабуларо. Мунагь Гьесие цІакъ бокьуларо, амма мунагьчи вокьула. МасихІидалъун Гьес гІадамазе Живго кьуна, бокьаралщинал хвасарлъизе ва Жиндирго Машгьурлъиялъул парччахІлъиялда гьезие абадияб лазат-рахІат насиблъизе. Ишая аварагасул кІалдир лъун Гьес абуралдаса къудратго ва пасихІго кин абилеб нилъедехун бугеб Гьесул рокьул хІакъалъулъ? Гьале Гьесул рагІаби: «Лъимер хахулей эбелалда кІочон толебищ жиндирго ургьиса бачІараб лъимада гурхІизе? Гьелда гьеб кІочон таниги, Дида мун кІочон теларо» (Ис. 49:15). {МЦ 41.1}

Киналго щакдарулел ва ракІ загІипал гІадамал, гІенекке! ГІиса чІаго вуго нилъер рахъккун кІалъалев! Аллагьасе баркала кье Гьес жиндирго вокьулев Вас нилъее сайгъат гьавуралъухъ ва гьаре Гьесул хвел нужее пайда гьечІеблъун батугегийилан. Жакъа Илагьияб РухІалъ кинавго чи ахІулев вуго. ГІисахъе рачІа! РакІракІалъ гьеб гьабуни, Гьесул баркаталде нужер хьул ракІчІун лъезе бегьула. {МЦ 41.2}

Аллагьас кьураб рагІул хІакъалъулъ цІалулаго, нужеда лъай гьелъулъ букІин къватІибе загьир гьабичІеб рокьиги гурхІелги. Киданиги Жинда жаниб рокьи

камулареб РакI мунагьчиясде хIасратаб гурхIелалъул цIун буго, «Гьесул биялдалъун нилъее тархъанлъи насиб гьабуна, нилъер мунагьалги чурана» (Еф 1:7). Нуж божа Аллагь нужер Кумекчи вукIиналда. Гьесие бо-кьун буго инсанасулъ цIилъизабизе Жиндирго рухIияб сипат. Мунагьазул бицун ва ракI бухIун гьесде гIагарлъараб мехалда, Гьев нужеде гIагарлъула гурхIелалдалъун ва тIаса лъугьиналдалъун. {МЦ 41.3}

# Нилъ МасихIиллъун ругищ?

МасихIиде цолъарав чи ккола цIидасан вижарав чи. Басрияб анахвана, гьале цIияб тIаде гIунтIана» (2 Кор,5:17). {МЦ 42.1}

Цо-цо мехалда инсанасда кIоларо жив МасихIиде вуссараб заманги бакIги мухIканго рехсезе яги гьелда цебе букIараб кинабго ахIвал-хIал ракIалде щвезабизе. Жеги Гьесде вуссинчIевлъун хутIун вугин гьевилан абураб магIна кколаро гьелъул. МасихIица Никодимида абуна: «РухIалъ хIухьел пула» (цогидаб таржамаялда - «Гьури пула») жиндиего бокьараб рахъалде, дуда гьелъул гьаракь рагIула, амма кисан бачIунеб ва кибе гьеб унеб бугебали дуда лъаларо. Гьелда релълъуна РухIалдасан вижаравщинав чиги». (Ин,3:8), {МЦ 42.2}

Илагьияб РухIалъ инсанасул рекIее гьабулеб асар гьорол карачелалда релълъуна. Нилъеда гьури бихьуларо, амма гьеб букIин лъала. Инсанасул беразда бихьулареб, цIидасан вижизавиялъул къуваталъ лъола цIияб гIумруялъе байбихьи. Гьелъ вижизавула Аллагьасул сипаталда цIияв инсан. Илагьияб РухI сас тун ва нилъеда лъаларедухъ хIалтIула, амма гьелъул хIасилал нилъеда рихьула. Илагьияб РухIалдалъун инсанасул ракI цIилъизабун бугони, чара гьечIого гьеб гьесул гIумруялъулъ загьирлъула. Нилъеда щибниги гьабизе кIоларо нилъго хисизариялъе яги Аллагьасулгун рагIи дандеккеялде рачIиналъе, нилъеца гьелъие гIоло нилъедего яги лъикIал ишазде мугъчIвай гьабизе бегьуларо, амма Аллагьасул цIобалъ нилъелъ жиндирго иш гьабулеб бугони, гьеб бахчун хутIуларо. Нилъер гIамалхасияталъулъ, нилъ ругьунал жалазулъ ва ишазулъ къватIире загьирал хиса-басиял лъугьуна. ГIадамазда бихьула цебесеб ва цIияб гIумруялда гьоркьоб бугеб кIудияб батIалъи. Инсанасул хасият рагьула, тохлъукьего гьес гьарулел лъикIал яги квешал ишаздалъун гурел, амма гьес бицунеб ва гьабулелъухъ, гьесул гIумруялъул гIаммаб нухлухъ балагьун. {МЦ 42.3}

МасихIидалъун цIилъизарулеб къуваталдалъун гуребги лъикIаб рахъалде буссараблъун бихьизе бегьула инсанасул хьвадачIвади. Гьеб хIакъаб жо буго. Сверухъ ругезе асар гьабизе ва киназго хIурмат гьабизе бокьиялъ нилъ тIамизе бегьула берцинго хьвада-чIвадизе. Жиндирго къадру букIине бокьиялъ цIунула инсан квешлъиялдаса. Гьедин живго вокьулев инсанасда кIола лъикIал ишал гьаризе. {МЦ 42.4}

Гьедин бугони, кинха нилъеда лъалеб нилъ лъикIлъиялъулищ яги квешлъиялъул рахъалдайищ ругелали? Лъиде буссун бугеб нилъер ракI? Лъил кверщаликь ругел нилъер къасдал? Лъил бицине нилъее бокьулеб? Лъие сайгъатлъун лъугьун бугеб нилъер бищунго хIеренаб асар, лъие кьолеб нилъеца нилъерго къуват? Нилъ МасихIиллъун лъугьун ратани, нилъее сундасаго бокьила Гьесул пикру гьабизе. Нилъеца гьесие кьола нилъгоги нилъер бугебщинабги. Нилъее цIакъ бокьула Гьесул сипаталда релълъине, Гьесул РухIалъул цIезе, Гьесул амру тIубазабизе ва

сундулъго Гъесие бокьухъе хьвадизе. МасихI ГIисадалъун цIияв чилъун лъугьаравщинас жиндирго гIумруялъулъе росула РухIалъул хIасилал: «Рокьи, рохел, рекъел, сабру, лъикIлъи, божизе бегьи, хIалимлъи жиндаго кьелъ базе бажари» (Гал. 5:22, 23). Гьединал гIадамал мутIигIлъуларо цересел пасалъабазе, амма Аллагьасул Васасда божиялдалъун гьел Гьесул тIалабазда хадур уна, Гьесул гIамалалда рекъон ва Гьев ГIадин рацIцIадаллъун рукIине жалго рацIцIалъизарула. Гьезул рекIее къабуллъила, цебе рокьукъаблъун букIарабги, рокьукъаблъун лъугьина цебе бокьулеб букIарабги. ЧIухIарал ва жидедаго ракIчIарал гIадамал лъугьина хIереналлъун ва рекIелъ сабру бугеллъун, рихха-хочарал ва гIамал кIудиял лъугьина гIакъилаллъун ва гIадатияллъун. Гьекъолдухъабаз гьекъел рехун тела, саяхъаз саяхълъи тела. Дунялалъул гIадаталги тIагIам-лазатги рехун тела. Христианазул ракI тIаде цIаларо «ратIлидалъун къачIа-кIатIаялъ», амма «бищунго къиматаблъун ккола Аллагьасда цебе хIеренаб ва недегьаб ракI» (1 Петр 3:3, 4). {МЦ 43.1}

РекIекълъи ракI-ракIалъулаблъун рикIкIине бегьуларо, гьелдаса хадув инсан лъикIаб рахъалдехун хисун гьечIони. Жинца къарзалъе босун букIараб жо мунагьчияс нахъбуссинабураб, бикъун букIарабги нахъе кьураб, мунагьазулги бицараб, Аллагь ва аскIор ругел рокьизеги байбихьараб заманалда гьев ракIчIун вукIине бегьула жив хвелалдаса вахъун гIумруялде вачIун вукIиналда. {МЦ 43.2}

Нилъерго къосун ккеялги мунагьалги ричIчIун, нилъ МасихIихъе рачIараб ва Гьесул тIасалъугьиналъулаб баркаталде гъорлъе лъугьараб мехалда, нилъер ракIал рокьул цIола. Кинаб бугониги

бакIлъи нилъее захIмалъизе гьечIо, МасихIица нилъеда тIад лъолеб гьир тIадагьаб бугелъул. ТIадал ишал рохеллъун лъугьина, ва нилъеца Аллагьасе ва гIадамазе гьабулеб хъулухъ ракI разилъун гьабила. Цебе бецIлъукь букIараб нух, РацIцIалъиялъул Бакъул чIораз гвангъила. {МЦ 44.3}

МасихIил хасияталъул берцинлъи бихьила Гьесда нахъ рилълъаразулъги. ГIисаца вохуца холаго тIубазабулаан Алагьасул амру: Гьес кинабго гьабуна Аллагьасде бугеб рокьиялдалъун ва Гьев машгьурлъизавизе бугеб хIасратаб къасдалдалъун. Рокьиялъ Гьесул киналго ишазе кьолеб букIана хасаб бахьи буголъи ва ракI тIаде цIалеб гьайбатлъи. Рокьи Аллагьасдасан бачIуна. Аллагьасе сайгъат гьабичIеб рекIелъ гьеб бижизе рес гьечIо. Гьеб букIуна ГIицIго ГIисаца ханлъи гьабулеб бакIалда. «Нилъее Аллагь вокьула, тIоцерего Гьесие нилъ рокьидал» (1 Ин. 4:19). Илагьияб цIобалдалъун цIилъизабураб рекIелъ рокьи лъугьуна аслияб къуватлъун. Гьелъ хисизабула гIамал-хасият, нухмалъи гьабула нилъер ниятазе, квелъ бала нафсалъул гьаваялда, тушманлъи къинабула ва къасдал лъикIлъизарула. РекIелъ бугеб гьеб рокьиялъ инсан талихIавлъун лъугьинавула ва сверухъ ругезеги лъикIаб асар гьабула. {МЦ 44.1}

Аллагьасул лъимал ва хасго Гьесул цIобалда божизе байбихьарал гIадамал жидедаса хIинкъизе, цIунизе кколеб кIиго жо буго. ТIоцебесеб, тIадехун рехсохъе,

Аллагьасулгун рагIи дандеккей нилъерго ишаздалъун лъугьунин ракIалде ккей. Къанун цIуниялдалъун рацIцIалъи щвезе хIаракат бахъулел гIадамазул ишал гьез жидецаго гIададиселлъун ккезарула. МасихI гьоркьов гьечIого инсанас гьабулебщинаб жо чороклъула гьесие живго вокьиялдалъун ва мунагьалдалъун. ГIицIго божиялдалъун щолеб МасихIил цIобалда кIола нилъ рацIцIалъизаризе. {МЦ 44.2}

Жеги цIикIкIараб къосинлъун ккола, МасихIида божиялдалъун нилъ Аллагьасул Къанун цIуниялдаса хвасарлъулин ва, ГIицIго божиялдалъун МасихIил цIоб нилъеда лъедал, нилъ хвасарлъиялдехун нилъер ишазул щибниги гьоркьоблъи гьечIилан ккей. {МЦ 44.3}

Амма нужеца пикру буссинабе: мутIигIлъи - гьеб кколаро гIицIго тIадал ишал тIуразари, гьеб ккола рокьи рекIелъ букIиналдалъун гьабулеб хъулухъ. Аллагьасул Къануналъулъ загьирлъула Гьесул Илагьияб тIабигIат. Гьесулъ бессун буго рокьиялъул тIадегIанаб хасият-тIабигIат, гьединлъидал гьеб ккола, зобалаздаги ракьалдаги Илагьияб нухмалъиялъул кьучI. Аллагьасдехун релълъенлъи нилъелъ бугони, Илагьияб рокьиги нилъер рекIелъ бугони, Аллагьасул Къанун нилъеца тIубазабиларищ? Рокьиялъ инсанасул рекIелъ ханлъи гьабун хадуб, жив вижарав Аллагьасул сипаталда рекъон гьев цIилъизавун хадуб, гьев ккола ЦIияб КъотIиялъулъ кьураб рагIи жиндие тIубарав чилъун: «Дирго къанунал гьезул ракIазулъе лъугьинарила ва гьезул пикрабазулъ хъвала Дица гьел (Евр. 10:16). Къанун рекIелъ хъван бугони, гьелъ асар гьабиларищ гьев чиясул гIумруялъе? Рокьудалъун бугеб мутIигIлъиги хъулухъ гьабиги ккола МасихIилаллъун лъугьун рукIин бицунеб, божизе бегьулеб гIаламат. ТIухьдузда буго «Аллагьасде рокьи кколелъулха гьесул амруял нилъеца тIуразари»; «жинда Гьев лъалинги абулев, амма Гьесул амруял тIуразаруларев чи гьерсихъан вуго, хIакъабги гьечIо гьесулъ» (1 Ин. 5:3; 2:4) Божиялъ инсан мутIигIлъиялдаса хвасар гьавуларо. Гьелъ нилъ цолъизарула МасихIил цIобалде, гьелъ нилъее кьола мутIигIлъиялъе къуват. {МЦ 44.4}

Нилъер мутIигIлъиялдалъун хвасарлъизе нилъ мустахIикъал гьечIо. Аллагьас нилъее хвасарлъи чIобого кьола, ва гьеб божиялдалъун къабул гьабула. МутIигIлъи ккола божиялъул хIасил. «Нужеда лъала МасихI нилъер мунагьал чуризе гIоло загьирлъаравлъи ва Гьесда мунагь гьечIеблъиги. Гьесде цолъун вугевщинас мунагь гьабуларо, мунагь гьабулевщинасдаги гьев вихьунги лъанги гьечIо» (1 Ин. 3:5,6). Гьедин хIал бихьула нилъер божиялъул. Нилъ МасихIилъ ругони, Аллагьасул рокьиги нилъелъ бугони, нилъер рекIел асарал, пикраби, къасдал ва ишал рукIине ккола Аллагьасул бихьизабиялда дандекколедухъ, гьебги рехсон буго Гьесул мукъадасаб къануналъулъ. «Лъицаниги нужго къосинаризе гурин, дир лъимал! МасихI ритIухъав вугев гIадин, ритIухъав вукIуна ритIухъабщинаб гьабулевги» (1 Ин. 3:7). РитIухълъиялъул роценлъун ккола Мукъадасаб Аллагьасул Къанун, гьеб гIуцIун буго Синаялда кьураб АнцIго Амруялдасан. {МЦ 45.1}

Аллагьасде мутIигIлъизе тIадаб букIиналдаса инсан хвасарлъизавулин абулеб куцалъ МасихIида божи, гьеб божи гуро, жиндаго жиндирго ракIчIей буго. «Аллагьасул цIобалдалъун божиялъ хвасарлъана нуж». Амма «ишал цадахъ гьечIеб божи жибго жиндасанго хвараблъун лъугьуна» (Еф. 2:8; Иак. 2:17). Ракьалде вачIинелдего, ГIисаца Жиндирго хIакъалъулъ абуна: «Я, Дир Аллагь, Дие бокьун буго Дур амру тIубазабизе, ва Дур Къанунги дир рекIелъ буго» (Пс. 39:9). Живго зобалазде восун инелде дагьалъ цеве Гьес лъазабуна: «Дирго Инсул амруял Дица тIуразаридал, Гьесул рокьи Дидаса тIолеб гьечIо» (Ин. 15:10). ТIухьдузда буго: «Нилъеда Аллагь лъалев вукIин бихьула, нилъеца Гьесул амруял тIуразарулел ругони...Гьесулъ жив цолъун вугилан абулев чи, Гьев хьвадарав гIадин, хьвадизе ккола» (1 Ин. 2:3-6). «Нужее гIоло МасихIица гIазаб-гIакъубаги хIехьедал, нуж нахърилълъине мисалги бихьизабидал, Гьесул нухдасан ине ккола нуж» (1 Петр 2:21) {МЦ 45.2}

Абадияб гIумру насиблъиялъе шартI хутIун буго кидаго жиб букIараб гIадинаб, нилъер наслу жидедасан лъугьараз алжаналда мунагь гьабилелдего букIаралда релълъараб - гьеб ккола Аллагьасул Къануналъе тIубанго мутIигIлъи, камилаб ритIухълъи. Гьелдаса гьитIинаб цогидаб шартIалда рекъон абадияб гIумру кьезе бихьизабун бакIарабани, гьелъ хIинкъи кьелаан тIолабго дуниялалъулго рахIат-хIалхьиялъе. Гьелъ рачинаан лъугIи гьечIеб балагь-гIазабги гIакъуба-къварилъиги жиндалъун нилъеда рещтIунеб мунагь абадияблъун лъугьуналде. {МЦ 46.1}

Жеги жинца мунагь гьабилелде Адамида кIолаан Аллагьасул Къануналъе мутIигIлъиялдалъун жиндир гIамалалъул ритIухълъиялъул рахьалъ тIадегIанаб даражаялде вахине, ритIухьаб хасият жиндильго камиллъизабизе. Амма гьеб нухдасан инчIо гьев. Гьесул мунагь сабаблъун нилъее ирсалъе щвана къабихIаб, мунагьаб хасият, ва нилъеда кIоларо нилъго ритIухъаллъун лъугьинаризе. Нилъелъ гьечIо Аллагьасул Къануналъул тIалабал тIуразаризе кIолеб нилъерго ритIухълъи. Амма МасихIица нилъее рагьана хвасарлъиялде нух. Ракьалда Гьев нилъеда цадахъ вукIана нилъее гIадинаб гIакъубаялда ва къварилъиялда, амма Гьесул гIумру букIана мунагь гьечIеб. Гьев хвана нилъее гIоло, Гьесие жакъа бокьун буго нилъ мунагьаздаса хвасар гьаризе ва Жиндирго ритIухълъи нилъееги кьезе. Нужеца нужго Гьесие кьолел ругел ратани, ва нуж Хвасар Гьарулев чилъун нужеца Гьев къабул гьавулев вугев ватани, нужер киналго мунагьазухъ балагьичIого, Гьесул гьунарал сабаблъун ритIухъаллъун рикIкIуна ва МасихIил хасиятги нужее щола. Аллагьас нуж къабул гьарула нужеца киданиги мунагь гьабичIеб гIадин. {МЦ 46.2}

Гьелде тIадеги, МасихIица ракI хисизабула; нуж Гьесда божидал Гьев нужер рекIелъе лъугьуна. Нужее чара гьечIого хIажалъула божиялдалъун МасихIилгун бухьен кквезе ва тIубанго Гьесул кверщаликье ине. Гьеб хIалалда нуж ругони, Гьес нужелъ лъола «Жиндирго лъикIаб къасдалдалъун бокьиги ишги». Гьединлъидал нужеца абизе бегьула: «ГьабсагIат дир бугеб гIумру - гьеб буго Аллагьасул Васасда божиялдалъун щвараб гIумру. Гьесие дун вокьана ва Жиндирго гIумруги Гьесдие

гIоло кьуна» (Гал. 2:20). Жиндирго чапарзабазда ГIисаца абуна: «Нуж гуро кIалъазе ругел, нужер рекIелъе нужер Инсудасан рещтIараб РухIин кIалъазе бугеб» (Мф.10:20). Гьеб мехалда нужелъ вугев МасихIидалъун нужехъаги бажаризе буго гьеб РухIалда рекъон лъикIал ишал-ритIухълъиялъул ва мутIигIлъиялъул ишал гьаризе. {МЦ 46.3}

Гьедин, нилъелъ гьечIо щибниги нилъго чIухIизе мустахIикъаб жо. Нилъго тIадегIанлъизариялъеги кигIан гьитIинабги аслу-кьучI гьечIо. ЦохIого-цо хьул лъезе жо - нилъелъ лъураб МасихIил ритIухълъи ва Гьесул РухIалъул хIалкIвеялдалъун нилъелъ ва нилъедасан бугеб ритIухълъи. Божиялъул бицунаго, чара гьечIого лъазе ккола, дагIба базе бакI гьечIел хIужаби къабул гьари жеги унго-унгояб божи кколареблъи. Къудратав Аллагь вукIин, Гьесул рагIи ритIухъаб букIин - гьел ккола илбисалда ва гьелъул боялдагицин кIвар кьун гьереси гьаризе кIоларел ва дагIба базе бажаруларел хIужаби. Библиялда буго: «Жундулги божулагури, хIинкъун сородулаго» (Иак. 2:19). Гьеб гуро доб нилъедасан Аллагьас тIалаб гьабулеб божи. ХIакъаб божиялъ жибго загьир гьабула рокьиялъул ишазулъ ва гьелъ ракIги бацIцIалъизабула - гьеб кколаро гIицго Аллагьасул РагIи къабул гьаби, гьеб ккола Гьелъухъе жиндирго кверщел кьей, Гьелъие мутIигIлъараб ва Гьелдехун бухьараб рекIел тIолабго мукIурлъиги мутIигIлъиги. Гьединаб божиялъ инсан цIилъизавула ва гьесулъ Аллагьасул сипат цIидасан лъугьинабиялде рачуна. Гьелде щвезегIан инсан Аллагьасул Къануналъе мутIигIлъулароан, мутIигIлъизе гьесухъа бажаризеги букIинчIо. Гьанжейин абуни гьев вохизавун вуго мукъадасал амруяз, ва туркаби ахIулесда цадахъ гьесги ахIула. «Вай, Дур къанун дие бокьулеб куц! ТIубараб къоялъ гьелъул пикрабазда вукIуна» (Пс. 118:97). Гьанже къануналъул ритIухъал тIалабал нилъеца тIуразарула, «напсалъе бокьухъе гуребха, рухIалъ малъухъе» (Рим. 8:1) {МЦ 47.1}

Руго МасихIил сундасаго тIаса лъугьунеб рокьи бичIчIарал ва Аллагьасул васлъун яги яслъун лъугьине ракI-ракIалъго бокьарал гIадамал. Амма гьезда бихьула жал камилъун гьечIеллъи, жидер гIунгутIаби рукIин ва гьединлъидал щакдаризе лъугьуна Илагьияб РухIалъ жидер ракIал цIилъизарун ругодайилан. Гьединазда абизе бокьун буго: «Хьул къотIун рукIунге», - ян. Нилъ жеги чанги нухалъ накабазда чIезе ккела МасихIил хIатIазда цере ва гIодизе ккела нилъерго гIунгутIабазулги гъалатIазулги бицун. Амма нилъеца нилъерго рухI загIиплъизе биччазе бегьуларо. ХIатта тушман бергьаниги, Аллагьас нилъ рехун тун гьечIо, нилъедехун Гьес мугъ рехун гьечIо. МасихI ТIадегIанасда цеве чIун вуго нилъер рахъ ккун кIалъазе. МасихIие вокьулев чапар Иоанница абуна: «Гьаб дица нужехъе хъвалеб буго, нужеца мунагьал гьаричIого рукIине. Цо лъицаниги мунагь гьабуни, нилъер вуго гьесул рахъалъ Инсул судалда кIалъазе ритIухъав ГIиса МасихI» (1 Ин. 2:1). КIочонге МасихIил рагIабиги: «Живго Инсуеги нуж рокьула» (Ин. 16:27). Гьесие бокьун буго Жиндирго сипат цIидасан нужелъ лъезе, нужелъ Гьесул рацIцIалъиги ритIухълъиги загьирлъизе гIоло. ГIицIго Гьесие нуж мутIигIлъани, нужелъ лъикIаб иш Байбихьарас гьеб гьабизе буго ГIиса МасихI вачIунеб къо

тIаде щвезегIан. ТIадчIун какал рай, божи щулалъизабе! Нилъерго къуваталдаса хьул къотIун, нилъ божилин, нилъ Ричун росарасул къуваталда ва Гьесие рецц гьабилин. Гьев вугелъулха нилъер рухIал Сахлъизарулев Чи. {МЦ 47.2}

МасихIиде нуж цIикIкIун гIагарлъанагIан, цIикIкIун рихьила нужерго хасияталъулъ ругел гIунгутIаби, нужелъ рухIияб канлъи цикIкIине бугелъул. Гьесул камиллъиялде дандеккураб мехалда, нужер загIиплъи цIакъго цебе рехун бихьула. Гьелъ бицуна илбисалъул хIилла-макруялъ нужеда тIад гьабун букIараб кверщел лъугIун букIиналъул, Илагьияб РухIалъул чIаголъизариялъулаб асаралъ нуж макьидаса ригьинарулел рукIиналъул. {МЦ 48.1}

Жинда тIад мунагьал рукIиналъе мукIурлъуларев чиясул рекIелъ МасихIиде кIудияб рокьи букIине рес гьечIо. МасихIил цIобалдалъун цIилъараб ракI кидаго хIикмалъизе, чIухIизе буго Гьесул Илагьияб хасияталъухъ балагьун. Нилъеда нилъерго хасияталъул гIунгутIи бихьулеб гьечIони, щибго шаклъи гьечIого, гьелъ нугIлъи гьабула МасихIил хасияталъул берцинлъиги камиллъиги нилъеда жеги лъалеб гьечIолъиялъе. {МЦ 48.2}

ЧIухIиги гIамалкIодолъиги нилъелъго дагьлъизабизе хIаракат бахъанагIан, цIикIкIун къиматаблъун лъугьуна нилъее нилъ Хвасар гьарулесул бицун халкIолареб рацIцIалъиги тIаде ракIцIалеб гьайбатлъиги. Нилъеца мунагьал гьарулел рукIин бичIчIиялъ тIамула нилъ Гьесухъе, кидаго тIаса Лъугьунесухъе ине. Жиндирго загIиплъи загьирлъараб мехалъ валагьула нилъер рухIалъ МасихI. РухIалъе Гьевги загьирлъула Жиндирго къудраталда. Гьевги Аллагьасул РагIиги нилъее хIажат рукIин цIикIкIун бичIчIанагIан, цIикIкIараб бичIчIи щола нилъее Гьесул хасияталъул хIакъалъулъ ва нилъелъ тIубанго загьирлъула Гьесул сипат. {МЦ 48.3}

# МасихIилъ тIаде цIикIкIин, кIудиял гIей

Жиб сабаблъун нилъ Аллагьасул лъималлъун лъугьунеб жанисеб хиси Библиялда рикIкIуна тIасан рещтIараб цIидасан вижилъун. Гьединго гьеб релълъинабула хьон хьалев чияс хуриб хьараб лъикIаб хьон тIаде баккиялда. Гьединаб къагIидаялъ, гьанжего-гьанже МасихIиде руссарал гIадамал, «гьабсагIат гьарурал лъимал гIадин», тIаде цIикIкIине ккола «МасихIил камилаб гIумруялде рахинегIан» (1 Петр. 2:2, Еф. 4:13). Хуриб хьараб лъикIаб хьон гIадин гьелги тIаде гIезе ккола ва лъикIал ишазул нигIмат гьезулъ букIине ккола. Ишая аварагас абулеб буго, гьезда цIар букIинила «ритIухълъиялдалъун къуватал, живго машгьурлъизе ТIадегIанас чIчIарал» абун. ТIабигIаталдаса росарал гьел мисалаз кумек гьабула нилъее рухIияб гIумруялъул балъгоял ишал лъикIго ричIчIизе. {МЦ 49.1}

Инсанасул гIакъиллъиялда ва лъаялда кIоларо бищунго гьитIинаб жоялъеги гIумру кьезе. ГъутIбузги хIайваназги чIаголъи гьабула гIицIго Аллагьас гьезулъ лъураб къуваталдалъун. Инсанасулъ рухIияб гIумруги бижун буго цохIо Аллагьасдасан бачIаралдалъун. Инсан «тIасан вижичIони» (Ин. 3:3), гьесда кIоларо жиндие гIоло МасихI нилъер дунялалде вачIун вукIараб гIумруялде цолъизе. {МЦ 49.2}

Гьебго абизе бегьула тIаде цикIкIиналъул рахъалъги. ГъутIби тIегьала, тIад пихъ бижула Аллагьасул къуваталдалъун. Аллагьас хьон «цин тIаде баккизабула хадуб тIор базабула, тIоралда мугь цIубазабула» (Мк. 4:28). Осия аварагас абулеб буго, ГIизраил «лилия гIадин, тIегьалила», гьениб «хIалухъин гьарзалъилила - ва, цIолбол гъабу гIадин, тIегьалила (Ос. 14:6, 8). ГIисаца нилъеда малъулеб буго: «Лилия тIугьдул кин рижун ругелали ралагье», - ян. Хурдулги тIугьдулги жидерго къуваталдалъун, жалго жидедасанго гурелха кIудиял гIолел, гьезул чIаголъиялъе хIажалъулебщинаб жо Аллагьасдасан щолеб бугелъулин. Лъимадаги, кигIан хIаракат бахъаниги, кIоларо жиндирго черх цIикIкIинабизе. Гьедин нужедаги кIоларо нужерго къуваталдалъун ва чIучIадиялдалъун рухIияб рахъалъ цIикIкIине. Хурдулги лъимерги кIудиял гIола гьезул чIаголъиялъе хIажалъулебщинаб жо - гьава, бакъул канлъи, квен - кинабго, гьезда сверухъ бугелдасан щолелъул. ТIабигIаталъул гьединал сайгъатал хIайваназеги хурдузеги хIажалъула, Гьесде хьул лъуразе МасихI хIажалъулев гIадин. Гьезие Гьев буго «абадияб нур», «бакъ ва хъалхъан» (Ис. 60:19, Пс. 83:12). Гьев вукIина «ГIизраилалъе щублъун» (Ос. 14:6), «вачIина бецараб сагаялде цIад гIадин; ракь лъалъалел къатIраби гIадин» (Пс. 71:6). Гьев вуго чIаголъиялъул лъим, зобалаздасан бачIараб ва гIаламалъе чIаголъи кьолеб чед (Ин. 6:33). {МЦ 49.3}

Жиндие мисал гьечIеб сайгъатлъун дунялалде Жиндирго Васги витIун, Аллагьас тIолабго ракьалда тIад цIобалъул пардав бижизабуна, хIакъикъияб гьаваялъул пардавалда релълъун. {МЦ 50.1}

Гьеб цIобалъул пардавалде - чIаголъиялъул пардавалде гъоркье лъугьине хIаракат бахъулвщинав чи чIаго вукIина ва МасихI ГIисал тIубараб камиллъиялде рахинегIан кIудиял гIела. {МЦ 50.2}

ТIегь бакъуде цIцIабуцIуна, бакъул гвангъарал чIоразда гъоркь камиллъула гьелъул черхги берцинлъиги. Гьедин нилъги цIцIаруцIине ккола РитIухълъиялъул Бакъуде, зобалазул нуралъ нилъер хасият гвангъизабизе ва гьеб жеги цIикIкIун релълъине МасихIил хасияталда. {МЦ 50.3}

Гьединабго дарс буго нилъее МасихIил рагIабазулъги: «Нуж Дилъ рукIа, Дун нужелъги вукIина. Гъабудаса къунцIараб гIаркьелалда цIибил бижулареб гIадин, Дилъ рукIинчIони, нужедасаги щибго пайда букIинаро... Дидаса ратIалъун нужеда щибниги гьабизе кIоларелъул» (Ин. 15:4, 5). Рохтиялдаса батIалъизабураб гIаркьелалда тIад пихъ бижулареб гIадин, нужедаги кIоларо мукъадасаб чIаголъиялдалъун гIумру гьабизе, нуж МасихIидаса ратIалъун ругони. Гьесдаса ратIалъун нужее чIаголъи гьечIо. Нужелъ гьечIо нужер хIалбихьулезде данде чIезе яги баркаталъулъги рацIцIалъиялъулъги цIиккIине, кIудиял гIезе къуват. Гьесде цолъун ругони, нужеца гьабила кинабго рахъалъ камилаб гIумру, Гьесдасан щвела чIаголъиялъул къуват, гьогьомлъиялдаса махIрумлъиларо ва хайиралъул пихъ гьечIого хутIиларо. Нуж рукIина лъадал мухъалъ чIараб гъветI гIадин. {МЦ 50.4}

ГIемерисез рикIкIуна гьеб ишалъул цо бутIа жидецаго гьабизе кколилан. Гьез МасихIиде мугъчIвай гьабуна жидер мунагьаздаса тIаса лъугьиналда хурхараб жоялъулъ, гьанже гьез хIаракат бахъулеб буго жидерго къуваталдалъун битIараб гIумру гьабизе. Амма гьединаб хIаракаталъул хIасил кколаро. МасихIица абулеб буго: «Дун гьечIони, нужеда щибниги гьабизе кIоларо», - ян. Баркаталъулъ нилъ тIаде цIикIкIин, кIудиял гIей, нилъер рохел ва пайда - цо щибниги хутIичIого, кинабго бараб буго МасихIгун цолъиялда. Щибаб къоялъ, щибаб сагIаталъ цохIо Гьесулгун бухьеналдалъун, Гьесулъ рукIиналдалъун кIола баркаталъулъ цIикIкIине, кIудиял гIезе. Гьев ккола, нилъер божиялъул байбихьи гуребги, гьелъул ахирги. МасихI вуго тIоцевесев ва ахирисев, кидагосев. Гьев нилъеда цадахъ вукIине ккола нилъер нухлул байбихьудаги ахиралдаги, гьединго щибаб гали чIанщинахъеги. Давудица абулеб буго: «ТIадегIанав дида кидаго дидаго цеве вихьулев вукIана, Гьев дир кваранаб рахъалда вугелъул; дун къуркьуларо» (Пс. 15:8). {МЦ 50.5}

Дуца гьикъила: «Кин дун МасихIилъ вукIинев? - ан. Мун Гьесулъ вукIина тIоцеве дуца Гьев къабул гьавураб мехалъ гIадин. «МасихI ГIиса нужерго ТIадегIанавлъун рикIкIун вугелъул, сундулъго Гьесде цолъун хьваде» (Кол. 2:6). «Дие ритIухъавщинав чи, Дида божун чIани, чIаго хутIила» (Евр. 10:38). Дуца мунго Аллагьасе кьуна, тIубанго Гьесул вукIине, Гьесие хъулухъ гьабизе ва мутIигIлъизе. Дуца МасихI къабул гьавуна мунго Хвасар Гьавуравлъун. Дуда кIвезе букIинчIо дурго гьунаралдалъун мунагьаздаса вацIцIалъизе яги дурго ракI хисизабизе. Амма мунго Аллагьасухъе кьедал, мун божана, МасихIие гIоло гьеб кинабго дуе Гьес

гьабун букIиналда. Божиялдалъун мун МасихIиллъун лъугьана ва божиялдалъун Гьесулъ цIикIкIине, кIудияв гIезе ккола, кьун ва къабул гьабун. Дуца кьезе ккола кинабго: дурго ракI, дурго къуват, дурго тIагIат-гIибадат; мунго Гьесухъе тIубанго кьезе ккола, Гьесул киналго амруял тIуразаризе. Дуца къабул гьабизеги ккола кинабго - МасихIилъ бугеб тIолабго лъикIабщинаб, Гьев дулъ вукIине, дур къуватлъун, дур ритIухълъилъун вукIине ва мутIигIлъиялъулъ дуе кумек гьабизе гIоло. {МЦ 51.1}

Аллагьасе мунго сайгъат гьаве щибаб рогьалилъ. Гьеб букIине биччай дур тIоцебесеб ишлъун. Дуца гьаре: «Дун Дуего восе, ТIадегIанав, дун тIубанго Дур вуго. Дир киналго къасдал дица Дуда цере лъолел руго. Дуе хъулухъ гьабиялъулъ жакъа Дуца дидаса пайда босе. Дида цадахъ вукIа, дир киналго ишал Дуе гIоло лъугьине». Чара гьечIого, гьеб гьабизе ккола щибаб къоялъ. Щибаб рогьалилъ гьеб къоялъе мунго Аллагьасе сайгъат гьаве. Дур киналго къасдал гьесие мутIигI гьаре. Жиндирго илгьамалдалъун Гьес дуда бихьизабураб къагIидялъ гьел тIуразаризе яги гьездаса инкар гьабизе хIадурго вукIа. Гьедин дуда кIола къоялдаса къоялде дурго гIумру Аллагьасе кьезе, ва гьеб МасихIил гIумруялда релълъинги цIикIкIунебго цIикIкIунеб букIина. {МЦ 51.2}

МасихIилъ гIумру - гьеб буго хIалхьи бугеб гIумру. Христианаз гIемерисеб рекIел асар ахIи-хIуралда къватIибе загьир гьабичIого букIине бегьула, амма гьесулъ кидаго букIина жанисеб ракIчIей ва сабру. Дуца таваккал тIамула дудего гуреб, МасихIиде. Дур загIиплъи цолъула Гьесул къуватгун, дур жагьиллъи -Гьесул гIакъиллъигун, дур къуват гьечIолъи - Гьесул къудратгун. Духъго балагьун, дудего пикру буссинабиялде машгъуллъизе бегьуларо мун. МасихIихъ балагье! Гьесул рокьиялъул, Гьесул хасияталъулъ бугеб берцинлъиялъул ва камиллъиялъул пикру гьабе. МасихI ва Гьес живго дунялалда сундасаго махIрум гьави, МасихI ва Гьес живго гIодовегIан гьави, МасихIил вацIцIалъи ва ритIухълъи, гьесул жинда дандекквезе щибго гьечIеб гIадаб рокьи - гьеле дуца пикру гьабизе кколел жал. Гьесда релълъине дуда кIола, гIицIго Гьев дуе вокьани, Гьесдаса мисал босани ва Гьесде таваккал тIамуни. {МЦ 51.3}

ГIисаца абулеб буго: «Нуждилъ рукIа», -ян. Гьел рагIабазулъ буго тIадчIун цого къагIида цIуниялъул, жиндаго ракIчIеялъул ва хIалхьи-парахалъиялъул магIна. Гьес нахъеги ахIулеб буго: «Дихъе рачIа нуж... ва Дица хIалхьи кьела нужее», - ян. Туркаби ахIулесги загьир гьабулеб буго гьадинаб пикру: «ТIадегIанасде мутIигIлъе ва Гьесде хьул лъе» (Пс. 36:7). Ишая аварагас ракIчIезабулеб буго: «СихIкъотIун чIеялъулъ ва тавакал тIамиялъулъ буго нужер къвакIи», -ян. (Ис. 30:15). Щибниги гьабичIого чIеялъул хIалхьи гуро гьеб, Хвасар гьарулес жиндихъего ахIиялъулъ бицунеб бугелъул къотIи гьабиялъул гуребги, хIалтIизе ккеялъулги: «Дие гIоло горбода рукь лъезе рачIа... Гьебмехалъ нужер рекIееги хIалхьи бачIина (Мф: 11:29). ТIубанго МасихIиде тавакал тIамурав чи вукIина Гьесул ишазулъ бищунго кIвахI гьечIев ва хIаракатав захIматчилъун. {МЦ 52.1}

Инсан жиндирго напсалде машгъуллъун вугони, гьес мугъ рехула чIаголъияул ва къуваталъул Иццлъун вугев МасихIиде. Гьединлъидалин илбисалъ кидаго хIаракат бахъулеб Хвасар Гьарулесдаса гIадамазул пикру буссинабизе ва гьелдалъун МасихIилгун бухьен цолъиги гьукъизе. Гьелъ хIаракат бахъула нужер пикраби дунялалъул тIагIам-лазаталде, бетIер бахъиялъул тIалабазде ва захIмалъабазде, цогидал гIадамазул гIунгутIабазде, нужерго загIипал рахъазде руссинаризе. Нилъедего машгъуллъизе бегьуларо ва нилъ хвасарлъиялъул рахъалъ хIинкъарал ва къваридал пикраби гьаризе бегьуларо. Гьеб киналъго нилъ къуваталъул Иццдаса рикIкIалъизарула. Нужерго гIумро, Аллагьасде божилъигун, Гьесде тIамун те. ГIисал хIакъалъулъ бице ва пикру гьабе. Нужер напс Гьесулъ билъа-бихxун ине ккола. Киналго щакдарабиги хIинкъабиги «къватIире гъе». Павел чапарасда цадахъ абе: «дун тIокIалъ чIаго гьечIо, амма Дилъ МасихI чIаго вуго. ГьабсагIат дир бугеб гIумру - гьеб буго Аллагьасул Васасда божиялдалъун щвараб гIумру. Гьесие дун вокьана ва Жиндирго гIумруги Гьес дие кьуна». Аллагьасулъ хIалхьи балагье. Гьесул къуват буго нужеца Гьесде божилъи гьабураб жо цIунизе. Нуж Гьесул кверщаликь ругони, нуж Рокьулесул къуваталдалъун кинабго къезабизе кIола нужеда. {МЦ 52.2}

Инсанасул тIагIги босун, МасихIица Жиндирго рокьиялъул щулияб рухьадалъун вухьана Живго инсаниятгун. Инсанасе бокьичIони, гьеб рухьен тIезе кIолеб къуват гьечIо. Илбисалъ нуж кидаго гьесизаризе руго гьеб рухьен тIезе, МасихI гьечIеб чIаголъи тIаса бищиялъе хIукму гьабизе. Гьединлъидалин цIодорго рукIине кколел, какал разе кколел ва цоги батIияв бетIергьан тIаса вищизе рекIелъ Рижулел киналго къасдазде данде къеркьезе кколел. Нилъеца нилъерго берал МасихIида тIаса росизе бегьуларо, ва Гьес нилъ цIунула. Нилъ МасихIихъ балагьун ругебгIан заманалда нилъее хIинкъи букIунаро. Гьесул хъатикьа нилъ рахъизе лъиданиги кIоларо. Кидаго Гьесде балагьун рукIиналдалъун, «Гьесул нур дагъ-дагъкун гвангъидал, нилъги лъугьуна Гьесул сипатлъун. Гьеб кинабго лъугьуна Бетергьанасул РухIалдасан» (2Кор 3:18). {МЦ 53.1}

Гьеле гьедин щолеб букIана тIоцересел чапарзабазе нилъее хирияв Хвасар Гьарулесулгун релълъенлъи. Гьел чапарзабазда ГIисал рагIаби рагIидал, гьезда гьебсагIатго бичIчIана Гьев жидее хIажатав чи вукIин. Гьез Гьев валагьулев вукIана, гьезда Гьев ватана ва гьел Гьесда цадахъ ана. Чапарзаби Гьесда хьолбохъ рукIана рокъорги, кванда нахъаги, гIадан-чи гьечIел бакIаздаги, тIабигIаталдаги. Гьел щибаб къоялъ ругьунлъулел рукIана Гьесдасан бачIунелде, гIенеккулел рукIана, хIакъабщиналъул ва ритIухъабщиналъул дарсал кьолелъул, Гьесул кIалдисан бачIунелъухъ. Гьесухъ балагьулаан, жидерго бетIергьанасухъ лагъзал гIадин, жидеда тIадал ишал ричIчIизе бокьун. Гьел чапарзаби сундулго рахъалъ нилъеда релълъарал рукIана (х.гь. Иан, 5:17). Нилъ гIадин, гьелги къеркьолел рукIана мунагьалде данде, нилъее гIадин, гьезиеги хIажат букIана баркат-цIоб, жиндалъун мукъадасаб гIумруялде рачине. {МЦ 53.2}

Хвасар Гьарулесда цогидаздаса цIикIкIун релълъарав, Гьесие цIакъ вокьулев чапар Иоанниегицин тIабигIаталдасан щвараб букIинчIо гьединаб лъикIаб хасият. Гьев вукIана жиндир къадру гьабизе бокьулев ва жиндаго ракIчIарав чи. Хехавги вукIана, жиндир рагIи къотIун хIехьоларевги вукIана. Амма МасихIилъ Илагьияб хасият жиндие загьирлъараб мехалда, гьесда жиндирго гIунгутIаби рихьана, гьелъ гьев гIодовиччазавуна. {МЦ 53.3}

Къуватги сабруги, къудратги хIеренлъиги, тIадегIанлъиги гIадатлъиги - гьеб кинабго Иоаннида щибаб къоялъ бихьулеб букIана Аллагьасул Васасулъ, гьелъ цIикIкIинабулеб букIана хIикмалъиги рокьиги. Къоялдаса къоялде Иоанн МасихIиде цIикIкIун гIагарлъулев вукIана, ТIадегIанасде бугеб рокьиялъ жиндего бугеб рокьи гьесул рекIелъа бачахъизегIан. Гьес МасихIие изну кьуна хехго барщарулеб, жиндирго къадру-цIар цIунизе бокьулеб гIамал хисизабизе. Щибго хисизабизе кIолеб Илагьияб РухIалъ цIилъизабуна Иоаннил ракI. МасихIил рокьиялъул асаралдалъун гьесул хасияталъулъ лъугьана чIахIиял хисабасиял. ГIисагун цолъиялъ хIакъикъаталдаги рачуна гьединал хIасилазде. МасихI рекIелъ вугони, инсан тIубанго хисула, Гьесул рокьиялъ тамах гьабула ва мутIигIлъизабула ракI, пикрабиги къасдалги Аллагьасде руссуна, абадиябщиналде ва паналъулаеребщиналде руссуна. {МЦ 54.1}

МасихI зобалазде восун ун хадубгицин Гьев цадахъ вугеб гIадаб асар хутIун букIана Гьесда нахърилълъаразулъ. Нуралъулги рокьиялъулги цIурав Гьев гьезда цадахъ вукIана. Гьезда цадахъ хьвадарав, гьезда гара-чIвараравар, цадахъ какал рарав, гьезул ракI батизабурав ва хьул лъезабурав, Хвасар Гьарулев ГIиса зобалазде восун ана, ракълил хабар жеги гьесул мацIалда цIумурлъун хутIун бугеб мехалдаго. Малаикзабаз гьев сверун ккун вугеб заманалда, Гьесул чапарзабазул гIинзукь рукIана гьадинал рагIаби: «Дуниял ахирлъизегIан Дун нужеда цадахъ вугевлъиги лъай» (Мф. 28:20). Гьев зобалазде восун ана инсанасул сипаталда. Гьесул чапарзабазда лъалеб букIана, Гьудуллъунги Хвасар гьарулевлъунги хутIун, Гьев Аллагьасул тахида цеве вугевлъи, гьездехун Гьесул рокьи хисичIого хутIун бугеблъи, цевего гIадин Гьев, гIакъуба-къварилъиялда хутIараб инсаниятальул тIалаб-агъазалда вугевлъи. МасихIица Аллагьасда рицуна Жиндирго гьунаразул, Жиндирго къиматаб бидул, Жиндирго рорлъарал рукьбазул ва бохдузул, гIадамал рацIцIад гьариялъе гIоло хIехьезе ккарабщинаб ракIалде щвезабизе. Гьезда лъалеб букIана Гьев зобалазде восун аравлъи доба жидее бакI къачIазе; лъалеб букIана Гьев нахъеги вачIине вукIин ва гьелги Жиндихъего рачине рукIин. {МЦ 54.2}

МасихI восун ун хадуб, цадахъ дандельун, чапарзабазе цIакъ бокьун букIана МасихIил цIаралдалъун Зобалазул Инсудехун гьари-дугIа гьабизе. ХIурматалда ва хIасратго накабазда чIун, гьез гьарана, Гьес кьураб рагIиги такрар гьабун: «Нужеца щиб гьараниги, Дир цIаралъе гIоло, кьела нужее Дир Инсуца. Гьанже гьаре нужеца, гьарараб щвела, нужер рохелги тIаса камиларо» (16:23, 24). Божиялъул кверал гьез эхе-эхеде ритIулел рукIана, гьез абулел рукIана дагIба гьабизе рес гьечIеб хIужа жиделъ бугел рагIаби: «МасихI хвана, амма хваралъуса

вахъана ва Аллагьасул кваранаб рахъалда гIодов чIун вуго, нилъер рахъккун кIалъалев» (Рим. 8:34). КIикъоялда анцIгоялъул байрамалъул къоялъ гьезухъе бачIана РакIбатизабулеб РухI, Гьелъул хIакъалъулъ МасихIица абун букIана: «Гьеб... нужелъ букIина», -ян. Цинги Гьес абуна: «Дун ун лъикI нужее. Дун инчIони, нужер РакIбатизабулеб РухI нужехъе бачIине гьечIо. Инеги ун, Дицайин нужехъе Гьеб битIизе бугеб» (Ин. 14:17; 16:7). Гьелдаса хадув МасихI Жиндирго РухIалдалъун кидаго гьел Жиндирго лъималазул ракIазулъ вукIине вуго. Гьанже гьел Гьесде гIагарлъун рукIана, Гьев ракьалда вугеб заманалдасаги цIикIкIун. Гьездасан бачIунеб букIана гьезулъ вугев МасихIил нур, рокьи ва къуват; гьезухъ балагьун гIадамал «гIажаиблъулел рукIана... ва гьезда лъалеб букIана гьел ГIисада цадахъ рукIараллъи» (Деян. 4:13). {МЦ 54.3}

МасихIие бокьун буго тIоцересел чапарзабазе Жинца гьабулеб букIарабщинаб жакъа Жиндирго лъималазе гьабизе. Жиндирго чапарзабазда цадахъ ахирисеб нухалъ гьари-дугIаялда вукIаго, Гьес абуна «ЦохIо гьазул рахъалъ гуребги, гьазул рагIудалъун дида божизе ругелщиназул рахъалъги гьарулеб буго Дица» (Ин. 17:20) {МЦ 55.1}

ГIисаца нилъер рахъалъ гьарана, Жив Эменгун цолъун вугев гIадин, нилъги Живгун цолъизе бокьун. ЦIакъго кIудияб цолъи буго гьеб! Хвасар Гьарулес Жиндирго хIакъалъулъ абуна: «Живго лъугъун Васасда щибниги гьабизе кIоларо» (Ин. 5:19) «Дир щибаб ишги Дилъ вугев Дир Инсуца гьабураб буго» (Ин.14:10) Гьединлъидал, МасихI нилъер рекIелъ вугони, «Жиндаго лъикI бихьухъе рижизарула Аллагьас нилъелъ нилъер къасдалги ишалги» (Флп. 2:13) Нилъ хIалтIила, Гьев хIалтIаравго гIадин. Нилъелъ загьирлъила добго РухI. Гьесул рокьиялъулъ рукIаго нилъ сундулъго релълъина Жив «БетIерлъун вугев МасихIида» (Еф. 4:15) {МЦ 55.2}

# Нилъер гIумру ва ишал

Аллагь вуго тIолабго Дунялалъе чIаголъиялъул, нуралъул ва рохелалъул ицц. Бакъул канлъи гIадин ва чIаголъи кьолеб лъадал иххал гIадин чвахула Гьесул баркатцIоб кинабго Гьес бижарабщиналде. Аллагь жидер рекIелъ вугеб мехалъ гIадамал лъугьуна жидеда сверухъ ругезе бокьунразилъун лъикIлъи гьабизе бажарулелллъун. {МЦ 56.1}

Нилъ Хвасар гьарулев разилъулаан, къосун гIодор ккарал рахъинарун, гьел хвасар гьариялдаса. Гьелъие гIоло Жиндирго гIумру кьезе барахщичIо Гьев, Жинде хьамулебщиналъухъги хIехьезе ккараб къабихIлъи хIакъирлъиялъухъги балагьичIого, хъанчида вигъун хвезе ана. Малаикзабиги нахъаса къотIичIого хIалтIула цогидал талихIаллъун лъугьине гIоло. Гьелъулъ батула гьезда жидерго рохел. Жалго жидеего рокьулел гIадамаз жидее къабихIаб ишлъун рикIкIуна талихI къаразе, гIакъуба - къварилъиялда ругезе, мунагьал тIад ругезе кумек гьаби. ХIакълъунго гьеб ккола Бичасул малаикзабазул иш. МасихIил ракIбацIцIадаб рокьиялъул рухIалъ цIун буго тIолабго зоб ва гьелъулъ буго зобалазул тIагIам-лазаталъул хIакъикъат. Гьеб ккола МасихIида нахърилълъаразе щвезе бугеб рухI, ва гьеб загьирлъичIого хутIуларо гьезул тIагIат-гIибадаталъулъ. {МЦ 56.2}

Нилъер рекIелъ МасихIил рокьи бугони, гьелъул берцинаб махI гIадамаздаса бахчун бажаруларо. Гьелъул мукъадасаб асар загьирлъула гьезулгун накъиталда ругелщиназе. Нилъелъе лъугьараб МасихIил рухI релълъуна гIицIаб авлахъалда баккараб чIаголъиялъулаб лъадал иццалда, гьелъ гьогьомизавула ва къеч буссинабула свакан тату хварав нухлуласул. {МЦ 56.3}

МасихIил рокьи загьирлъила, инсаниялталда баркат лъезе гIоло ва рухIияб рахъ борхиялъе гIоло, Гьев гIадин хIалтIизе нилъее бокьиялъулъ; гьеб рокьиялъул асаралдалъун нилъ лъугьуна БетIергьанас бижарабщиналдехун бер балагьулелллъун, лъикIлъи гьабулелллъун ва гурхIел бугелллъун. {МЦ 56.4}

Ракьалда, Хвасар Гьарулесул гIумру бигьаяб букIинчIо, Жиндирго мурадалде буссарабги букIинчIо. Паналъулел ругел гIадамал хвасар гьаризелъун хIалтIана гьев тIадчIун, свак-кIвахI гьечIого ва мукъадасаб хIаракатчилъигун. Гьев ана Жиндиего щибго пайда тIалаб гьабулареб нухдасан, гьев кьуричIо захIмалъабаздаса, къо бихьулел сапараздаса, свакazарулел тIалабаздаса ва хIалтIудаса цогидаб рахъалдехун. Жиндирго хIакъалъулъ ГIисаца абуна: «ГIадамил Лъимерги Жиндие лъицаниги хъулухъ гьабизелъун гуро вачIарав. Гьев вачIун вуго цогидазде хъулухъ гьабизе ва гIемеразе гIоло Жиндирго рухI кьезе» (Мф. 20:28). Гьелъулъ букIана Гьесул гIумруялъул аслияб мурад. ХутIарабщинаб Гьесие букIана кIиабилеблъун, доб аслиябалъе квербакъулеблъун. Аллагьасул амру тIубазаби букIана Гьесул чед ва лъим. КIвахI гьечIеб хIалтIулъ ГIисада кIочон толаан Живгоги Жиндир мурадалги. {МЦ 57.1}

МасихIил цIобалдехун хурхен бугел гIадамал хIадур рукIуна бокьараб жо къурбан гьабизе, жидеца яшав гьабулеб дуниял лъикIлъиялъе жидехъа бажарарабщинаб гьабизе. Гьеб рухIалъ унго-унголъун нугIлъи гьабула хIакълъунго гьел МасихIиде руссун рукIиналъе. Инсан МасихIихъе вачIараб сагIаталъго, гьесул рекIелъе лъугьуна ГIисал - гьесда ватарав къиматав гьудуласул хIакъалъулъ киназдаго бицине гъира. Хвасарлъизабулеб ва ритIухълъизарулеб хIакъикъат рекIелъ бахчун хутIизе бегьуларо. Нилъее МасихIил рацIцIалъи насиблъун бугони ва Гьесул РухI нилъелъ букIиналдаса рохун ругони, нилъ руцIцIун чIезе бегьуларо. ТIадегIанасул лъикIлъаби нилъеда ричIчIунги рихьунги ругони, цогидазда бицине жоги камиларо. Хвасар Гьарулев жинда ватарав Филиппица гIадин, нилъецаги киналго ахIила гьесулгун бухьен гьабизе. Нилъеца хIаракат бахъила МасихIил гьайбатлъи ва букIинеселда лъугьине ругел, нилъеда рихьуларел, амма хIакъикъиял ишал гьездаги цере лъезе. Нилъер кIудияб гъира ккела ГIиса араб нухдасан ине, ва сверухъ ругезда абизе: «Гьале дов - гьаб гIаламалъул мунагь тIаде босун, къурбанлъун лъугьине вугев Аллагьасул КьегIер», - ан (Ин. 1:29). Цогидал талихIаллъун лъугьине нилъеца бахъулеб хIаракаталъ нилъедаги баркат лъола. ТIадегIанасе бокьун буго хвасар гьариялъул ишалъулъ нильги гIахьаллъизе. Гьес гIадамазе тIокIлъи кьуна Илагьияб ХIакъикъаталде гIахьалаллъун рукIине, гьелдалъун гьездасанги жидеда аскIор ругезда баркат лъезе. Гьеб буго Аллагьас гIадамазе кьураб бищунго тIадегIанаб къадру-къимат, бищунго кIудияб рохел. Гьеб рокьул цIураб хъулухъалъулъ гIахьаллъаравщинав чи гIагарлъизе вуго Жив вижарасде. {МЦ 57.2}

БетIергьанасда кIвелаан гIадамазухъе Гьесул Инжил, рокьиялъул ва хьулалъул хIакъалъулъ рохалил хабар босун айилан зобалазул малаикзабазда тIадкъазе. Гьеб Жиндир мурадалде щвеялъе цогидал ресаздаса пайда босизе бегьилаан. Амма жиндирго гIорхъи гьечIеб рокьиялдалъун Гьес нилъ тIаса рищана Жиндирго кумекчагIилъун. Нилъеда кIола МасихIида ва малаикзабазда цадахъ хIалтIизе ва гьезда цадахъ баркатги рохелги насиблъизабизе. Гьеб хIаракатаб хъулухъ гьабиялъулъ рухIияб рахъалъ тIаде цIикIкIинеги кIола нилъеда. {МЦ 58.1}

МасихIгун цолъун, гьесулгун гIамал рекъараб гIумру нилъер лъугьуна нилъ хвасар гьаризе гIоло Гьес хIехьарал чIахIиял гIазабал нилъеда ричIчIараб мехалда. Цогидазе лъикIлъиялъе гIоло гьабураб щибаб хIаракатаб хIалтIиялъ нилъ жеги цIикIкIун гурхIел бугеллъун лъугьинарула, жеги цIикIкIун цолъизарула гIаламалъе гIоло РецIел Кьурасдехун, «Гьесул мискIинлъи сабаблъун нуж бечелъизе, бечедав вукIаниги, нужее гIоло мискIинлъарасдехун» (2 Кор. 8:9). Нилъер гIумру унго-унголъун нилъее баркатаблъун лъугьуна, жиндие гIоло нилъ рижараб иш нилъеца гьабулеб мехалда. {МЦ 58.2}

МасихIие бокьун бугеб хIалалъ нилъ хIалтIулел ругеб, нилъер ракIал МасихIиде руссинарун ругеб мехалда нилъее хIажалъула гьваридаб рухIияб хIалбихьи щвезе, жеги гьваридго Аллагь лъазе. Нилъ ракъизеги къечезеги руго ритIухълъиялъухъ, нилъеца гьари-дугIаялдалъун балагьизе буго Аллагьасулгун бухьен, гьелдалъун

щулалъила нилъер божи, рухIалъ хIаракат бахъила, хвасарлъиялъул иццухъе ун, жиндирго къеч буссинабизе. ГIумруялда жанир дандчIвалел захIмалъабазги хIалбихьиязги рачуна нилъ гьоркьоса къотIичIого Библиялъул цIех-рех гьабиялде ва тIаса ричIичIого какал раялде. Нилъ цIикIкIине руго МасихIил цIобалъулъ, нилъее щвезе буго бечедаб рухIияб хIалбихьи. {МЦ 58.3}

Жиндирго мурад цIуничIого цогидазе хъулухъ гьабиялъ инсанасул хасият къвакIизабула, къуркьи гьечIеблъун лъугьуна ва МасихIил гьарзаяб рокьиялъ гьесие рекъелги талихIги босун бачIуна. Гьесул ният-къасд жеги тIадегIанлъула, кIвахIалъеги живго вокьиялъеги бакI гьесул рекIелъ хутIуларо. БаркатцIобалдалъун христианазе кьурал сайгъатаздаса пайда босулел гIадамал рухIияб рахъалъ кIудиял гIола ва Аллагьасе хъулухъ гьабиялъулъ къуваталлъун лъугьуна. Гьезие щола якъинаб рухIияб бичIчIи, къуркьи гьечIеб, къоялдаса къоялде тIаде цIикIкIунеб божи, ва гьари-дугIаялъулъ кIудияб къуват. ГIадамазул ракIазе асар гьабун, Илагьияб РухIалъ гьезулъ бижизабула мукъадасаб жаваб. Жиндие пайда-хайир къваригIинчIого, гьединаб къагIидаялъ цогидазе лъикIлъиялъе хIалтIулел гIадамаз гIемерго ритIухъаб нухалдалъун щвезабулеб буго жиндиего хвасарлъи. {МЦ 58.4}

Нилъ цIобалъулъ цIикIкIуна, пайда-хайир къваригIинчIого, свак-кIвахI гьечIого, нилъеца тIубазабулеб бугони МасихIица тIадкъараб иш, гьединго мискIиназе квербакъун, гьезул талихIалъе гIоло къеркьон нилъеда барабщинаб гьабулеб бугони. Гьоркьоса къотIи гьечIеб хIаракатчилъиялъ нилъ къуваталлъун лъугьинарула - гьеб буго гIумруялъул тIоцебесеб шартI. МасихIие гIоло щибниги гьабичIого, жиндирго рухIияб гIумру цIунизе бокьарав чи релълъуна хIалтIичIого кваназе бокьарав чиясда. Жиндир чорхол лугби рагъа-рашаризаризе бокьичIев чи, хехго махIрумлъула гьездаса пайда босиялдаса. Гьедин, жиндие Аллагьас кьураб къуваталдаса пайда босуларев христианав МасихIилъ цIикIкIунаро, гьесулъ букIараб къуватги тIагIуна. {МЦ 59.1}

МасихIил килиса - гьеб буго Аллагьас гIадамал хвасар гьариялъе би-хьизабураб алат. Гьелъул масъала буго тIолабго гIаламалъухъе Инжил щвезаби. Гьеб киналго христианазда тIадаблъун буго. Жиндирго бажариялдаги ресалдаги рекъон, щивас тIубазабизе ккола Хвасар Гьарулесул тIадкъай. Нилъее загьирлъараб МасихIил рокьиялъ нилъ киналго, гьев лъаларелщиназул налъулаллъун лъугьинарун руго. Аллагьас нилъее нур кьуна, нилъее хутIизе гуребги, цогидазда гьоркьоб гьеб тIибитIизабизеги. МасихIида нахърилълъаразда жидеда тIадал ишал тIубанго ричIчIун рукIаралани, жакъа цо чи вугеб бакIалда, аза-азар чияс щвезабилаан мажусиязухъе рохалил хабар. Гьеб ишалъулъ жинцаго гIахьаллъи гьабизе санагIалъи кколарел киназго квербакъизе бегьула кIвараб кумекалдалъун, тIадрекъеялдалъун ва дугIабаздалъун. Ва христианазул улкабазда рухIал хвасар гьариялъул иш гIемерго лъикIлъила. Нилъерго хъизаналда яги мадугьалзабазда гьоркьоб Аллагьасул иш тIубазабизе нилъ ахIарал ругони, рикIкIадал улкабазде ине кколаро. Нилъеца хIакъабщинаб бокьун-разилъун тIибитIизабизе бегьула

нилъерго бакIалда: хъизаналда, килисаялда, нилъергун бухьен бугел ва цадахъ хIалтIулел гIадамазда гьоркьоб. Нилъ Хвасар гьарулес Жиндир гIумруялъул цIикIкIараб бутIа тIамуна Назареталдаса цIулал устарасул къваридабго мастерскаялда: гьенив Гьев кIвахI гьечIого хIалтIулаан. Гьесда цадахъ малаикзаби рукIунаан хурухъатгун ва захIматчагIигун гара - чIвариялда Гьев вугеб мехалъ. Гьезда ракIалдецин кколароан Аллагьасул Вас Гьев вукIин. Жинда тIадаб налъи ритIухъго тIубазабуна ГIисаца, Жиндир гьеб гIадатияб махщелалде машгъуллъун вугеб мехалдаги, унтарал сахлъизарулев яги Галилеялъул ралъдал гьалагал карачелаздасан вилълъун унев мехалдаги. Гьедин нилъедаги кIола ГIисада цадахъ гIумру гьабизе ва хIалтIизе, бищунго гIадатиял тIадкъаялги тIуразарулагоги ва бищунго тIадегIанаб даражаялде рахун рукIагоги. {МЦ 59.2}

Павел чапарас хъвана: «Кинавлъун гьес жиндихъего ахIаниги, гьединавлъун хутIизе виччанте, вацал, гьев Аллагьасда цеве» (1 Кор. 7:24). ЗахIмат бaччун хIалтIулев христианасда кIола, жив хIалтIулев вугеб бакIалда тIадал ишал ракIбацIцIадго тIуразариялдалъун жиндир БетIергьан машгьурлъизавизе. Гьев унго-унголъун МасихIида нахъ вилълъарав чи вугони, МасихIил рухIги халкъалъе рагьун, гьесул дин гьесул тIолалго ишазулъ загьирлъула. ЗахIмат бокьулев ва ритIухъав хIалтIухъанасулъ загьирлъула, Галилеялъул гохIазда гьоркьов яшав гьабун вукIараб заманалда цIакъго цIикIкIараб жигар-жаналдалъун бищунго гIадатияб хIалтIи Гьабулев вукIарасул сипат. Христианавилан жинда абулевщинав чи хIалтIизе ккола. гьесул лъикIал ишал рихьун, цогидазеги жал Рижарав ва жидехъ рецIел Кьурав машгьурлъизавизе кIолеб хIалалда. {МЦ 60.1}

ГIемерисез инкар гьабула жидер тIабигIияб бажари ва махщел - гьунаралдалъун МасихIие хъулухъ гьабиялдаса. Гьез абула гьеб мурадалъе гIоло цогидазе цIикIкIараб гьунар кьун бугилан. Гьезул пикруялда, Аллагьасе хъулухъ гьабизе ккола хасаб гьунар жидее насиблъараз. ХIатта, гIемеразда ракIалде ккола гьединаб гьунар Аллагьас насиблъизабун бугин цо хассал, тIаса рищарал гIадамазе, цогидалин абуни, гьеб хIалтIулъ гIахьаллъизе ва гьелъухъ кири щвезе ахIаралльун гьечIин. Амма гьунаралъул хIакъалъулъ мисалалда гьедин абун гьечIо. Рукъалъул бетIергьанас киналго рагьтIателал жиндихъего ахIараб мехалда, жив-живасда хIалтIи бихьизабун буго гьес. {МЦ 60.2}

Нилъеда бищунго гIадатияллъун ва гIиси-бикъиналлъун рихьулел тIадал ишал кIудияб рокьигун, «ТIадегIанасе гьабулеб бугеб гIадин» (Кол. 3:23), тIуразаризе кIола нилъеда. Нилъер рекIелъ Илагьияб рокьи бугони, гьеб загьирлъула щибаб къоялъ гьесул гIумруялъулги, къойил гьес гьарулел ишазулъги. Нилъеца нилъедаго сверухъ тIритIизарила МасихIил гьуинмахIал ва цогидазеги щвезабила Гьесул баркат. {МЦ 60.3}

Нилъ балагьун чIезе кколаро Аллагьасе гIоло хIалтIизе санагIатаб ахIвал-хIал лъугьинегIан яги гIажаибаб бажари-гьунар нилъелъе лъугьинегIан. Нужеца ургъел гьабуге гьаб гIламалъ нужер рахъалъ кинаб пикрудай гьабилаян. Нужер

гIумруялъул щибаб къоялъ нугIлъи гьабулеб бугони нужер божи бацIцIадаб ва ракI-ракIалъулаб букIиналъе, ва гIадамалги божулел ругони гьезие пайдаялъе хIалтIизе нужее бокъулеб букIиналда, нужер хIаракат гIадада кколаро. {МЦ 60.4}

ГIисал бищунго сабурал ва гIадатиял чапарзаби цогидазе баркатлъун лъугьине бегьула. ГIемерисеб мехалъ гьезда жидедагоцин бичIчIуларо гьез цо цIакъго лъикIаб жо гьабулеб бугеблъи, ракIалдаго гьечIого гьездасан лъугьараб лъикIаб асаралдалъун баркаталъул карачелал гьелчола, гьел жеги цIикIкIараб къуваталдалъун рикIкIаде уна, амма ГIисада нахърилъаразда, ахирги гьезие кири хъвалеб къо тIаде щвезегIан, лъачIого хутIизеги бегьула жидер асаралъул хIасилазул хIакъалъулъ. Гьезда лъаларо жидеца цо цIакъго тIадегIанаб иш гьабулеб бугеблъи. Жидеца гьабуралъул лъикIал хIасилазул ургъел-пикру гьабизе кколаро гьединал гIадамаз, гьел парахатго цере ине ккола, Аллагьас тIадкъараб иш ракIбацIцIадго тIубазабулабго. Гьеб мехалда гьезул гIумру гIададисеблъун букIинаро. МасихIида гьел жеги цIикIкIун релълъина. Гьаб гIумруялда Аллагьасда цадахъ хIалтIулеллъунги рукIун, гьел хIадурлъула бачIунесеб гIумруялъул жеги тIадегIанаб хIалтIуде ва гвангъараб рохелалде. {МЦ 61.1}

# Аллагь лъай

ГIемерго батIи-батIиял нухал руго Жив нилъее загьирлъиялъе ва Жиндехунго нилъер гьоркъоблъи лъугьинабиялъе Аллагьас хIалтIизарулел. ТIабигIаталъ гьоркьоса къотIичIого асар гьабула нилъер ботIроеги(гIакълулъай) рекIееги. Гьесул ишазулъ загьирлъулеб Илагьияб рокьиялъги Маш-гьурлъиялъги цакъго цIикIкIараб асар гьабула рагьараб ракIалъул инсанасе. ТIабигIаталъул балъгояб гIумруялъухъ лъикIго гIенеккидал, гьесда бичIчIула Жиндица бижаралдалъун щиб малъизе Аллагьасе бокьун бугебали. ГIурччинаб мегьалъ, чIахIиял гъутIбуз, гъутIбузул гIаркьалабазда ругел гIукIдуз ва тIугьдуз нилъ ахIула Аллагь лъаялде; роржунел накIкIаз ва зобалазул гьайбатлъиялъ нилъеда бицуна Гьесул хIакъалъулъ, цIцIадул къатIрабаз ва иххазул-лъаразул чилчилиялъ нилъер пикру буссинабула гьел Рижарасде. {МЦ 62.1}

Нилъ Хвасар гьарурас Жиндир цIакъго къиматаб хIакъабщинаб нилъеда бичIчIизабуна тIабигIаталъул лъугьа-бахъиназдалъун ва суратаздалъун. ГъутIби, хIанчIи, гIурдада тIугьдул, гохIал, хIорал, зодил гьумер, гьединго гIумруялъул щибаб къойил лъугьа-бахъинал, жура-гъуран ва щулияб хурхен рухьеналда руго хIакъабщиналъул бицунел рагIабигун ва инсанасул захIматаб гIумруялъул тIалабгун. {МЦ 62.2}

Аллагьасе бокьун буго Жиндир лъималазда Жив ракIалда вукIине ва гьезие дунялалъул рукъ Жинца берцинлъизабураб тIабигIаталъул ракълилаб, парахатаб гьайбатлъиялдаса гьез лазат босизе. Аллагьасе бокьула гьаб дунялалда бугеб тIолабго гьайбатабщинаб, амма тIасан бихьулеб берцинлъиялдаса Гьесие тIадегIанаб буго гIамал-хасияталъул берцинлъи. Гьесие бокьун буго тIугьдузулъ бугеб ва нилъер ракI тIаде цIалеб бацIцIалъиги гIадатлъиги нилъеца нилъеего камиллъизабизе. {МЦ 62.3}

Дунялалда Аллагьас бижарабщиналъул нилъеца хал-шал гьабулеб бугони, нилъ сверухъ бугебщиналъухъ кIваркьун гIенеккулел ругони, нилъеца къабул гьарула гIенеккиялъулги божилъиялъулги дарсал. Нилъеда рихьуларел амма гьезие рихьизарурал нухаздасан хьвадулел цIакъго чIахIиял цIвабзазаздаса байбихьун атомалъул цIакъго гIисинал заррабазде щвезегIан, - тIабигIаталда бугебщинаб, Гьеб Бижарасул амруялъе мутIигIлъула. Аллагьас тIалаб гьабула Жинца бижарабщиналъул ва гьезие хIажатабщинабги чIезабула. РагIал-ракьан гьечIеб дунялалъул рикIкIун хIал кIолареб гIаламалъе нухмалъи Гьабулес, гьебго заманалда тIалаб-агъаз гьабула, сундулниги ургъел-пикру гьечIого, жиндирго чIив-чIив бачун, кечI ахIулеб бугеб гьитIихIинаб хIанчIилги. Нилъер Зобалазул Инсуца хIасратго тIалаб гьабула нилъ киназулго. Гьесда рихьула нилъ хIалтIуде унел, рагIула нилъеца Гьесде гьари-дугIа гьабулеб. Гьесул бер нилъеда тIад букIуна нилъ кьижараб мехалъги макьидаса ригьараб мехалъги. Гьесда лъала жиндирго кIалгIаялъув бечедав чи квана-гьекъолев вугеб заманги, жиндирго хъизан-

лъималги данде ракIарун, мукъсанабго кванда нахъа гIодов чIун мискIинчи вугеб заманги. Аллагьасда лъала бадиса тIинкIараб щибаб магIил гороялъул хIакъалъулъ ва цониги гьимиги хутIуларо Гьесда бихьичIого. {МЦ 62.4}

Гьеб кинабго нилъеда лъикIго бичIчIун бугони, нилъер ракIазулъа уна щибго гIилла гьечIеб рахIатхей ва гIададисеб хIинкъи. ГIумруялда жанир нилъее рукIинароан гIемерал ракIбухIиял ва гьез жакъа нилъее гьабулеб бугеб гIемерго цIикIкIараб гIакъуба-къварилъи. Щайгурелъул, кинабго - кIудиябги гьитIинабги, нилъеца кьелаан Аллагьасда кодобе. Гьесие я захIмалъуларо, я бакIлъуларо кигIанго цIикIкIараб ва гIемераб букIаниги тIалаб-агъаз. {МЦ 63.1}

Дунялалъул берцинлъиялдаса хIайранлъун, нужеца пикру гьабе хадуб щвезе бугеб, пашманлъиги, мунагьги, хвелги жинда жаниб букIунареб дунялалъул, гьениб тIабигIаталъулъ букIине гьечIо нагIанаялъул ва квещлъиялъул рагIадгицин. Нужеца цебе чIезабе хвасарлъаразул ватIан ва нужеда лъан букIа, кигIан цIикIкIараб гьунаралдалъунги таваккалалдалъунги нужеца цебе чIезабуралдаса гьеб гIемерго гьайбатаб букIунеблъи. Аллагьас тIабигIаталда кьурал киналго батIи-батIиял сайгъатал ккола Гьесул машгьурлъиялъул загIипабго рагIадлъун. Хъван буго: «Лъилниги бералда бихьичIебги, лъилниги гIиналда рагIичIебги, лъилниги гIакъу нахъгIунтIичIебги къачIан буго Аллагьас Жив вокьулезе» (1 Кор.2:9). {МЦ 63.2}

ШагIирзабазда ва гIалимзабазда гIемераб жо абизе кIола тIабигIаталъул хIакъалъулъ, амма гIицIго христианасда бихьула гIадамаздехун Аллагьасул бугеб гIемерго гьарзаяб рокьи ва бичIчIула мугIрулги, кIкIалалги, гIоралги, ралъадалги - гьеб тIолабго бижун букIин инсанасе лъикIлъиялъе. Гьеб кинабго Зобалазул Инсуца бижараб бугин абулев чиясда кIола унгоунголъун тIабигIаталъул берцинлъиялдаса лазат босизе ва бищунго тIадегIанаб къагIидаялъ гьелъие къимат кьезе. {МЦ 63.3}

Аллагьас нилъедехун хитIаб гьабула Живго гьоркьове лъугьун ва Жиндир РухIалдалъун нилъер рекIее асар гьабиялдалъун. Нилъер щибаб къойилаб гIумруялда жаниб нилъеда дандчIвалебщинаб, нилъеда сверухъ щибаб къоялъ кколел хисабасиял нилъее дарсаллъун лъугьуна, гьеб кинабго бичIчIулеб хIалалда нилъ ругони. Аллагьас нилъер гьабулеб бугеб хIикматаб тIалаб-агъазалъул бицунаго, туркаби ахIулес абулеб буго: «БетIергьан, Дур гурхIелалъул цIун буго тIолабго ракь» (Пс.32:5). «ГIакъиласда гьеб бихьила, БетIергьанасул гурхIелги бичIчIила» (Пс.106:43). {МЦ 64.1}

Аллагьас гьединго нилъедехун хитIаб гьабула Жиндирго РагIудалъунги. Библиялда гIемер мухIканго ва гъваридго рагьун буго Гьесул гIамал-хасият, хвасар гьариялъул ва гIадамазулгун бухьен гьабиялъул цIакъго кIудияб иш. Гьелъ нилъеда бицуна нилъер диниял умумузул, аварагзабазул ва цогидалги некIсиял гIадамазул хIакъалъулъ. Гьел рукIана нилъеда релълъарал гIадамал (х.гь. Иак. 5:17). Нилъго гIадин, гьелги тату хун лъугьунаан, ракIбуссиналде данде къеркьолаан; нилъго

гIадин гьелги къварилъахьдун лъугьунаан ва цIидасан аваданлъулаан ва Аллагьасул цIобалъул къуваталдалъун бергьунаан. Гьезул хIакъалъулъ цIалулаго, ритIухълъиялде рачунеб хIаракаталъулъ нилъер рекIелъе къвакIи лъугьуна. Гьез хIехьезе ккарал хIикматал хIалбихьиязул хIакъалъулъ нилъеда лъараб мехалъ, нилъеда бихьула кинаб нуралдаса, кинаб рокьиялдаса, кинаб баркаталдаса гьез пайда босулеб букIарабали, гьезие сайгъатлъун щвараб цIобалдалъун кинал ишал гьез гьарулел рукIаралали. Гьезие таваккал кьолеб букIараб РухIалъ нилъер рекIелъги рекIуна мукъадасаб рохалил цIа, бижула гIамал-хасияталъул рахъалъ гьезда релълъине ва гьелго гIадин Аллагьасул нухдасан хьвадизе гьира. {МЦ 64.2}

НекIсияб КъотIиялъул ТIухьдузул хIакъалъулъ ГIисаца абуна «гьез Жиндие нугIлъи гьабулеб бугилан» (Ин.5:39). Ва гьеб цIакъго лъикI дандеккола цIияб къотIиялда рехсон бугелдаги. Гьез нугIлъи гьабун бугелъулха абадияб гIумру щвеялде нилъер тIолабго хьул жиндилъ бугев Хвасар гьарулесул хIакъалъулъ. {МЦ 64.3}

ХIакъикъаталдаги, тIолабго Библиялъ МасихIил хIакъалъулъ бицунеб буго. Дунял бижиялъул хIакъалъулъ тIоцебе бициналдаса байбихьун, - «бижарабщиналъул щибниги бижичIелъулха Гьев

гьечIого», - «Гьале кватичIого тIаде щолев вуго!» - ян ахирисеб рагIи кьезегIан, нилъеца цIалула Гьесул хIакъалъулъ, нилъеда рагIула Гьесул гьаракь (Ин. 1:3; Откр. 22:12). Хвасар Гьарулесул хIакъалъулъ цIикIкIун лъазе бокьани, нилъеца цIех-рех гьабизе ккола Хириял ТIухьдузул. {МЦ 64.4}

Риччанте Аллагьасул рагIаби нилъер рекIелъе лъугьине. Гьеб буго къечалъ вухIулесул къеч буссинабулеб чIагояб лъим, кигIан кутакабги къеч жиндица буссинабулеб. Гьеб буго зобалаздасан бачIараб чIаголъиялъул чед. ГIисаца абулеб буго: «ГIадамил Лъимадул Черхги квинчIони, Гьесул Биги гьекъечIони, нужее гIумру букIине гьечIо», - ян. Гьел рагIабазул магIна Гьес цинги гьадин бичIчIизабулеб буго: «Дир рагIабазулъан бачIуна нужехъе рухIги чIаголъиги» (Ин. 6:53, 63). Ракьалъ кьолел нигIматал кванан, нилъер черх къвакIула. ТIабигIияб дунялалда лъугьунебщинаб лъугьуна рухIияб дунялалдаги. Нилъеца жиндир хIакъалъулъ нилъеца пикру гьабулеб бугеб жоялъ нилъер гIамал-хасияталъе къвакIиги рухIияб тIабигIаталъе къуватги кьола. {МЦ 65.1}

РецIел кьун ричун роси, - гьеб буго малаикзабазецин жиндир магIна бичIчIизе бокьараб бальголъи. РецIел кьун ричун росараз гьеб лъазабизе ва гьелъул хIакъалъулъ ахIизе буго абадул абадиялъго. Гьале гьанжегицин гьеб мустахIикъаб гьечIищ гъваридаб ва мухIканаб цIех-рех гьабиялъе? ГIисал жиндие гIорхъи гьечIеб гурхIелги рокьиги, нилъее гIоло гьабураб къурбанги мустахIикъал руго жидер хIакъалъулъ нилъ тIадчIун ва лъикIаб къасдгун ургъизе. Нилъеца нилъерго пикру буссинабизе ккола нилъее хирияв, РецIел кьун нилъ ричун Росарасде ва нилъер ШапагIатчиясде, гъваридго ургъизе ва бичIчIизе ккола Гьес тIубазабураб ишалъул мурад - «Жиндирго гIадамал гьезул мунагьаздаса» хвасар гьари. Нилъеца

нилъерго заман кьуни зобалазул хIакъикъаталда тIад ургъиялъе, нилъер божиги рокьиги щулалъула; нилъер гьари-дугIа Аллагьасе цIикIкIун къабулаблъун лъугьуна, щайгурелъул гьеб букIина хIайранаблъунги хIасратаблъунги, божиялъул ва рокьиялъул жеги цIикIкун цIураблъунги. МасихIидалъун нилъее кIудияб ракIчIей насиблъула, нилъеда щибаб къоялъ бихьила Гьесдасан Инсухъе рачIунелщинал хвасар гьарулеб Гьесул къуват. {МЦ 65.2}

Хвасар гьарулесул камиллъиялда тIад ургъулаго, нилъелъ цIакъго цIикIкIараб гьира-шавкъ бижула нилъго цIилъизе ва сундулъго Гьесда релълъараллъун рукIине. РакI хIасратлъула нилъ ХIайранлъизарурасда нахъ рилълъине. МасихIил хIакъалъулъ нилъеца цIикIкIун бицанагIан, гьедигIан цIикIкIуна Гьесул хIакъалъулъ гIаламалда бицине бахъулеб хIаракат. {МЦ 65.3}

Библия гIицIго гIалимзабазе хъван гьечIо, гьелъул гIаксалда, гьеб хъван буго гIадатиял гIадамаз цIализе. РоцIцIараб къогIанги якъинаб буго хвасарлъиялъе хIажалъулеб тIадегIанаб хIакъикъат. Рагьун нилъее якъинаблъун лъугьинабураб Аллагьасул амруялдаса нилъерго пикру тIадегIанаблъун гьабичIони, лъилниги гъалатI кколаро ва щивниги битIараб нухдаса таруларо. {МЦ 66.1}

Хириял ТIухьдуз щиб малъулеб бугебали лъазе ккани, цогидазул нугIлъиялда гIей гьабичIого, нилъецаго цIех-рех гьабизе ккола Аллагьасул рагIиялъул. Нилъее гIоло ургъизе, пикру гьабизе нилъеца цогидал тIамуни, нилъер рухIияб къуват загIиплъула, гIунула. Нилъ махIрумлъула Аллагьасул РагIиялъулъ бугеб хIакъабщиналъул тIолабго гъварилъи бичIчIизе бажариялдаса. Гьелъул гIаксалда, нилъер цIодорлъи цIикIкIуна, Библиялъул хIикматаб берцинлъиги къиматги нилъее загьирлъула, Библиялъ бицунебщиналъул цоцадехун бугеб хурхен-бухьеналъул нилъеца, цо бутIа цогидабгун дандеккун, гъваридаб цIех-рех гьабуни. Хириял ТIухьдул лъазариялъ гIадин, гьелда жаниб бугеб пайдаяб хIакъикъаталъ гIадин, сунцаниги цIикIкIинабуларо цIодорлъигIакъиллъи. БукIине кколеб къагIидаялъ Аллагьасул РагIиялъул цIех-рех гьабулебани, гIадамазул гIакълуги камиллъилаан, гIамал-хасиятги лъикIлъилаан, мурадалде щвеялъулъ къвакIиги цIикIкIинаан, ай нилъер заманалда нилъее гьадин камун бугеб гьеб кинабго щвелаан. {МЦ 66.2}

ТIаса-масаго ТIухьдул цIалиялъул пайда дагьаб гурони букIунаро. Авалалдаса ахиралде щвезегIан Библия цIаланиги гьелъул тIолабго берцинлъи бихьичIого хутIизе, гьелъул бальгояб магIна бичIчIичIого хутIизе бегьула. ТIухьдузул гIемерал бутIрул, цо хасаб мурад цебе лъечIого ва гьездасан нилъер гIумруялъе кIвар бугел дарсал щоларедухъ, тIаса-масаго цIалиялдаса, гIемерго лъикIаб буго цо бакI, гьелъул магIнаги мурадги якъинлъуледухъ ва хвасарлъиялъул илагьияб пикру бичIчIуледухъ лъазаби. Биччанте нужер Библия кидаго нужгун букIине! СанагIалъи кканщинахъе цIале гьеб ва цIалараб ракIалда чIезабизе хIаракат бахъе. ХIатта, къотIносан унагоцин нужеда кIола гьелъул цо кесек цIализе, гьелъул

магIнаялда тIад ургъизе ва гьединаб къагIидаялъ гьеб ракIалда чIезабизе. {МЦ 66.3}

Библиялъул гъваридаб цIех-рех гьабун гурони, гьари-дугIагун гьеб лъазабун хадуб гурони, нилъеда бичIчIуларо гьелъул хIакъикъияб гIакъиллъи. Хирияб ТIехьалъул цо-цо бутIаби якъинго хъван руго, гьел ричIчIичIого кинго хутIулареб хIалалъ. Амма цогидал бакIазул магIна цебе рехун бихьуларо, ва цо нухалъ цIаларабго гьел ричIчIуларо. Гьединлъидал цо бутIа цогидабгун дандекквезе ккола. ТIадчIун цIех-рех гьабиялдалъун ва гьаридугIагун пикру гьабиялдалъун нужее шапакъат гьарзалъила. Майдан бухъулев чиясда ракьул гъаталда гъоркь къиматаб мах бугеб бакI батулеб гIадин, Аллагьасул РагIиялъул тIадчIун цIехрех гьабулесда батула Библия тIаса-масаго цIаларасе щолареб хIакъабщиналъул кIудияб хазина. Нилъеда магIна бичIчIани ва рекIелъе риччани, гьел хIасратал рагIаби релълъуна абадияб гIумруялъул Иццухъан чвахулел иххазда. {МЦ 66.4}

Гьари-дугIа гьечIого, Библия киданиги лъазабизе бегьуларо. Гьеб рагьилелде, нилъеца гьаризе ккола нилъелъе Илагьияб РухI лъугьинабейилан, гьеб мехалда нилъеда гьеб бичIчIула. Нафанаил ГIисахъе вачIараб мехалда, Хвасар Гьарулес абуна: «Гьав вуго дов унго-унгояв жугьутIав, жинца киданиги хIилларекIкI гьабуларев», - ан. Нафанаилица ГIисада цIехана: «Кин Дуда дун лъалев» - ан. ГIисаца жаваб кьуна: «Филиппица мун витIилалдего, инжиралъул гъотIокь гIодов чIун вихьана дида мун», - абун (ИН. 1:47, 48). ХIакъабщинаб щиб жояли лъазе рекIелъе кантIи лъугьинабейилан нилъеца гIадан-чи гьечIеб бакIалда дугIа гьабулеб бугони, жакъаги рихьула ГIисада нилъ. Нуралъул дунялалдаса малаикзаби ритIула рекIелъ мукIурлъигун Илагьияб нухмалъи жидеего балагьулел ругезухъе. {МЦ 67.1}

Илагьияб РухIалъ тIадегIанлъизавула ва машгьурлъизавула Хвасар Гьарулев. Гьелъул иш ккола МасихIги, Гьесул ритIухълъиялъул рацIцIалъиги, Гьес инсаниялалъе бачIунеб хвасарлъиялъул кIодолъиги нилъее загьир гьаби. ГIисаца абулеб буго: «Дихъ бугебаб, Дихъаги босун, нужее загьир гьабила Гьелъ», - ан. ГIицIго Илагьияб РухIалда кIола Аллагьасдасан бачIунеб хIакъабщинаб нилъеда малъизе. Жиндирго цохIо вугев Вас нилъее гIоло хвезе кьурав ва нилъеда кинабго малъизе ва нухда рачине Жиндирго Илагьияб РухI битIарав Аллагьасе кигIан цIакъ бокьизе кколеб инсанасул наслу! {МЦ 67.2}

# Гъари-дугIаялъул тIокIлъи

ТIабигIаталдалъунги, загьир гьарулал ишаздалъунги, нилъер гьабулеб тIалаб-агъазалдалъунги ва жиндирго рухIалъул асарадалъунги кIалъала Аллагь нилъедехун. Амма гьелдалъун лъугIизе бегьуларо Гьесулгун нилъер хурхенбухьен. Нилъер щивасги Гьесие нилъерго ракI рагьизе ккола. Нилъее рухIияб гIумруги къуватги щвезе ккани, нилъ рукIине ккола нилъерго Зобалазул Эменгун чIагояб хурхен-бухьеналда. Нилъер пикраби Гьесде руссун рукIина. Нилъеца пикру гьабила Гьесул ишазул, Гьесдасан бугеб гурхIелалъул ва баркаталъул хIакъалъулъ, амма жеги гьеб кколаро гьеб рагIул тIубараб магIнаялда Гьесулгун хурхен-бухьенлъун. Аллагьасулгун хIакъаб бухьен лъугьине ккани, нилъеца Гьесда бицине ккола нилъер гIумруялъул хIакъалъулъ, нилъер рохелалъулги пашманлъиялъулги хIакъалъулъ. {МЦ 68.1}

Гьари-дугIаялда нилъеца, нилъерго гьудуласдехун гIадин, ургъел бикьула Аллагьасдехун. Чара гьечIого, гьеб гьедин гьабизе ккола, Гьесда нилъ щалали лъаларого рукIун гуреб, Гьев къабул гьавизе нилъеего кумек щвезелъун. Гьари-дугIаялъ Аллагь нилъеде гуро гIагарлъизавулев, нилъ Аллагьасде гIагарлъизарула. {МЦ 68.2}

Дуниялалда вугеб мехалда, ГIисаца Жиндирго чапарзабазда малъана гьари-дугIа кин гьабулебали. Гьес гьезда абулаан, чара гьечIого, Аллагьасе загьир гьабизе кколин щибаб къоялъ нилъее щиб хIажат бугебали ва нилъер кинабго тIалаб-агъаз Гьесде тIамун тезе кколин. Хвасар Гьарулес рагIи кьун буго гьезул гьаридугIа къабул гьабизе. Гьеб кьураб рагIи нилъееги насип-лъула. {МЦ 68.3}

ГIадамазда гьоркьов вугеб мехалда, ГIисаги гьари-дугIаялде машгьуллъун вукIунаан. Гьес Жиндего тIаде росулана нилъер киналго хIажалъабиги загIиплъабиги, ва хъулухъ гьабизеги захIмалъаби къезаризеги цIияб къуват кидаго букIине гIоло, Жиндирго Зобалазулав Инсудасан кумекги гьарулаан. ГIиса нилъее сундульго мисаллъун вуго. Нилъер загIиплъиялъулъ нилъее Вацлъун лъугьана Гьев. Гьев вукIана «нилъеда гIадин, сундульго захIмалъи бихьарав», амма Гьев хутIана мунагь гьечIевлъун, квешлъиялде рокьукълъи рекIелъ букIиндал. Мунагьазул цIураб ракьалда Хвасар Гьарулес хIехьана рухIалъе гIазаб-гIакъубаги къеркьейги. Гьари-дугIа Гьесие букIана чара гьечIеблъун ва тIокIлъи бугеблъун. Жиндирго Инсулгун хурхенбухьеналда вугеб мехалда Гьесул рекIелъе хIалхьиги рохелги лъугьунаан. ХIатта, ГIадамал хвасар Гьарулесе, Аллагьасул Васасе гьари-дугIа хIажалъулеб букIараб батани, нилъ гIадинал загIипал, мунагьазул цIурал, гIадатиял жалазе кигIан цIакъдай хIажалъила хIасратаб ва кидагосеб гьари-дугIа. {МЦ 68.4}

Нилъер Зобалазулав Аллагь хIадур вуго баркат-цIобалъул цIад нилъеде чвахизабизе. Гьесул гIорхъи гьечIеб рокьиялъул иццухъа нахъаса къотIичIого лъим

гьекъезе рес щун буго нилъее. ГІажаибаб жо гьечІищ, гьадинаб мукъсанаб ва къанагІатаб щай бугеб нилъер гьари-дугІа?! Аллагьас вохун къабул гьабула Жиндир лъималазда гьоркьоса бищунго мутІигІасул ракІ-ракІалъулаб гьари-дугІа, амма гІемерисеб мехалъ нилъ гІедегІуларо нилъее щиб хІажат бугебали Гьесда бицине. Пакъирал, загІипал, захІмалъабаз кІвекІулел ругел гІадамазухъ балагьун кинаб пикрудай букІунеб зобалазул малаикзабазул рекІелъ, гьез гьараралдасаги гьезие хІажалъаралдасаги цІикІкІун Жиндирго гІорхъи гьечІеб рокьиялдалъун кинабго гьезие кьезе хІадурараб ракІ бугев Аллагьасда гьел гьедин къанагІат гурони гьардолел гьечІолъи ва гьезулъ божи мукъсанаб гурони гьечІолъи бихьараб мехалда? Малаикзаби, гьира - шавкъалда Аллагьасе хъулухъалъе чІун руго, гьел рохун руго гьесде гІаргарлъухъ рукІиналдаса. Аллагьасулгун хурхен-бухьен букІин гьезие цІакъго цІикІкІраб рохеллъун лъугьун буго. Амма нилъеда, Аллагьасда гьабизе кІолеб кумекалде цІакъго хІажатал, гьаб дунялалъул лъималазда ккола, Гьесулгун хурхен-бухьен гьабичІого, Гьесул РухІалъул канлъи чІвачІого гьабураб гІумру гІураб бугин. {МЦ 69.1}

Гьари-дугІаялъул нухдасан унарезда сверухъ бецІлъи цІикІкІинабула илбисалъ. Гьеб тушманалъ гІинзухъе щурулебщиналъ гьел мунагьалде рачуна. Гьеб кинабго ккола Аллагьас гьезие насиблъизабураб гьари-дугІаялъул тІокІлъи гьез гІадахъ босулеб гьечІелъул. Щай Аллагьасул васазе ва ясазе гьари-дугІа гьабизе бокьулареб? Гьеб гурищ сундуего Къудрат бугесул гІорхъи гьечІел ресазул цІураб зобалазулаб гъамас ричІулеб божиялъул кІул. РорчІуда чІеялдалъун ва сваккІвахІ гьечІеб гьари-дугІаялдалъун гурони нилъ цІунуларо кІвар гьечІеллъун лъугьиналъул ва битІараб нухдаса кьуриялъул хІинкъиялдаса. Тушманалъ нилъее кидаго квекІенал гьарулел руго баркаталъул тахалъухъе нилъ унеб нухда. Гьелъ жиндирго рахъалдасан кина-щинабго гьабулеб буго нилъеца гьари-дугІаги божиги гІадахъ босичІого теялъе ва баркатги нилъер хІалбихьиял къезарулеб къуватги нилъее щунгутІиялъе. {МЦ 69.2}

Нилъер ракІчІезе ккола нилъее загьирал шартІаздалъун Аллагьасда нилъер гьари-дугІа рагІулеб букІиналда ва Гьес гьелъие жаваб кьолеб букІиналда. ТІоцересел шартІазул цояблъун ккола гьесул кумек нилъее хІажат букІин нилъеда бичІчІи. Гьес рагІи кьуна: «Дица къечаразе лъим щвезабила ва бакъваралде иххал чвахизарила», - ян (Ис. 44:3). РитІухълъиялъухъ вакъунги къечонги вугесул, ракІ-ракІалъго Аллагьасде хІасрат бугесул ракІчІун букІине ккола жив гІорцІизе вукІиналда. Аллагьасул баркат щола гІицІго Илагьияб РухІалъул асаралъе ракІ рагьун бугеб заманалда. {МЦ 70.1}

Чара къосун нилъее цо пуланаб жо хІажат букІиналъ бищунго мухІканаб ва пасихІаб къагІидаялъ нугІлъи гьабула нилъее пайдаялъе. Амма нилъ БетІергьанасда гьардезе ккола, нилъер хІажалъи Гьес тІубазе. Гьес абулеб буго: «Гьаре нужеца - нужее кьечІого толаро». «Аллагь Жиндирго Васасдагицин барахщичІо, нилъее гІоло хвезе витІана Гьев. Гьединаб сайгъат гьабурав Аллагьас хутІарабщинабги кьеларищ нилъее» (Мф. 7:7; Рим. 8:32). {МЦ 70.2}

Нилъер рекIелъ цIунун квешлъи бугони, нилъ цо мунагьалдехун рухьун ругони, БетIергьанасда нилъер гьари-дугIа рагIуларо. РакI бухIун, хIайранлъун хутIараб рухIалъул гьари-дугIа кидаго рагIула ва къабул гьабула. Амма нилъерго гьунаралдалъун Аллагьасул баркат нилъее киданиги насиблъуларо. ГIицIго ГIиса МасихIил гьунаралдалъун кIола нилъ хвасар гьаризе, гIицIго Гьесул Биялдалъун кIола нилъ рацIцIалъизаризе. Амма гьеб киналъго нилъ къабул гьариялъе рихьизарурал шартIалги нилъедаса тIаса унаро. {МЦ 70.3}

Божи - гьеб ккола гьари-дугIаялъул хIасил кьеялъе ругел шартIазул цояблъун. «Аллагьасухъе вачIунев чи божизе ккола Аллагь вукIиналда ва Жив валагьизе лъугьарасе Гьесдасан шапакъат щолеблъиялда» (Евр. 11:6). ГIисаца чапарзабазда абуна: «ДугIадулъ нужеца Аллагьасда шиб гьарулеб бугониги, нуж божа Гьес нужер гьари тIубан бугилан» (Мк. 11:24). Нилъ божулелищха Гьесул рагIуда? {МЦ 70.4}

МасихIица гьабураб гьеб лъазабиялъе гIорхьи гьечIо. Гьев ритIухъав вуго Жинца кьураб рагIуе. Нилъеца гьарараб жо гьебсагIатго нилъее щвечIониги, нилъ божизе ккола БетIергьанасда нилъ рагIун рукIиналда ва Гьес нилъее жаваб кьезе букIиналда. Нилъее щиб бокьун бугебали лъачIого хутIизе бегьула нилъеда гIемерисеб мехалъ ва хадуб букIунелдеги кантIуларо, гьединлъидал цо-цо нилъеца гьарула жинца нилъ талихIаллъун лъугьинаруларебги. Зобалазул Инсуда гьеб лъала, ва нилъер гьари-дугIаялъе жаваб гьабулаго, Гьес нилъеде рещтIинабула гIицIго нилъее лъикIаблъун кколеб жо, ракI-ракIалъго нилъецагоги гьаризе букIараб жо, тIасан кантIи-бичIчIи щун, нилъеда лъалеб букIарабани, нилъер нухда дандчIвалебщиналъул хIакъикъат. Нилъер гьари-дугIаялъе жаваб кьолеб гьечIилан нилъеда ракIалде кканигицин, нилъ рукIине ккола Аллагьасул баркаталде хьул лъун - жаваб жиндир заманалда щвезе буго, ва нилъее бищунго хIажаталъулъ нилъее баркатги щвезе буго. Амма нилъее гьеб жаваб пуланаб заманалда ва пуланаб къагIидаялъ нилъее бокьухъе щвелин чIезаби букIина нилъедаго нилъерго ракIчIейлъун. Аллагь цIакъго гIакъилав вуго - Гьесул гъалатI кколаро; Гьев цIакъго лъикIав вуго -Жив валагьулев вугелал Гьес баркаталдаса махIрум гьаруларо. Гьединлъидал, Гьесда божизе хIинкъуге нуж, нужеца гьараралъе жаваб гьебсагIатго щун гьечIониги. Нуж божа: «Гьаре нужеца - нужее кьечIого толаро», - ян (Мф. 7:7) Гьес кьураб рагIуда. {МЦ 70.5}

Нилъ нилъерго щакдарабазул ва хIинкъабазул кверщаликь ругони, яги нилъер загIипаб гIакълуялъул къуват гIоларебщинаб бичIчIизейилан ва бичIчIизабизейилан нилъ лъугьани, нилъер захIмалъаби цIикIкIуна. Амма нилъ Аллагьасухъе рачIани, нилъ загIипалги Гьесда раралги рукIин (хIакъикъаталда нилъ гьединал руго) бичIчIун, нилъеца гьарараб Гьесда рагIула ва Жиндирго нуралдалъун нилъер ракIал гвангъизарула. Гьединго нилъ рачIунел руго Жиндир гIакъиллъиялъе гIорхьи гьечIесухъе, Жинца бижарабщиналъулъ кинабго бихьулесухъе ва Жиндирго амруялда ва рагIиялда рекъон гьеб киналъего нухмалъи Гьабулесухъе. РакI-ракIалъго гьабураб гьари-дугIаялдалъун нилъ

рачIунел руго Жиндир гIакъиллъиялъул ГIорхъи ГъечIевгун цолъизе. Гъебго заманалда нилъее гIурал рихьулел жал гъечIого рукIине бегьула нилъ Ричун Росарав нилъеда тIаде рокьигун ва гурхIелгун валагьун, хIеренго нилъер тIалаб-агъазалда вукIин чIезабулел, амма Гьесдехун хурхеналъул асар нилъее лъугьинчIого букIунаро. {МЦ 71.1}

Аллагьасда нилъеца гурхIелги баркатги гьарулеб бугеб мехалда нилъелъ букIине ккола тIаса лъугьиналъулги рокьиялъулги асар. «Нижер налъи-хIакъалда тIасаги лъугьа, нижер налъулазда тIаса нижги лъугьарал ругин» (Мф. 6:12) - абун нилъеца гьарулеб мехалда, нилъеда аскIор ругезда тIаса лъугьинчIого бегьилищ нилъ? Нилъ ралагьун чIун ругони Аллагьасда нилъер гьари-дугIа рагIиялъухъ, гьединабго къагIидаялъ ва нилъеда тIаса лъугьине хьул бугеб даражаялда, нилъги лъугьине ккола цогидазда тIаса. {МЦ 71.2}

Гьари-дугIаялда тIадчIей буго нилъеца гьарараб щвеялъе кIвар бугеб шартI. Нилъеца гьари-дугIа тIадчIун гьабизе ккола божиялъулъ ва рухIияб хIалбихьиялъулъ тIаде цIикIкIине. «РорчIуда чIа ва кидаго Аллагьасе рецц гьабун гьари-дугIаялда рукIа» (Кол. 4:2). Петр чапарас иман лъуразда лъазабулеб буго: «Гьари-дугIа гьабизе цIодорго чIа, рорчIуда рукIа (1 Петр. 4:7). Павел чапарас малъулеб буго: «Аллагьасе рецц гьабун, нужеца гьаре, сунде хIажалъи нужер рекIелъ бугебали дугIадулъ рехсон» (Флп. 4:6). Ягьуда чапарас хъвалеб буго: «Нужеца, дир хириял, Илагьияб РухIалдалъун гьари-дугIа гьабе. Аллагьасе рокьулел рукIинги лъан, цIуне нужго» (Иуд. 20, 21). Нахъаса къотIичIого гьабулеб гьари-дугIа буго Аллагьасулги нилъер рухIалъулги биххи гьечIеб цолъи, гьеб сабаблъун Аллагьасдасан гIумру жубала нилъер гьумруялъулъе ва нилъ рохула нилъер гIумруялъул рацIцIалъиялдасаги ритIухълъиялдасаги. {МЦ 72.1}

Чара гьечIого лъугьинабизе ккола нилъер гьари-дугIаялъе сундулниги квалквал букIунареб хIал. ХIаракат бахъе ГIисалгун хурхен-бухьен тIубараб ва рохалилаб букIинабиялъе. Аллагьасе гьари-дугIа гьабулеб бакIалда гIахьаллъизе кIвараб хIаракат бахъе. БетIергьанасулгун унго-унголъун хурхен-бухьен балагьулел ругел чагIи хьвадила дугIаби гьаризе данделъулел бакIазде ва гьенир жидеда тIадал ишал ракIбацIцIадго тIуразарила. Гьезул гьира букIина жидее букIинилан рагIи кьураб баркат щвезе, ва зодисан бачIунеб нуралъул чIораз жидер ракIал гвангъизарулеб бакIалда рукIине тIолалго ресаздаса пайда босизе. {МЦ 72.2}

Нилъеца гьари-дугIа гьабизе ккола нилъерго хъизаналда цадахъ, амма цохIо мунго гурони гьечIеб бакIалда гьабулеб гьари-дугIаги кIочон тезе бегьуларо: гьелъулъ бахчун буго нилъер рухIалъул балъголъи. ЦIобалъулъ тIаде цIикIкIине ва къвакIизе рес гьечIо, нилъго ругеб бакIалда гьари-дугIа гьаби гIадахъ босулеб гьечIони. ГIуцIго хъизаналда жаниб яги жамагIатгун цадахъ гьабураб гьари-дугIа гIелин тезе бегьуларо. Аллагьасул кинабго бихьулеб댈алда цебе лъелин нилъерго ракI. АскIов чи гьечIеб бакIалда гьабураб гьари-дугIа гIуцIго Досда рагIизе ккола. Аллагьасда гурони, цоги лъиданиги рагIизе бегьуларо балъго нилъеца гьарулеб

бугеб жо. Аллагьасде дандвитIун цохIо мун вугеб мехалда, гьарулев вугесе цоги лъилниги асар букIунаро ва дунялалъул ишазде пикру буссунаро. ГIодовиччан, амма хIасратго ахIи бала гьес Аллагьасде. Гьесие лъикIаб асар лъугьина балъгояб Бихьулесдасан ва рекIел гъварилъудасан бачIунеб гьари РагIулесдасан. ГIадатияб божигун гьединав чияс Аллагьасдехун хурхен-бухьен гьабула ва Илагьияб нуралъул чIорал гьесулъе лъугьуна, илбисгун къеркьеялъулъ къвакIиги квербакьиги щвезе. Нилъер къуват Аллагьасухъ буго. {МЦ 72.3}

Гьари-дугIа гьабе мунго вугеб мехалъги ва щибаб къоялъ, хIалтIудегун тIалаб-агъазалде машгъуллъун вугеб мехалъги, цIикIкIун рагье Аллагьасда цебе дурго ракI! ХIакълъунго гьедин, «Аллагьасда цадахъ хьвадарулев вукIана» Енох. Гьединаб балъгояб гьари-дугIа релълъуна цIцIобалъул тахалда цебе букIунеб берцинаб махIалда. Илбисалда кIоларо, Аллагьасдалъун къвакIараб ракIалъул инсан къуркьизавизе. {МЦ 73.1}

Гьари-дугIаялдалъун Аллагьасде гIагарлъизе рекъараб буго бокьараб мехалда ва бокьараб бакIалда. РекIел тIиналдасан бачIунеб гьари-дугIаялъулъ нилъерго рекIелъ бугеб загьир гьабиялъулъ нилъее квалквал гьабизе лъиданиги кIоларо. ХIатта, къотIноб ахIи-хIуралда гьоркьоб, гIадамазул рукIалилъ яги нилъго ругьунаб хIалтIуде машгъуллъун ругеб мехалда кIола нилъеда Аллагьасдехун руссине ва кумекги нухмалъиги гьабейилан Гьесда гьаризе. Гьедин гьабулеб букIана Неемияца, Артаксеркс пачаясда цеве чIун, жиндие хIажатаб жо гьарулеб мехалда. Аллагьасулгун гьединаб хурхен-бухьен бокьараб бакIалда гьабизе бегьула. Нилъер рекIел нуцIа кидаго рагьун букIине ккола гьениве МасихI ахIизе ва жаниве лъугьун Гьев нилъер рекIелъ, бищунго вокьулев зобалазулав гьобол гIадин, гIодов чIезе. {МЦ 73.2}

Нилъеда сверухъ пасатаб ва чорокаб агьлу бугониги, гьездасан бачIунеб заралияб махI нилъеца сунтIизе кколаро, нилъер рес бугелъулха зобалазул бацIцIадаб гьаваялда чIаголъи гьабизе. РекIел тIиналдасан бачIунеб гьари-дугIаялъулъ нилъерго ракIал Аллагьасухъе кьолаго, нилъеда кIола нилъго чорокал ва квешал пикрабаздаса цIунизе. Аллагьасул асаралъеги баркаталъеги рагьарал ракIал ругел гIадамаз гIемерго бацIцIадаб бакIалда гIумру гьабула ва зобалазулгун гьоркьоса къотIичIеб хурхенбухьен ккола. {МЦ 73.3}

Нилъее чара гьечIого хIажат буго ГIиса лъикIго лъазе ва абадиял хIакъикъатазул къимат нилъеда гъваридго бичIчIизе. Аллагьасул лъималазул ракIазулъе лъугьине ккола «хириябщиналъул лъикIаб сурат». Гьеб щвезе ккани, нилъеца балагьизе ккола зобалазул хIакъабщиналъул рахъалъ Илагьияб лъай. {МЦ 73.4}

Биччанте нилъер ракI эхеде, зобалазда Аллагьас нилъее бихьизабун бугеб бацIцIадаб бакIалде цIабуцIине. Нилъеда кIола, Аллагьасде цIакьго гIагарлъун, тохлъукьего бачIараб хIалбихьиялъул заманалдацин, тIабигIаталда тIегь бакъудехун буссунеб гIадин, нилъерго пикраби гьесдехун руссинаризе. {МЦ 73.5}

Аллагьасе загьир гьабе нужее щиб хIажат бугебали, Гьесде бикье нужерго рохелги пашманлъиги, бице сунда ракI лъун ва сунца рахIат хвезабун бугебали! Гьелдалъун нужеца Гьесие щибго захIмалъи гьабуларо, Гьесие гьеб бакIлъуларо. Нужер бетIералда бугеб щибаб рас рикIкIине кIолес Жиндирго лъималазул хIажалъабаздехун мугъ рехизе рес гьечIо. «ГурхIулевги рахIмуявги вугелъул Аллагь» (Иак. 5:11). Нуж рокьулеб Гьесул рекIеда хъатIула нужер къварилъаби. Гьезул хIакъалъулъ нужеца Гьесие бицунеб мехалда нужедаго цадахъ гьесиеги захIмалъи лъугьуна. Гьесухъе рачIа нужее захIматабщинабгун, нужер рахIат хвезабулебщинабгун. Цониги гьир Гьесие бакIлъуларо: зобал-ракьал Гьес ккун ругелъул, дунялалъего нухмалъиги Гьес гьабулеб бугелъул. Нилъер жанисеб дунялалъул бицани, цониги жо хутIуларо Гьесие кIвар гьечIеблъун. Нилъер гIумруялъул тарихалъул тIехьалда цониги бетIер гьечIо, гьесда цIализе лъаларебгIадинаб гарцIахин жиндилъ бугеб; нилъеда бичIчIичIого хутIараб цониги жо гьечIо, кумек гьабизе Гьесда кIоларебгIан захIматаб. Гьесул лъималазул бищун гьитIинасдегицин бачIунеб цониги балагь, ракI гъанцIизабулеб цониги хIинкъи, цониги рохел, рекIел тIиндасан бачIулеб цониги гьари-дугIа - щибниги хутIуларо киналъулъго Квербакъулев нилъер Зобалазулав Инсул берзукьа борчIун. «РакI биххун унелги Гьес сахлъизарула, гьезул къварилъиги лъугIизабула» (Пс. 146:3). Аллагьасдаги щивав чиясдаги гьоркьоб хурхен-бухьен якъинаб ва щулияб буго, гьаб ракьалда цохIо гьев чи вугин, Зобалазулав Инсуца жиндир тIалаб гьабулев, ва цохIо гьесие гIоло Гьес Жиндир вокьулев Васги кьун вугин ракIалде кколеб куцалъ. {МЦ 74.1}

ГIисаца абуна: «Дир цIар рехсон гьардела нуж. Нужер рахъалъ Инсуда щибниги гьарилилан абулеб гьечIо Дица нужеда. Дир Инсуе Жиндиегоги рокьула нуж». «Дица нужтIаса рищана... Дир цIар рехсон нужеца гьарарабщинаб Гьес нужее кьезе» (Ин. 16:26; 15:16). ГIисал цIар рехсон гьари ккола гьеб цIар дугIадул байбихьудаги ахиралдаги гIадатияб куцалъ абиялдаса гIемерго тIадегIанаб иш. Гьелъул магIна ккола ГIисал амруялдаги рухIалдаги дандекколедухъ, Гьес кьураб рагIуда божун, Гьесул цIцIобалде хьул лъун, Гьесул ишал тIуразарулаго гьари-дугIа гьаби. {МЦ 74.2}

Аллагьас тIалаб гьабулеб гьечIо нилъ монахаллъун яги дунялалдаса ратIалъун чIарал чагIилъун рукIайилан, Жиндие хъулухъ гьабизе гIоло гIадамаздаса рикIкIалъейилан. Нилъеца гIумру гьабизе ккола, МасихIица гьабулеб букIараб гIадин, хIалтIун ва гьари-дугIаялда тIадчIун. Шибниги хIалтIи-пиша гьабичIого гIицIго гьари-дугIаялда тIадчIун гIумру тIамулев чияс кватIичIого гьеб рехун тола, яги гьес гьеб гьари-дугIа гьабила гIицIго гьев гьелде ругьунлъун вугелъул. ЖамагIаталъулаб гIумруялдаса, христианазда тIадал ишаздаса ва хъанч баччиялдаса, гьезие гIоло кIвахI гьечIого хIалтIарав ТIадегIанасе гIоло тIадчIун гьабулеб хIалтIудаса гIадамаз инкар гьабулеб мехалда, гьари-дугIаялъе жо гьезул хутIуларо: гьезулъа лъугIун уна Аллагьасде руссиналъул ва къадру цIунун хьвадиялъул таваккал. Гьезул гьари-дугIа гIицIго жидедего буссараб букIуна.

Гьезда кIоларо инсаниятальулго хIажалъабазул, МасихIил ПарччахIлъи гIуцIиялъул, хъулухъалье чIезе жидее къуват кьеялъул рахъалъ гьаризе. {МЦ 74.3}

Аллагьасе хъулухъ гьабиялъулъ къвакIизе ва цоцазул гъира базабизе цадахъ рукIиналъе ругел ресаздаса нилъеца пайда босичIони, нилъ гIемераб жоялдаса махIрумлъула. Гьесул РагIиялъул хIакъикъаталъул къуватги кIварги лъугIула нилъее, Гьелъ нилъер ракIазулъе тIокIаб лъайги нурги лъугьинабуларо, ва нилъ рухIияб рахъалъ хола. Нилъее гIемераб жо камула, нилъеца цоцаздехун гурхIел-рахIму хIалтIизабичIони. Жиндирго гурони ургъел-пикру гьечIев христианасда кIоларо Аллагьас гьесда тIадкъараб иш тIубазабизе. Христианазулаб рокьиялъул кьучIалда лъикIаб тарбия щвеялъ нилъ цогидазул тIалаб-агъаз бугеллъун лъугьинарула, Аллагьасе гьабулеб хъулухъалъулъ къвакIизарула. {МЦ 75.1}

Цадахъ данделъун, христианаз цоцада бицунеб бугебани Аллагьасул рокьиялъул ва рецIел кьун ричун росиялъул къадруяб хIакъикъаталъул, рухIияб рахъалъ гьел къвакIилаан ва цогидазе гьез лъикIаб асарги гьабилаан. Щибаб къоялъ нилъеда кIола Зобалазул Инсул хIакъалъулъ цIикIкIун лъазе, Гьесул цIобалдалъун гIумруялъулъ цIияб лъай щола, ва гьелъ нилъ рачуна Гьесул рокьиялъул хIакъалъулъ бицине гъира ккеялде. Нилъеца гьедин гьабулеб бугеб мехалда, нилъер ракIазулъе хинлъиги хIайранлъиги лъугьуна. Нилъерго хIакъалъулъ дагь ургъун ва бицун, ГIисал хIакъалъулъ гIемер ургъун ва бицун нилъ чIолелани, гIемерго цIикIкIун згьирлъилаан нилъее Гьев нилъелъ вугевлъи. {МЦ 75.2}

Гьес нилъер тIалаб-агъаз гьабулеб бугеб куц бихьанщинахъе нилъеда Аллагь ракIалде щолев вугевани, нилъер пикраби кидаго Гьесде руссун рукIинаан, Гьесул хIакъалъулъ бицунаго ва Гьесие рецц гьабулаго, нилъер рекIелъе рохел лъугьинаан. Нилъеца бицуна дунялалда нилъерго ишазул хIакъалъулъ, гьезул нилъее кIвар бугелъул. Нилъеца нилъерго гьудулзабазул хIакъалъулъ бицуна, нилъее гьел рокьулелъул, нилъер къварилъиги гIатIилъиги гьездехун бикьулелъул. Амма нилъее нилъерго гьудулзабаздаса Аллагь вокьизе гIиллаби рикIкIун хIал кIоларелгIан гIемер руго нилъее. Гьесул хIакъалъулъ пикру гьабизе, Гьесул цIцIобалъул бицине, Гьесул къуваталъул бицине - гьеле гьеб букIине ккола нилъее бищунго кIвар бугеблъун. Гьез нилъер пикрабиги гъанкъизелъун, ракIалги асирлъизаризелъун ва гьелъул хIасилалда нилъер гIумру Жиндихъ Бугевавги кIочон тезелъун гуро Аллагьас нилъее гьарзаго сайгъатал кьун ругел. Гьелъул гIаксалда, нилъ цIикIкIун бечелъанагIан, кидаго ракIалда чIезавизе ккола нилъеца Гьев ва зобалаздасан нилъее лъикIабщинаб РещтIинабулесдехун рокьиялъулги баркалаялъулги рохьен щула гьабизе ккола. Нилъеца цIакъго гIемер пикру гьабулеб буго аб дунялалъулалъул. Нилъеца нилъерго берал руссинарилин зобалазул нуралъул хазинаялде нуцIа рагьун бугелъуре, гьениб Илагьияб машгьурлъиялъул канлъи-гвангъи бачIунеб буго МасихIил гьурмадасан. «Гьесда кIола Жинда нахърилълъун Аллагьасде гIагарлъарал киналго хвасар гьаризе» (Евр. 7:25). {МЦ 75.3}

Аллагьасе цIикIкIун рецц гьабилин, «Гьесул гурхIелалъухъ ва ГIадамил лъималазе Гьес гьарулал хIикматал ишазухъ» (Пс. 106:8). Нилъер динияб гIумру къокълъизе бегьуларо гIицIго гьари-дугIаялде руссиналдалъун ва гьезие жавабазухъ балагьун чIеялдалъун. РачIа нилъ кидаго рукIинарин нилъее хIажаталъул пикрабазда, ва кIочон теларин нилъее щолеб бугеб лъикIабщинаб. Нилъ къанагIат гурони какде руссунаро ва баркала кьезеги нилъ къарумал руго! Щибаб къоялъ нилъее щола Аллагьасдасан рахIмат, амма нилъ баркала гьечIеллъун хутIула! Нилъее Гьес гьабурабщиналъухъ Гьесие рецц нилъеца цIакъ дагь гурони гьабуларо! {МЦ 76.1}

НекIо заманалда ГIизраилил халкъалъе, Жиндие хъулухъалъе гьел данделъун ругеб мехалъ, Аллагьас амру гьабуна: «Гьенир БетIергьанасда, нужер Аллагьасда цере чIун кванай, нужги нужер хъизаналги рохелгун аваданлъиялда рукIа, нужер квераз гьабурабщиналдасан ва БетIергьанасдасан, дур Аллагьасдасан щвараб баркаталдасан (Втор. 12:7). Аллагьасе реццалъе гьабулебщинаб гьабизе ккола, пашманго ва къваридго рукIинчIого, рохуца холаго, реццалъул кучIдул ахIулаго ва баркала кьолаго. {МЦ 76.2}

Нилъер Аллагь вуго тIалаб бугев, гурхIел бугев Эмен. Гьесие хъулухъ гьаби захIматаб, пашманаб ишлъун лъугьине бегьуларо. Аллагьасе хъулухъ гьаби ва Гьесул ишалъулъ гIахьаллъи, нилъее букIине кола унго-унгояб лазат-рахIатлъун ва рекIее рохеллъун. Аллагьасе бокьиларо жиндие гIоло хвасарлъиялъул кIудияб гьунар гьабурал Гьесул лъимал Гьесдехун русине, гьезие гIазаб кьолев, кьварарав Кверщелчиясдехун гIадин. Аллагь нилъер бищунго лъикIав Гьудул вуго. Жиндие хъулухъ гьабизе нилъ данделъараб мехалда, Гьесие бокьула нилъеда цадахъ вукIине, нилъеде баркат рещтIинабизе ва нилъер ракI-макI гьабизе, нилъер ракIал рокьиялъулги рохелалъулги цIезаризе. БетIергьанасе бокьун буго Жиндие хъулухъ гьаби Жиндир лъималазе бакIаб гьирлъун лъугьунгутIизе, гьелдасан гьезие лазат-рахIатги ракI гIодобе биччайги лъугьине. Гьесие бокьун буго Жиндие бетIер къулизе рачIараб бакIалда гьезул рекIелъе лъугьине Аллагьасул тIалабагъазалъулги рокьиялъулги хIакъалъулъ къиматал пикраби, гьеб хурхен-бухьеналдалъун гьезул щибаб къойилаб хIалтIулъ гьезие чIаголъиги къуватги щвезе ва Жиндир баркаталдалъун гьез сундулъго ракIбацIцIалъи ва ритIухълъи бихьизабизе. {МЦ 76.3}

Нилъ данделъизе ккола хъанчида гъоркь. Хъанчида вигъарав МасихI вукIине ккола нилъеца пикру гьабулелъул ва бицунелъул бетIерлъун, нилъер бищунго хIасратаб ва рохалилаб асаралъул иццлъун. Нилъеда ракIалда букIине ккола Аллагьасдасан нилъее щвараб щибаб баркат. Гьесул гIорхъи гьечIеб рокьи нилъеда бичIчIараб мехалда, нилъеца кинабго рохуца холаго кьола нилъее гIоло хъанчида магIал чIван щула гьарун рукIарал Гьесул кверазухъе. {МЦ 77.1}

БетIергьанасулгун гьединаб хурхен-бухьеналъул хIасилалда реццалъул куркьбазда зобалазде босун уна нилъер рухI. Зобалазул агьлуялъ борхалъуда ругел гьундузухъ Аллагьасе сужда гьабула ахIулаго кечIгун, бачунаго музыкагун, ва нилъер ракIазул

тIиналдасан нилъеца Гъесие баркала загьир гьабураб мехалда, нилъеца гьабулеб хъулухъ релълъине буго зобалазул боялъ гьабулелда. «Жиндир рецц къурбан гьабулес, Аллагьасул хIурмат гьабула» (Пс. 49:23). РачIа, Аллагьасда цере чIелин рекIелъ илагьияб рохелгун. Гьесие «суждаялда чIелин гьабулаго реццгун, ахIулаго кечIгун» (Ис. 51:3). {МЦ 77.2}

# Щакдарабазда щиб гьабилеб

Христианазул гIумруялъул нухде гьанжего-гьанже лъугьаразул гIемерисезе щакдарабаз гIазаб кьола. Библиялда гIемераб жо буго гьезда бичIчIизеги бичIчIизабизеги кIолареб, илбисалъин абуни, гьелдаса пайдаги босун, хIаракат бахъула Хириял ТIухьуздехун гьезул божи загIиплъизабизе. Гьединав чияс гьикъула: «БитIараб нухде дун кин кколев? ХIакълъунго Библия батани аллагьасул РагIи, кин дун хвасарлъулев дирго щакдарабаздаса ва дун хIинкъизавулел пикрабаздаса?», - ян. {МЦ 78.1}

Нилъер божи ритIухълъулел мухIканал далилал гIунги тIокI нилъее кьун гьечIелани, Аллагьас нилъеда киданиги гьарилароан Жинда божайилан. Гьев вукIиналъул, Гьесул хасияталъул, Гьесул РагIи хIакъаб букIиналъул аслу-кьучIлъун ккола нилъер гIакълу хадуб гIунтIуледухъ гьелъие нугIлъи гьабулелщинал жал. Гьел цIакъго гIемер руго. Амма Аллагьас нахъ чIваларо щакдаризе бегьиги. Нилъер божиялъул кьучIлъун лъугьине ккола далилал, гьелги рукIине кколаро цIакъго ва хасго цере рехун рихьулеллъун. Щакдарабазда хадур унезда кидаго батула гьезие гIила, амма унго-унголъун хIакъабщиналда божизе бокьарасда гIунги тIокI ратула жидер божиялъе аслу-кьучIлъун лъугьунел далилал. {МЦ 78.2}

Нилъер загIипаб гIакълуялда кIоларо ахир гьечIев Аллагьасул хасиятги ишалги тIубанго ричIчIизе. Бищун гIакълу хадуб гIунтIулев ва лъай бугев чиясецин гьеб Мукъадасаб ХIакъикъат хутIула кинго рагьизе кIолареб балъголъилъун. «Дуда кIолищ цIехрехаздалъун Аллагь ватизе? Дуда кIолищ Кинабщинабго Жинца ккун Бугевав тIубанго вичIчIизе. Гьев зобалаздасаги тIадегIан вуго - щиб гьабизе дуда кIолеб? Гьев жужахIалдасаги гъоркьегIан вуго - щиб лъазе дуда кIолеб?» (Иов 11:7, 8). {МЦ 78.3}

Павел чапарас ахIулеб буго: «Вай, Аллагьасул гIакъиллъиялъулги гIелмуялъулги кIкIалалъул гъварилъи! Гьесул хIукмуялда нахъгIунтIизе кIоларо! Гьесул нухазул балъголъи лъазе бажаруларо!» (Рим. 11:33). «Гьесда сверухъ накIкI ва бецIлъи, Гьесул тахалъул аслу ритIухълъи ва суд» (Пс. 96:2) абун бугониги, нилъедехун Гьесул тIалаб агъазалъул ва Гьес нилъее нухмалъиялъе босун бугеб ният-къасдалъул пикру гьабураб мехалда, нилъеда кIола гьес жиндир хIакъалъулъ рагьун бицинчIеб рокьиги цIцIобги бихьизе, гьеб кIиябго Гьесул гIорхъи гьечIеб къуваталда бухьараб букIинги лъазе. Гьесул ният-къасд нилъеда лъазе кIола, гьеб лъаялдалъун нилъее лъикIлъи кколеб даражаялда. ХутIарабщинаб нилъеца кьезе ккола Жиндир ракI нилъеде бугеб рокьиялъул цIурав, Къудратав Аллагьасда кодобе. {МЦ 78.4}

Аллагьасул РагIи, гьелъул Илагьияв Авторасул хасиятго гIадин балъгояблъун хутIун буго ва тIубанго гьеб бичIчIизе гIадамазда киданиги кIвезе гьечIо.

Дунялалде мунагь бакки, МасихI камиллъи, хваралъуса рахъинари, цIидасан рижи ва Библиялда бугеб гIемераб цогидабги жо ккола цIакъго кIудияб балъголъилъун, гьедин бугелъул, инсанасул гIакълуялда кIоларо гьеб бичIчIизеги бичIчIизабизеги. Нилъеда гьеб ахиралде щун бичIчIулеб гьечIин абураб гIилла гIоларо Аллагьасул РагIуда нилъ щакдараиялъе. ТIабигIаталдаги нилъ нахъаса къотIичIого дандчIвала ахиралде щвезегIан нилъеда ричIчIуларел, балъгоял жал. Нилъер гIумруялъул бищунго гIадатиял жалазулъгицин нилъеда рихьула нилъер гIакълу хадургъоларел балъголъаби. Киса-кирго нилъеда рихьула нилъеда бичIчIулареб даражаялъул хIикматал жал. Нилъ хIикмалъизе бегьилищ рухIияб гIумруялъулъги нилъеда ричIчIун рахъунарел, балъгоял жал ратараб мехалъ. Кинабго захIмалъи буго гIицIго инсанасул гIакълу загIипаб ва мукъсанаб букIиналъулъ. Хириял ТIухьдузда гIунги тIокI руго гьел Аллагьасдасан рачIарал рукIин чIезабулел далилал. Гьесул РагIиялда нилъ щакдаризе бегьилищ, Гьелъул тIолабго балъголъи нилъеда лъалеб гьечIилан абураб гIиллаялдалъун? {МЦ 79.1}

Петр чапарас абулеб буго ТIухьдузда «ругел цо ричIчIизе захIматал жал, лъавукъал ва цо хIал кколарел гIадамаз, жидедего гIасияб балагь бачIиналъе сабаблъун ккезе сверизарулел ругин», ай, гьанжесеб мацIалда абуни, магIна хисизабулеб бугин (2 Петр. 3:16). Библиялъ Аллагьасул хIакъалъулъ бицунеб букIарабани гIицIго нилъеда бичIчIизе кIолеб жо, нилъер мукъсанаб ва загIипаб гIакълу ахиралде щун хадубгIунтIулеб букIарабани Гьесул кIодолъиялдаги къудраталдаги, гьеб мехалда гьелъулъ букIинароан Аллагьасдасан бачIиналъул мугьру. Гьелъул кIодолъи-тIадегIанлъиялъги ва гьелъулъ ругел балъгоял жалазгиийин нилъелъ бижизабулеб ва щулалъизабулеб унгоунголъун гьеб хIакъаб Аллагьасул РагIи букIиналда божи. {МЦ 79.2}

Библиялъ хIакъабщинаб загьир гьабула гIадатиял рагIабаздалъун, гьелъ жаваб кьола инсанасул ракI жинде хIажалъаралъеги хIасратлъаралъеги, ва гьеб киналъго хIикмалъизарула ва хIайранлъизарула цIакъго гIакъилал гIадамалги. Гьеб тIехьалда бищунго хIалимаздаги лъавукъаздаги батула хвасарлъиялде нух. Кин бугониги, Библиялъул гIадатиял рагIабаз нилъеда бицуна цIакъго тIадегIанал, гъваридал ва чIахIиял хIакъикъатазул хIакъалъулъ. Гьел руго инсанасда ричIчIизе кIолареб даражаялда, гьединлъидал нилъеца гьел къабул гьаризе ккола Жинцаго Аллагьас загьир гьарурал рукIиналдалъун. Хвасар гьариялъул рахъалъ Аллагьасул план кутакалда якъинго бихьизабун буго, Аллагьасда цебе рекIекълъи-тавбуги, МасихIида божиги нилъ хвасарлъиялъе цого-цо нух букIин нилъеда бичIчIулеб хIалалъ. Гьединал хIакъикъиял жал нилъеда ричIчIизе кIолел ругониги, гьезулъ руго Илагьияб машгъурлъи-къудраталъул балъголъаби. Инсанасул гIакълуялдалъун гьезул цIех-рех гьабун бажаруларо ва гьебго заманалда кIвахI-свак тун гьеб хIакъикъат балагьизе лъугьарасулъ цIикIкIуна лъикIаб адаб ва божи. ТIухьдузул цIикIкIун цIех-рех гьабунагIан, цIикIкIун божула гьев, чIагояв Аллагьасул рагIаби гьел рукIиналда ва инсанасул гIакълу Аллагьас нилъее рагьулеб кIодолъиялъе мукIураблъун лъугьуна. {МЦ 79.3}

Библиялда бугеб тӀадегӀанаб ва хӀакъабщинаб тӀубанго бичӀчӀизе нилъехъа бажарунгутӀи лъанагӀан нилъ мукӀурлъула абадияб бичӀчӀизе нилъер загӀипаб гӀакълуялъул къуват гӀолареблъиялъе, кивго вугев Аллагьасул къасдал лъазе жиндир мукъсанаб лъаялда кӀолареблъиялъеги. {МЦ 80.1}

Щакдарулез ва божуларез Аллагьасул РагӀи ритӀухъ гьабуларо, гьелъул киналго балъголъаби лъазе кӀолел гьечӀилан. Амма Библиялда жал божулин абулелги киналго гуро гьединаб хӀинкъиялдаса хвасарлъулел. Чапарас хъвалеб буго: «Воре, вацал, лъицаниги рекӀелъе лъугьине биччаге квешлъиги божи гьечӀолъиги - чӀагояв Аллагьасдаса ратӀалъичӀого хутӀизе» (Евр. 3:12). ЛъикӀ букӀуна Библия лъазабиялъулъ тӀадчӀей гьабуни ва ТӀухьдузда бихьизабун бугеб хӀалалъ «Аллагьасул гъварилъуде» лъугьани (1 Кор 2:10). Гьебго заманалда «бахчун тараб БетӀергьан Аллагьасул буго», ва «рагьараб нилъер буго» (Втор. 29:29). {МЦ 80.2}

Илбисалъ хӀаракат бахъула цӀех-рехалъе инсанасул гӀакълу загӀиплъизабизе, ва чӀухӀиялъ гӀемерисеб мехалъ квал-квал гьабула Библиялъул хӀакъикъат лъазабиялъе. Гьединлъидал цо-цо гӀадамал гӀамал мекълъун лъугьуна ва жал къабихӀ гьаруралльун рикӀкӀуна гьез, ТӀухьдузда бугеб щибаб бакӀ рекӀее къабуллъуледухъ бичӀчӀизабизе жидехъа бажарулеб гьечӀеб мехалъ. Гьезда цӀакъго гӀодобегӀанаблъун бихьула хӀасратал рагӀаби ричӀчӀиялъе жидерго бажари гьечӀолъи. Гьезие бокьуларо хӀакъабщинаб жидее рагьизе Аллагьас бихьизабураб заман тӀаде щвезегӀан сабру гьабизе. Гьединал гӀадамазда ракӀалде ккола Хириял ТӀухьдул жалго лъикӀал лъугьун ричӀчӀизе гӀураб гӀакълу жидер бугилан, амма гьеб ишалъул хӀасил ккечӀеб мехалъ, гьез байбихьула гьеб тӀехьалъул къадруялдаса инкар гьабизе. БитӀараб буго, гӀемерал гӀелмаби ва батӀи-батӀияб дин, Библиялъул кьучӀалда рижарал рукӀин, амма хӀакъикъаталда гьел данде кколаро Аллагьасдасан рачӀарал ТӀухьдузул гӀаммаб магӀнаялде. ГӀемерисезулъ гьелъ бижизабула щакдариги бичӀчӀунгутӀиги. Амма гьеб Аллагьасул рагӀиялъул гӀайиб гуро, гьелъие гӀилла буго Библия - Хирияб ТӀехь инсанас мекъи сверизаби. {МЦ 80.3}

Аллагьас рижарал жалазда кӀолел рукӀаралани Аллагьги Гьесул ишалги тӀубанго ричӀчӀизе, цо пуланаб къоялъ гьел ричӀчӀун хадуб гьезул рес букӀинароан хӀакъабщиналъул гъварилъуде хадурккун раккизе, жидерго лъай гӀатӀид гьабизе, гӀакълуги рухӀги церетӀезаризе. Гьелдаса хадув Аллагь хутӀилароан ТӀадегӀанавлъун, ва инсан, лъаялъул ва хӀасилазул гӀорхъуде, рагӀалде щвараб мехалъ, тӀокӀалъ цеветӀелароан, тӀаде цӀикӀкӀинароан. Аллагьасе рецц гьабилин, гьеб гьедин гьечӀелъул. Гьев гӀорхъи-рахъ гьечӀевгӀан кӀудияв вуго. «Гьесулъ бахчун буго гӀакълу-лъаялъул балъгояб хазина» (Кол. 2:3), ва абадул абадиялъ гӀадамаз гьеб лъазабизе буго, бичӀчӀиларищали хал гьабизе буго ва киданиги лъугӀизе гьечӀо Гьесул гӀакъиллъиялъул, лъикӀлъиялъул ва къуваталъул хазина. {МЦ 81.1}

Аллагьасе бокьун буго Жиндир РагIул хIакъикъат Жиндирго халкъалъе гьанжего, гьаб гIумруялдаго рагьизе. Гьединаб бичIчIилъай щвеялъе буго цо нух: «Жиндалъун гьеб РагIи кьун букIараб Илагьияб РухIалдалъун», «РухI Аллагьас цIакъго бахчун таралда гъорлъеги лъугьуна» (1 Кор. 2:11, 10). Жинда нахърилълъаразе Хвасар гьарулес рагIи кьуна: «ХIакъабщинаб загьирлъулеб РухI рещтIиндал, гьелъ бицина нужее хIакъабщиналъул. Дихъ бугебаб, Дихъаги босун, нужее загьир гьабила гьелъ» (Ин. 16:13, 14). {МЦ 81.2}

Аллагьасе бокьун буго инсанас жиндирго гIакълу цебетIезабизе. Библия лъазабиялда гIадин, цоги сунданиги кIоларо нилъер гIакълу щулалъизабизе ва тIадегIанлъизабизе. Амма нилъеца кинго бегьуларо нилъерго гIакълу кIодо гьабизе, гьеб загIипаб ва мукъсанаб бугелъул. Аллагьасул РагIи, гьелъул бищунго гIадатияб хIакъикъат битIун бичIчIизе ккани, нилъелъ букIине ккола гьитIинаб лъимадул гIадинаб гIадатлъиги божиги, цIалдезе ва Илагьияб РухIалдасан кумек гьаризе хIадурлъиги. Аллагьасул къуватги гIакъиллъиги бичIчIиялъ, гьединго Гьесул кIодолъи бичIчIизе нилъер къуват гьечIолъиялъ нилъелъ сабру ва мукIурлъи цIикIкIинабизе ккола. Гьесул РагIи нилъеца нилъеего рагьизе ккола Илагьияб адаб-хIурматгун, Гьесда аскIор нилъго ругел гIадин. Библия цIализе байбихьилелде нилъеда лъазе ккола нилъеда тIаде къулун ТIадегIанаб Къадру букIин: нилъер рухIги гIакълуги къулизе ккола «Дун Вуго» абурасул тIадегIанлъиялда цебе. {МЦ 81.3}

ТIадехун бицухъе, Библиялда гIезегIен руго захIматалин ва ричIчIуларин кколел бакIал. ГIицIго Аллагьасда кIола гьел, ричIчIизе бокьарасе рагьизе. Ва Илагьияб РухIалъул нухмалъиялда гъоркь гьечIони, нилъ кидаго хутIизе руго Хирияб Калам мекъи сверизабиялъул ва хисизабиялъул хIинкъиялда гъоркь. Цо-цо гIадамаз Библия цIцIалула щибго пайда гьечIого, цо-цо мехалдайин абуни, жидеего зарал кколедухъ, - гьез гьеб байбихьулелъулха баркат щвайгийилан абичIого ва гьари-дугIа гьабичIого. Нилъер пикрабиги къисдалги Аллагьасде руссун гьечIони ва Гьесул амруялде дандекколел гьечIони, цIалулесе захIмат букIуна щакдарабаздаса ворчIизе. Гьединаб мехалда Библия цIалиялъ божунгутIи бижизабула. Инсанасул пикраби квешаб рухIалъул кверщаликье ккола, ва Библия цIалулев чи гьелъ къосинавула. ГIадамаз хIаракат бахъулеб гьечIони тIубанго Аллагьгун рагIи дандеккун вукIине, кигIанго лъай бугел гьел рукIаниги, гьезие ТIухьдузул магIна бичIчIиялъулъ мекъи ккеялъул хIинкъи буго, гьединлъидал хIинкъи буго гьез баян гьабуралда божиялъульги. ТIухьдузулъ дандекколарел бакIал ралагьулев чиясулъ букIунаро, рухIияб бихьи-кантIи. Жиндирго мекъалтекъал пикрабазулъ гьесда ратула хIакъикъаталда гIадатго ва бичIчIуледухъ бугелдагицин щакдариялъеги божунгутIиялъеги гIемерал гIиллаби. {МЦ 82.1}

КигIанго гьеб бахчизейин лъугьаниги, гIемерисеб мехалда щакдариялъеги божунгутIиялъеги аслияб гIиллалъун лъугьуна мунагьалде рокьи. Аллагьасул РагIиялъул насихIаталги гIорхъичIваялги къабул гьаруларо чIухIараб, мунагь бокьулеб рекIеца, ва ТIухьдузул тIалабазе мутIигIлъизе бокьичIел хIадурго

рукIуна гьелъул къадруялда щакдаризе. ХIакъабщинаб батизе ккани, нилъелъ букIине ккола ракI-ракIалъ гьеб лъазеги гьелъие мутIигIлъизеги гьира. Гьединаб хIалалда Библия лъазабизе байбихьулел гIадамазда гIемерал жал ратула гьеб Аллагьасул РагIи букIиналъе нугIлъи гьабулел. Гьезда кIола жинца хвасарлъиялде рачунеб гьелъул хIакъабщинаб бичIчIизе. {МЦ 82.2}

МасихIица абуна: «Аллагьасул амру тIубазабизе бокьарав чиясда лъала гьаб гIелму дицаго ургъун бахъарабищ яги Аллагьасдасан бачIарабищали» (Ин. 7:17) . Библиялда щакдариялъул ва нужедаго бичIчIулареб жоялдехун дагIба баялъул бакIалда, нужеца пикру буссинабе нуж гвангъизарун ругеб нуралде, ва нужее щвела жеги цIикIкIараб нур. МасихIил цIцIобалъул къуваталдалъун нужеца тIубазабила нужеда тIадкъарабщиналъул нужеда бичIчIарабаб жо, ва нужее насиблъила гьанже нуж щакдарулел ругебщинабги бичIчIизе ва тIубазабизе бажари. {МЦ 83.1}

ГIелму цIалараздаги ва бищунго гIадатияздаги - киназдаго бичIчIулеб цо далил буго - гьеб ккола жиндирго гIумруялъул нугIлъи. Аллагьас нилъеда абулеб буго Жиндир РагIи хIакъаб бугищали ва Жинца кьураб РагIуда божизе бегьулищали нужецаго хал гьабейилан. Гьес нужеде ахIулеб буго: «Халгьабуни бихьила БетIергьан кигIан лъикIав вугевали» (Пс. 33:9). Цогидазул рагIабазухъ гIенеккиларин, нилъецаго хал гьабилин ва божилин. Гьес рагIи кьолеб бугелъул: «Гьаре нужерго, гьарараб щвела», - ян (Ин.16:24). Хвасар Гьарулес кидаго хвезабичIо Жинца кьураб рагIи. Гьес кьураб рагIи тIубазе буго. Гьесда божаразул ракIбухIичIо. Нилъ МасихIиде гIагарлъулел ва Гьесул рокьиялдасан тIубанго лазат босулел ругеб мехалда, Гьев аскIов вукIиналъул нуралъ лъугIиразула нилъер щакдараби ва рухIияб бецIлъи. {МЦ 83.2}

Павел чапарас хъвалеб буго, Аллагьас нуж «бецIлъиялъул лагълъиялдаса» тархъан гьарунин ва «Жиндиего вокьулев Васасул парччахIлъиялде рачанин» (Кол.1:13). Хвалдаса чIаголъиялде вачIаравщинас «Аллагь хIакъав вукIин чIезабула» (Ин. 3:33). Гьес нугIлъи гьабун абула: «Дие кумек хIажат букIана, дида гьеб ГIисада жаниб батана. ТIадегIанас тIубазабуна тIолабго дие хIажатабщинаб ва дир рухIалъул ракъи-къеч буссинабуна. Гьанже дие Библия лъугьана ГIиса МасихIица загьир гьабураблъун. Нужеца гьикъулеб буго ГIисада дун щай божулевилан. Божула, Гьев вугелъул Аллагьасул, дун хвасар Гьавурав. Дун Библиялда щай божулев? Дида бичIчIана гьеб букIин дир рухIалде ахIи балев Аллагьасул гьаракь. Нилъелъго нилъеда ратула Библия хIакъаб букIин, МасихI Аллагьасул Вас вукIин тасдикъ гьабулел жал». {МЦ 83.3}

Петр чапарас жиндирго диналъул вацал ахIулел руго, «нилъер ТIадегIанав ва нилъ Хвасар гьарурав ГIиса МасихIги Гьесул цIцIобги лъазабун, камиллъизе». ЦIцIобалъулъ камиллъараб аллагьасул халкъалда якъинго ричIчIула Гьесул рагIаби ва ругьунлъула Гьесул Илагьияб хIакъабщиналъулъ цIияб нур ва цIияб берцинлъи щвезе. Гьедин букIана Килисаялъул тархалъул тIолалго гIасрабазда ва гьедин

букIина ахиралде щвезегIан. «РитIухълъаразул нух - гьеб буго гвангъараб бакъ, гьелъул канлъи цIикIкIунебго цIикIкIунеб букIуна къо къалъизегIан» (Притч. 4:18). {МЦ 83.4}

Божиялдалъун нилъеда кIола букIинеселъулъе раккизе ва, жиндасан канлъи БачIунесулгун чIагояб ва битIухъегояб хурхен бухьеналдалъун, нилъер гIакълуялъул бажариги рухIалъул къуватги цIияб къуваталдалъун цIикIкIине бугилан, Аллагьас кьураб рагIи бичIчIизе. Нилъ рохизе ккола Аллагьасул ишазулъ нилъеда бичIчIулеб букIинчIебщинаб доб мехалда нилъее якъинлъизе букIиналдаса, бичIчIизе захIматабщинабги доб мехалда баянлъизе букIиналдаса. Нилъер мукъсанаб гIакълуялдалъун нилъеда бичIчIулеб букIинчIелъулъги ва нилъер тIубалареб хьуллъун лъугьун букIаралъулъги доб мехалда нилъеда бихьила камилаб дандеккей. «Гьанже нилъеда бихьулеб буго басрияб матIуялъусан гIадин. Доб мехалда цебе лъун бихьила. Гьанже дида цо бутIа лъала. Доб мехалда тIубанго лъазе буго, Аллагьасда дун тIубанго лъан вугев гIадин» (1 Кор. 13:12). {МЦ 84.1}

# ТIадегIанасдаса рохел

Аллагьасул лъимал рукIине ккола МасихIил вакилзабилъун, гьезул гIумруялъ нугIлъи гьабизе ккола Гьесул лъикIлъиялъе ва гурхIелалъе. Инсул хIакъикъияб хасият МасихIица нилъее загьир гьабураб гIадин, нилъецаги МасихI загьир гьавизе ккола Гьесул хIеренаб рокьиялъул ва рахIмуялъул хIакъалъулъ щибниги лъаларезе. «Дуца Дун гIаламалъухъе витIарав гIадин, - ан абуна ГIисаца, - дица гьалги гIаламалъухъе ритIулел руго». «Дун гьазулъ вукIина, Мун Дилъги вукIина... гьелдалъун гIаламалда лъазе Дун Дуца витIун вукIаравлъи (Ин. 17:18, 23). Павел чапарасги гьадин хъвана ГIисал чапарзабазухъе: «Нужеца бихьизабулеб буго нуж рукIин МасихIил кагъат», «киналго гIадамазда лъалеб ва цIалулеб» (2 Кор. 3:3, 2). Жиндир лъималазул щивав чиясдалъун ГIисаца кагъат битIула гьаб гIаламалъухъе. Мун МасихIида нахъ вилълъарав чи ватани, Гьес дудалъун кагъат битIулеб буго дур хъизаналъухъе ва киналго дур мадугьалзабазухъе. Дулъ вугев ГIисае бокьун буго жеги Гьесулгун лъай-хъвай гьечIел гIадамазда гьоркьоса щивасул пикрабазулъе ва къасдазулъе лъугьине. Гьез Библия цIалулеб батичIого букIинеги бегьула яги рагIулеб батиларо гьелъул тIанчаз гьездехун хитIаб гьабулеб гьаракь. Гьезда бихьуларо Гьесул ишазулъ загьирлъараб Илагьияб рокьи. Амма мун МасихIил ритIухъав вакил ватани, дудасан гьезухъеги щвезе бегьула Гьесул гурхIелалъул рахъалъ дагьабниги бичIчIи ва гьезул къасд ккезе бегьула Гьев вокьизе ва Гьесие хъулухъ гьабизе. {МЦ 85.1}

Христианал вакилзабилъун гьарун руго зобалазде унеб нухда нуралъул канлъи гвангъизабизе. Гьез дунял гвангъизабизе ккола МасихIидасан бачIунеб нуралдалъун. Гьезул гIумруялъ ва гIамалалъ загьир гьавизе ккола МасихI ва Гьесул хъулухъ. {МЦ 85.2}

Унго-унголъун МасихIил рахъ ккураз Гьесие хъулухъ гьабула берцинго ва тIаде ракI цIаледухъ, хIакъикъаталда гьел жалгоги гьединал рукIуна. Жидер ракIал пашманлъиялъулги бечIалъиялъулги цIурал, зигардулел ва гIарзахъдулел рукIунел христианаз Аллагьасул ва христианазул гIумруялъул рахъалъ бижизабула мекъаб пикру. Гьез ракIалде ккезабула Аллагьасе жиндирго лъимал талихIаллъун рукIине бокьун гьечIин, ва гьелдалъун гьез гьересияб нугIлъи гьабула нилъер Зобалазул Инсул рахъалъ. {МЦ 85.3}

Илбис бохула Аллагьасул лъимал божи гьечIолъиялде ва чара къосиналде ккезаризе гьелъухъа бажарараб мехалъ. Гьеб белъанхъула нилъ Аллагьасда божулел гьечIолъиги ва нилъ хвасар гьаризе Гьесие бокьун букIиналда ва Гьесда гьеб кIолеблъиялда нилъ щакдарулел рукIинги бихьараб мехалъ. Гьеб цIакъго бохула Аллагьасул ХIукмуялъ нилъее зарал гьабулеб бугин нилъеда ракIалда ккараб мехалъ. ШайтIаналъ гьабизе нахъе жо толаро БетIергьан гурхIелги рахIмуги гьечIев вугилан чIезабиялъе. Гьелъ хIакъабщинаб мекъи свеpизабула ва Аллагьасул хIакъалъулъ гьереси ГIадамазул рекIелъе лъугьинабула. Нилъин абуни,

Илагьияб хIакъикъаталъул рахъалъ пикру гьабизе кколеб бакIалда, гIемерисеб мехалда цIикIкIун Машгъуллъула Аллагьасул рахъалъ шайтIаналъ рицунел гьерсазул хIакъалъулъ пикрабазде ва Гьесда божичIого, Гьесде гIарзал рахъун, Аллагь къабихI гьавула. ШайтIаналъ гьоркьоса къотIичIого хIаракат бахъула динияб гIумруялде чIегIераб рагIад рехизабизе. Гьелъие бокьун буго гьеб бакIаблъун ва захIматаблъун бихьизабизе. Ва христианас жиндирго гIумруялдалъун диналъул хIакъалъулъ гьединаб пикру тасдикъ гьабулеб бугони, гьес тушманалъе квербакъулеб буго. {МЦ 86.1}

ГIемерисел гIадамаз цIакъго цIикIкIун пикру гьабула жидерго гъалатIазул, гIунгутIабазул, щакдарабазул. Пашманлъиялъул ва къварилъиялъул цIун рукIуна гьезул ракIал. Дун Европаялда йикIараб заманалда, чара къосун, хьул къотIун йигей цо диналъул яцалъ дихъе кагъат бачIана жиндир ракIбатизабейин, рекIелъе аваданлъи лъугьинабейин. Гьелъул кагъат дихъе щвараб сордоялъго дида макьилъ бихьана дунго ахикь йигей гIадин. Гьеб ахил бетIергьан ватилин дида ракIалде ккарав чияс дун жиндаго цадахъ гьений киса-кийго тира-сверизе ячана. Гьениса ретIун тIугьдузул гьуинал махIаздаса дица лазат босулеб букIана. Гьебмехалъ дида цадахъ ячIунеей йикIарай гьей яцалъ дида бихьизабуна цеехун ине гьелъие квалквал гьабулеб букIараб зазхъарахъ. Гьелъ гIарз бахъулеб букIана, зигардулей йикIана. Ниж тира сверизе рачарав чиясда хадуй, ахикь ругел нухаздасан гуро гьей ячIунеей йикIарай. Гьей йилълъунеей йикIана заз-хъарахъалда гьоркьосан. «ГIайиб гурищ гьадинаб гьайбатаб ахикь заз-хъарахъ букIине», — ян абулеб букIана гьелъ пашманго. Цадахъ вукIарас гьелда абуна: «Гьеб заз-хъарахъ жибго те дуца. Гьелъ дур бохкверaлда хIунчила. Дуца ретIе розаби, лилиял, михIикIал». {МЦ 86.2}

Дур гIумруялъулъ рукIинчIелищ Илагьияб РухIалъул асаралда гъоркь дур ракI бохун кIетIолел аваданал, гвангъарал лахIзатал? Нахъвуссун дурго гIумру ракIалде щвезабулаго дуда гьениб батулеб гьечIебищха рекIее лъикIаб асар гьабулеб жо? Дур нухлул рагIалдасан, махI гьуинал тIугьдул гIадин рукIинчIелищ Аллагьас къотIи гьабурал жал. Дуе бокьун гьечIебищха гьезул гьайбатлъиялъ ва гьуинал махIаз дурго рекIелъе гьарзаго рохел лъугьинабизе. {МЦ 87.1}

Заз-хъарахъалъ дуда гIицIго ругънал лъола, унтизабула. Нужеца кидаго зазал тIолел ругони ва цогидазеги кьолел ругони, Аллагьасул рахIматалдаса нужго махIрум гьарулел рукIин гуребги, нужеца цогидазеги квалквал гьабула гIумруялъул нухдасан ине. {МЦ 87.2}

ЦIодорлъи гуребха, нахъехун таралъуб букIараб квешабщинабги, нужерго мунагьалги, щакдарабиги ракIалда щвезари, кидаго гьезул бицин, гьезухъ магIу гьаби, - гьедин нилъ тIубанго пашманлъиялъул къорикье ккола. Пашманго вугев чи бецIлъукье ккола, гьес квекIен гьабула Илагьияб нур жиндирго рекIелъе лъугьине ва цогидал униеб нухдеги рагIад рехизабула. {МЦ 87.3}

Аллагьасе баркала кье, рецц гьабе Гьес нужее сайгъат гьарулал гьайбатал лахIзатазухъ. РачIа нилъерго ракIалдещвеязулъ цоцазда рихьинарилин Гьесул

рокьиялъул далилаллъун лъугьарал жал, цинги нилъ кидаго гьезухъ балагьун рукIина. Нилъеца пикру гьабила Аллагьасул Васасул хIакъалъулъ. Гьес Жиндирго Инсул тах рехун тана ва Жиндирго Илагьияб зат бахчана инсанасул сипаталъулъ, гьелдалъун инсан илбисалдаса хвасар гьавизе; пикру гьабила нилъее гIоло Гьес босараб ва зобал рагьараб бергьенлъиялъул хIакъалъулъ. Гьес гьеб гьабуна божиялдалъун Аллагьасул къудраталъул ПарчахIлъи бихьизе гIадамазе рес ккезелъун. РакIалде щвезабилин мунагьалъулъ къан букIараб инсаният. Мунагьалъ паналъиялъул гъваридаб кIкIалахъе рехун букIараб гьеб хвасарлъана ва Абадияв Аллагьасулгун рагIи дандеккана. РакIалде щвезабилин РецIел кьун нилъ ричун Росарасда божиялдалъун, илагьияб хIалбихи хIехьезе кIваралщинал МасихIил ритIухълъиялъул кверщаликье ккей ва Гьесул тахида цере хIикмалъизари. Гьеле гьединал хIакъал ишазда тIад ургъизе ахIулел руго нилъ Аллагьас. {МЦ 87.4}

Аллагьасул рокьиялда щакдариялдалъун ва Гьес кьураб рагIуда божичIолъиялдалъун нилъеца Гьев хIакъир гьавула ва Илагьияб РухI къварид гьабула. Кинаб хIалдай эбелалъул букIинаан, гьелъ жидее лъикIлъи гьабулеб гьечIилан гьелъул лъимал гьоркьоса къотIичIого гIарзахъдулел ругони, гьейги кидаго йигони тIолабго къуват кьун гьезул тIалаб-агъазалда ва гьелъ гIумруги гIицIго гьезул талихIалъе гIоло гьабулеб бугони? Гьелъие жал рокьулел гьечIилан гьел щакдариялъ гьелъул ракI лъукъилаан. Бокьарав чиясда кинаб хIал букIинеб, гьесул лъималазул гьесдехун гьединаб гьоркьоблъи бугони? Нилъер хIакъалъулъ Зобалазулав Инсул кинаб пикру букIинеб, Гьесул рокьиялда нилъ божулел гьечIони? Гьеб рокьиялдалъун гурищ Гьес Жиндир цохIо вугев Вас хвезе витIарав, нилъее абадияб гIумру щвезе гIоло. Чапарас хъвалеб буго: «Аллагь Жиндирго Васасдагицин барахщинчIо, нилъее гIоло хвезе витIана Гьев. Гьединаб сайгъат гьабурав Аллагьас хутIарабщинабги кьеларищ нилъее» (Рим. 8:32). Гьедин бугониги, гIемерисез кIалалъ абичIониги, жиндирго ишаздалъунгIаги абула: «БетIергьанас гьеб дие гьабураб гуро. Гьесие цогидал рокьулел ратила, амма дун вокьуларо», - ян. {МЦ 87.5}

Гьеле гьеб киналъго нилъер рухIалъе гIицIго зарал гьабула. Щайгурелъул щаклъиялъул щибаб рагIудалъун нилъ шайтIаналъул хIалбихьиялъул асаралде гьоркье ккола ва гьелъ нилъ рачуна божи дагьлъиялде, гьелдалъун малаикзаби къварид гьарула ва гьел нилъедаса рикIкIалъизе ккола. ШайтIаналъ нужер хIалбихьулеб мехалъ щакдарун яги пашманлъун цониги рагIи абуге. Гьелъ гIинзукье щурулелъухъ мун гIенеккани, дур ракI божунгутIиялъулги ццин бахъиналъулги цIола. Гьелъул хIакъалъулъ цогидазда бицунаго, дуца дуего зарал гьабулеб букIин гуребги, дуда сверухъ ругел гIадамазул пикруялъулъе дуца рехулеб щакдариялъул хьон тIаде баккула, тIегьала, тIад бижула гьезул гIумру кьогIлъизабулеб пихъ. Дур рагIабаз гьезие гьабизе бегьула гьезда хисизабизе кIолареб ва гьел паналъизарулеб асар. Мун гьеб илбисалъул хIалбихьиялъе къуркьичIого ва гьелъ гъураб гьиналъ кквечIого хутIизе бегьула, амма дур асаралда гьоркье ккун, рекIелъе щаклъи лъугьарал цогидазда кIвечIого букIине

бегьула дуца гьесулъ бекьараб шакдариялдаса ворчIизе. Гьединлъидал кIвар цикIкIараб жо буго гIицIго рухIияб къуватги гIумруги кьолелъул хIакъалъулъ бицине! {МЦ 88.1}

Малаикзабаз берцинго гIинтIамула жидер Зобалазулав МугIалимасул хIакъалъулъ нугIлъи гьабун, дуца гIаламалъе бицунелъухъ. РачIа нилъеца гIемер бицинин Жив, «Инсуда цеве нилъер рахъ ккун кIалъазе, кидаго чIаго вугесул» хIакъалъулъ. Дуца гьудуласе салам кьолаго, биччанте дур ракIги кIалги Аллагьасе гьабулеб реццалъул цIун букIине. Гьелъ гьесул пикру ГIисаде буссинабила. {МЦ 88.2}

Киналго гIадамазда дандчIвала хIехьезе захIматал хIалбихьиялги къварилъабиги, къезаризе захIматал щакдарабиги. Нужер захIмалъи-къварилъи гIадатиял гIадамазул ракIазулъе лъугьинаруге, нужеца гьеб рехсе Аллагьасе гьабулеб гьаридугIаялъулъ. Нужеца нужго ругьун гьаре щаклъиялъул яги ракIбечIаялъул хIакъалъулъ цониги рагIи киданиги кIалдиса къватIибе биччангутIизе. Хьулазул, ракIбатизабиялъул цIурал нужер рагIабазда кIола цогидазул гIумру гвангъизабиялъе ва гьезул къуват цIикIкIинабиялъе гIемераб жо гьабизе. {МЦ 89.1}

ГIемерисел загIипал рухIал рукIуна щакдарабазул бакIаб гьирги баччун. Гьел хIадур рукIунин ккола жидерго напсалде ва квешазул (шайтIабазул) къуваталде данде къеркьезе жидеда кIоларилан мукIурлъизе. Жидерго захIматаб къеркьеялъулъ бергьиналда ракIчIеялдаса махIрум гьаруге гьединал гIадамал. Хьул лъеялъул рагIабаздалъун ракIбатизабе гьезул. Ва гьеб мехалда МасихIил нуралъ гвангъила нужер гIумру. «Нилъеда гьоркьов цониги чи гьечIо цохIо жиндиего гIоло гIумру гьабулев» (Рим. 14:7). Нилъеца гIадамазул гIумруялъе гьабулеб асар нилъеда гIемерисеб мехалъ лъазецин лъаларо. Нилъеда кIола цогидазул ракIбатизабизе, гьел къвакIизаризе, яги, гьелъул гIаксалда, гьел ракIбуссиналде ккезаризе ва МасихIидасаги хIакъабщиналдасаги рикIкIалъизаризе. {МЦ 89.2}

ГIемерисел гIадамазул рекIелъ буго МасихIил гIамалхасияталъулги гIумруялъулги хIакъалъулъ мекъаб пикру. Гьезда ракIалде ккола МасихIида лъалеб букIинчIин рекIел хинлъиги гIумруялъул аваданлъиги, Гьев хъачIав, кьвараравав ва пашманав вукIанин. Ва гьединлъидал гIемерисеб мехалда цо-цо гIадамазул христианияб гIумру букIуна бецIаб, пашманаб ва рохел-аваданлъи гьечIеблъун. {МЦ 89.3}

ГIемер абула ГIиса гIодулаанин, Гьев киданиги гьимулев вукIаравищали лъаларин. Нилъ Хвасар гьарурав хIакъикъаталдаги вукIана «унтул асар лъарав, къварилъи къулчIарав Бихьинчи». Гьес Жиндирго рекIелъе биччалаан гIадамазул кинабго къварилъи-захIмалъи. Амма Гьесул гIумру гьаб дунялалъул лазаталдаса инкар гьабиялъул цIураб ва захIмалъабазги тIалабазги бакIлъизабураб букIаниги, Гьесул рухIги ракIги гIодобчIвараб букIинчIо. Гьесул гьурмада загьирлъулароан пашманлъиялъул яги разилъунгутIиялъул асар, гьелъ кидаго нугIлъи гьабулаан жанисеб сабруялъе, гIодобиччаялъе. ГIисал ракI лъугьун букIана гIумруялъул

иццлъун, ва киве гьев вачIаниги, Гьес цадахъ бачIунаан рахIатги рекъелги, рохелги талихIги. {МЦ 89.4}

Хвасар гьарулев вукIана кидаго сундего кIвар кьолевлъун ва цебе лъураб мурадалде щвезе хIаракат бахъулевлъун, гьев киданиги вукIинчIо гIунцаравлъун ва ццидалавлъун. Гьесда нахърилълъаразул гIумруялъул хаслъилъун лъугьина мурадалде щвеялъе таваккал ва гьелъулъ цIикIкIина жавабчилъиялъул гъваридаб асар. Пикру тIадагьлъи лъугIун ина, гьалагаб аваданлъи ва хъачIаб махсаро букIинаро. ГIиса МасихIил диналъ босун бачIина гIодобиччан чвахулеб кIудияб гIоралда релълъараб рекъел. Гьелъ рохалил канлъи свинабуларо, аваданаб асар къинабуларо ва талихIаб гьимиялъ гвангъизабураб гьурмаде рагIад рехизабуларо. Гьесие хъулухъ гьабизелъун гуро МасихI вачIун вукIарав, Гьес цогидазе хъулухъ гьабизейин; ва нилъер рекIелъ лъугьун бугони хIакълъунго Гьесде рокьи, нилъеца Гьесдаса мисал босизе ккола. {МЦ 90.1}

Цогидазул квешал яги мекъал ишазул пикрабазда нилъ кидаго хутIулел ругони, МасихIие нилъ рокьулел гIадин, нилъее гьел рокьизе рес гьечIо. Амма нилъер пикраби кидаго машгъуллъун ругони МасихIил нилъедехун бугеб рокьиялдеги рахIмуялдеги, нилъедаги кIола нилъеда сверухъ ругездехун гьебго хIалалда рукIине.Нилъ цоцазе рокьизе ккола ва нилъеца цоцазул хIурмат гьабизе ккола, нилъеда рихьичIого хутIуларел гъалатIазухъги гIунгутIабазухъги балагьичIого. Чара гьечIого хIажат буго нилъелъго хIеренлъи, гIадатлъи ва гIаданлъи цIикIкIинабизе, цогидазул гъалатIаздехун сабруяб ва тIаса лъугьиналъулаб балагьи гьабиялде ругьунлъизе. Гьелъ нилъелъ лъугIизабула нилъго рокьиялъул хIакъираб асар ва нилъ ракI лъикIаллъунги лъикIлъи гьабизе бокьулелллъунги лъугьинарула. {МЦ 90.2}

Туркаби ахIулес хъвалеб буго: «БетIергьанасде таваккал тIаме ва лъикIлъи гьабе; ракьалда гIумру гьабе ва хIакъабщинаб цIуне», - ян. (Пс. 36:3). «БетIергьанасде таваккал тIаме!». Щибаб цIияб къоялъ росун рачIуна къварилъабиги, захIмалъабиги, тIалабалги. ДандчIвараб мехалда нилъеца цоцазда цIикIкIун бицуна нилъерго захIмалъабазулги къварилъабазулги. ГIададисеб хIинкъиялъ кигIан цIикIкIараб гIазабха нужее кьолеб бугеб! Чан хIинкъиги рахIатхвейги лъугьунеб бугеб нужер гIумруялъулъе. Гьеб кинабго нужее бакIлъула, Хвасар Гьарулевги Гьесул гурхIелги тIубанго кIочон толедухъ. Нилъеда сверухъ ругел гIадамазда ракIалде ккезе бегьула нилъеда гурхIулев, нилъ рокьулев, нилъеца гьарараралъухъ гIенеккизе хIадурав ва нилъее захIматаб заманалда кумекги гьабулев Хвасар Гьарулев нилъер гьечIилан. {МЦ 90.3}

Цо-цо гIадамаз гIумру гьабулеб буго кидагосеб хIинкъиялъул ва гIададисеб рихха-хочиялъул къорикье ккун. Гьебго заманалда щибаб къоялъ нилъеда рихьула Аллагьасул рокьиялъул бицунел хIакъал далилал, нилъеца пайда босула Гьесул Илагьияталдалъун нилъее щолел гьарзаял сайгъатаздаса, аммма нилъеца пикру гьабуларо Гьесдасан бугеб баркаталъул. Нилъер пикраби кидаго машгъуллъун

рукIуна гIумруялъулъ дандчIвалел батIи-батIиял квекIеназде. Нилъеда ракIалде ккола букIинеселда гьел квекIеназул нилъее хIинкъи бугин. Яги пикру буссинабула хIакълъунго бугеб, амма кIудияб захIмалъи-гIакъуба жиндилъ гьечIеб квекIеналде. Гьелъ бецлъизарула, ва нилъеда бихьуларо нилъеца БетIергьанасе баркала кьезе мустахIикълъараб гIемераб жо. Нилъеда дандчIвалел захIмалъабаз нилъ гIагарлъизаруларо нилъее кумекалъул Иццлъун жив гурони гьечIев Аллагьасде, гьелъул гIаксалда, Гьесдаса рикIкIалъула, рахIатхвейги зигардиги цIикIкIуна. {МЦ 90.4}

Гьедин божичIого чIезе бегьулелищ нилъ? Щай нилъ гьадигIан цIакъ баркала гьечIеллъун ва божулареллъун лъугьун ругел? ГIиса ккола нилъер бищунго лъикIав Гьудул, тIолалго зобалазе бокьун буго нилъее саламатлъиги лъикIлъиги! Щибаб къойилаб гIумруялъулъ гIададисеб рихха-хочиялъги хIинкъабазги нилъер гIакълуялъе асар гьабизе ва ракI供 сородизабизе биччаларин! Гьедин гьабичIони, нилъее кидаго рукIуна пашманлъиялъеги рахIат хвеялъеги гIиллаби. Гьеб нилъее лъугьуна гIицIго хIинкъилъун ва бакIаб гьирлъун, ва хIалбихьиял хIехьезеги кинго кумек гьабуларо. {МЦ 91.1}

Ратизе бегьула нужер яшав-магIишаталъул ишазулъ битIккунгутIи, яги батизе бегьула цо жо камиялъул хIинкъи, ва букIинесебги бихьулеб батила бецIаблъун ва пайда гьечIеблъун. Нуж ракIбуссун лъугьунге! Нужер киналго ишал Аллагьасде тIамун те ва гIодориччан, ракIрегьун, аваданго рукIа! Аллагьасдасан гьаре нужер ишал цIодораб нухда тIамиялъе ва камиги балагьги ккечIого рорчIиялъе гIураб гIакълу! Нужеда барабщинаб гьабе хIалтIул лъикIал хIасилал ккеялъе. ГIисаца рагIи кьун буго Жинца кумек гьабилин, нилъецаги нилъерго рахъалдасан хIаракат бахъизе ккола. Нужер къудратав Кумекчиясда нуж тIубанго божун ругони, ва нужеда кIварабщинабги гьабуни - букIинеселъул ургъел тIаса уна! {МЦ 91.2}

Аллагьасул амру Жиндир лъималазе захIмалъи букIинабиялъулъ гуро бугеб. Амма нилъер БетIергьанас нилъ гуккулел гьечIо. Гьес нилъеда абулеб гьечIо: «Мун хIинкъуге! Дур нухда хIинкъизе ккарал жал гьечIо», - ян. Гьесда лъалелъулха хIинкъизе ккарал жалги хIалбихьиялги рукIин. БитIахъе абулеб буго Гьес нилъеда гьелъул хIакъалъулъ. Аллагьас Жинцаго гуро Жиндирго халкъ мунагьалъул ва квешлъиялъул дунялалдаса нахъе рачунел. Гьес нилъеда бихьизабула хIинкъи гьечIеб бакIалде нух. ГIисаца гьарана Жиндирго чапарзабазул рахъалъ: «Гьаб гIаламалда гьоркьоса гьал нахъе рачейилан гуро гьарулеб бугеб, гьанир гьал илбисалдаса цIунеян гьарулеб буго Дица» (Ин. 17:15). «Гьаб дунялалда нужее гIазаб-гIакъуба букIина. Амма нуж къвакIун чIа. Дун гьаб дунялалдаса бергьана», - ян (Ин. 16:33) абуна Гьес муридазда. {МЦ 91.3}

МагIарда гьабураб вагIзаялда МасихIица Жиндирго чапарзабазе кьолеб буго чара гьечIого Аллагьасда божизе ккеялъул дарс. Гьел насихIатал гьарун руго Аллагьасул лъималазул киналго заманабазда ракIбатизабиялъе. Гьезулъ жакъаги гьарзаго руго нилъее дарсалги ракIбатизабиги. «Зобалазул хIанчIазухъ ралагье

нуж, - ан абулеб буго Жинда хадур рачIаразда ГIисаца. Гьез я бекьуларо, я лъилъуларо, я царгъахъе баларо. Зобалазда вугев нужер Инсуца хьихьун руго гьел». Хвасар гьарулес цинги гьезда гьикъулеб буго: «Гьездаса гIемерго хириял гьечIищ нуж?», - ан (Мф. 6:26). КIудияв Аллагьас тIалаб гьабула гIадамазулги хIайваназулги, Жиндирго квер щвезабула Жинца бижанщиналде ва гьезие хIажатабщинабги кьола. Зобалазул хIанчIигицин тун гьечIо гьес кIвар гьечIого. Гьес квен гьезул гозоялда жаниб лъоларо, амма гьезие чара гьечIого хIажалъулебщинаб жо цебеккунго бихьизабун буго. Гьез рищизе ккола, Гьес гьезие ракьалде щварал мугьал. Гьез хIадур гьабизе ккола жидерго гIисинал бусаби гьаризе ва жидерго тIанчIи хьихьизе хIажалъулел жал. Аваданал кучIдулги ахIулаго гьабула гьез гьеб хIалтIи, щайгурелъул «Зобалазда вугев нужер Аллагьас гьел хьихьулел ругелъул». «Нуж гьездаса гIемерго хириял гьечIищ?». Пикру гьабизе лъалел ва гIакълу-лъаялдалъун Аллагьасе бетIер къулулел нуж гIемерго къиматал гьечIищ? Жиндирго сипаталда ва Жиндаго релълъун нилъ Рижарас ва ЦIунулес кьеларищ нилъее хIажалъулебщинаб жо, нилъ гьесде таваккал тIамун чIани? {МЦ 92.1}

МасихIица Жиндирго чапарзабазул кIвар буссинабуна кисакирго гьарзаго рижун ругел тIугьдузде, инсанасде бугеб Жиндирго рокьиялъул гIаламатлъун, Зобалазулав Инсуца гьезие кьун бугеб берцинлъиялде. Гьес абуна: «ТIугьдузухъ ралагье нуж кин гьел рижун ругелали», - ян. ЧIагоял тIугьдузул гIадатияб гьайбатлъи гIемерго цIикIкIараб буго Сулейман аварагас ретIунеб букIараб ратIлилалдаса. Инсанасул устарлъиялъулаб гьунаралдалъун гьабураб ратIлил берцинлъи кинго дандеккун бажаруларо Аллагьас рижарал тIугьдузул тIабигIияб берцинлъиялда. ГIисаца гьикъулеб буго: «Ле, божи дагьаб уммат! Жакъа гIалахалда бугони, метер цIадабе рехулеб тIегь-хералдагицин Аллагьас гьединаб берцинаб ретIел ретIунеб бугеб мехалъ, кигIан берцинабдай нужер букIинеб» (Мф. 6:28; 30). ЦохIо къоялъ речIалел тIугьдул Аллагьас, Зобалазулав Художникас, кигIан хIеренал ва батIи-батIиял кьераздалъун берцинлъизарун ругел? Гьезул гьабулелдаса гIемерго цIикIкIун тIалаб гьабиларищ гьес Жиндир сипаталдалъун рижаразул? МасихIил гьел рагIабаз гIайиб чIвалеб буго божи дагьаб рекIел рахIат хвеялдаги, хIайранлъун хутIиялдаги, щакдариялдаги. {МЦ 92.2}

БетIергьанасе бокьун буго Жиндирго васалги ясалги талихIаллъун ва мутIигIаллъун рихьизе. ГIисаца абулеб буго: «Дирго рекъел кьолеб буго Дица нужее, дунялалъ кьолеб бугеб гIадин гуребха Дица нужее гьеб кьолеб бугеб! РакI къварилъун рукIунге ва хIинкъуге нуж!» «Дица гьеб бицана нужеда, Дилъ бугеб рохел кидаго нужераблъун хутIизе ва нужер рохел киданиги тIаса камунгутIизе» (Ин. 14:27; 15:11). {МЦ 93.1}

ТIадаб налъиги тIубазабичIого, жиндирго хайиралъе гIоло инсанас жиндиего балагьулеб талихI халат хутIуларо ва хехго щущан уна. Гьеб хехго тIаса уна, гьеб балагьизе хIаракат бахъарав чиги хутIула янгъизго ва пашманго. Аллагьасе хъулухъ гьабиялъ босун бачIуна рохелги разилъиги. Христианав вукIине бегьуларо

кин-щиб гьабилебали лъаларого. Гьев асир гьавизе бегьуларо пайда гьечIеб пашманлъиялъ ва ракIбуссиналъ. Гьаб гIумруялда нилъее лазат-рахIат щолеб гьечIониги, нилъ рохун рукIине ккола бачIунеб гIумруялъухъ балагьун чIун. {МЦ 93.2}

Гьанжего гьаниб, гьаб дунялда, христианав вохула МасихIилгун гьоркьоблъиялдаса, Гьесул рокьиялъул нуралдасан лазат босизе щвеялдаса, кидаго гьев аскIов вукIиналдалъун рекIее хIалхьи гьабизе рес ккеялдаса. Нилъер щибаб галиялдалъун нилъее рес ккола ГIисаде гIагарлъизе, Гьесул рокьи бичIчIиялъе цIикIкIараб лъай щвезе, машгьураб ва рахIатаб ВатIаналде гIагарлъизеги. Гьединлъидал нилъ хьул къотIун рукIинарин, кидагоялдаса цIикIкIун щулалъизабилин нилъерго ракIчIей. «Гьаб бакIалда щвезегIан нилъее БетIергьанас кумек гьабуна» ва ахиралде щвезегIанги гьабила (1 Цар. 7:12). Нахъруссун ралагьилин нилъеца нахъехун таралъухъ, дол нилъеда ракIалдаса унарел соназухъ: доб мехалда якъинго бихьана Аллагьасул кумек ва тушманасул кверщелалалдаса нилъ рорчIизарураб куц. РакIалдаса ине теларин тIолабго тIалабагъазги, нилъее щвараб рахIмат-цIцIобги: Гьес нилъер беразул магIу бакъвазабуна, нилъер унти Гьес тIаса инабуна, нилъер рахIатхвейги хIинкъиги Гьес щущазабуна, нилъер тIалабалги Гьес тIуразаруна, баркаталъул цIадги гьес нилъеде базабуна. Гьединаб къагIидаялъ нилъеца къуват цIикIкIинабила нилъер къварилъизахIмалъиялъул нухлул хутIараб бутIаялдасан церехун ине. {МЦ 93.3}

Хадубккунисеб нилъер къеркьеялъулъ дандчIвазе ругел захIмалъабазул пикру гьабичIого чIезе бегьуларо нилъ. Нахъехун хутIаралъухъ нахъруссун ралагьун, хадуб букIине бугелъулги пикру гьабун, нилъеда абизе кIола: «Гьаб бакIалде щвезегIан БетIергьанас нилъее кумек гьабуна... Дур къоялго гIадин цIикIкIине буго дур бечелъиги» (Втор. 33:25). ХIехьезе нилъер къуват гIолареб хIалбихьи Аллагьас нилъеде рещтIинабуларо. Гьединлъидал щивав чияс жиндирго хIалтIи гьабила, хIалбихьи кинаб бугониги, гьеб хIехьезе гIураб къуват нилъер букIиналда божун. {МЦ 94.1}

Аллагьасул лъималазе кватичIого рагьизе руго зобалазул каваби. ПарччахIасул кIалдисан рачIунел гьадинал баркаталъул рагIаби гьезда рагIизе руго рецц-бакъалъул бищунго хIасратаб бакъан гьадин: «Ле, Дир Инсул баркат лъурал гIадамал, дунял бижаралдаса нахъего нужее къачIан букIараб ПарччахIлъи босизе рачIа» (Мф. 25:34). {МЦ 94.2}

РацIцIалъун ритIухълъарал, гьеб мехалда рохун къабул гьаризе руго ГIисаца гьезие хIадурарал кIалгIабазухъ. Мунагьазул цIураб ракьалда гьезда аскIор рукIараздаса гIемерго батIиял рукIина цIидасан гьезда цадахъ яшав гьабун ругел гIадамал. Гьениб букIунаро квешлъи, намус гьечIолъи, гукки, Аллагь тун цогидал жалазе лагълъи гьаби. Хвасар гьаруразхабар бицине буго илбис къезабурал ва Илагьияб къуваталдалъун гIамалхасият камиллъарал гIадамазулгун. Гьанже щибаб нухалъ гьезие кьолеб бугеб мунагьалде гьетIи, щибаб камиллъи гьечIолъи тIаса

ине буго МасихIил биялдалъун. Гъезие кьезе буго бакъул канлъиялдасаги цIикIкIараб Гъесул къудраталъул нур. Гъезулъ гвангъизе буго тIасан бихьулеб гъоркь къинабулеб, жанисеб берцинлъи ва МасихIил хасияталъул камиллъи. Мунагь гьечIел жал (малаикзаби) гIадин, гьелги чIезе руго Аллагьасул кIудияб тахалда цере, малаикзабазул кIодолъиги тIокIлъиги тIаса бикьун жидеего босун. {МЦ 94.3}

Жиндир букIине бугеб машгьураб наслуялъухъ балагьун, «инсанас кинаб рецIел кьезе бугеб жиндирго рухIалъухъ?» Гьев мискIинав вукIине бегьула, амма гьесул жанисеб бечелъи ва къадру гьаб дунялалъ киданиги кьезе гьечIо гьесие. Мунагьалдаса хвасарлъараб ва бацIцIалъараб, жиндир киналго лъикIал къуватал Аллагьасе хъулухъ гьабиялъе кьураб рухI зобалазда букIуна жиндир багьа чIезабун хIалкIоларебгIан хирияб, къиматаб. Аллагьасда цадахъ тIолалго зобал ва хирияв малаикзаби рохула, рецIел кьун, мунагьалдаса бацIцIалъараб щибаб рухIалдаса. Гьеб рохел загьир гьабула цIакъго кIудияб рохел жиделъ бессарал хирияв назмабиги ахIун. {МЦ 94.4}

ТIехьалда руго
ЦIалдолесде хитIаб
Мунагьчиясе Хвасар Гьарулев хIажалъула
КантIи
ГIайибалъе мукIурлъи
Назру гьави
Божи ва къабул гьави
Нилъ МасихIиллъун ругищ?
МасихIидалъун тIаде цIикIкIин, кIудиял гIей
Нилъер гIумру ва ишал
Аллагь лъай
Гьари-дугIаялъул тIокIлъи
Щакдарабазда щиб гьабилеб {МЦ 95.1}